


SML
PR9390.9
M88
M94
1988

A waNEHANDA

SOLOMON MUTSWAIRO

YALE UNIVERSITY
LIBRARY

R4165421

# *Mweya waNehanda*

Solomon M. Mutswairo

**THE COLLEGE PRESS (PVT) LTD**
P.O. Box 3041
Harare,
Zimbabwe

©S.M. Mutswairo

First Published 1988
Reprinted 1990

Printed by
MODERN PRESS [PVT] LTD
Gweru

ISBN 0 86925 820 6

No part of this publication may be reproduced, stored in a retrieval system, or transmitted in any form or by any means, electronic, mechanical, photocopying, recording or otherwise, without the prior permission in writing from the publisher.

# *Chitsauko 1*

VaBiri vakauya kumba kwomuzukuru wavo, VaZamuguru, mwana wehanzvadzi yavo, VaNyakotyo, vachitofaira kwazvo kufamba vakabata muchiuno, muviri wakarerekedzwa mberi. Vakanga vasisagone kundigaira sechimhandara. Zera rakanga rasiya. Iro vhudzi rakanga rachena kuti chuchu. Vaifamba vachigusvaidza musoro serutsanga rwuri kuvhungaidzwa nemvura yorukova rwakazara.

Vakapinda mumba momuzukuru wavo, ndokusvikoti, 'Nhai amai vevana! Ko, zvandiri kunzwa norunyerekupe, ichokwadi here?'

VaZamuguru vakamboti zi-i, mushure ndokuzoti, 'Zviri zveiko, nhai vatete?'

'Yowe, pamwe makuhwa kani? Ko, zvamunenge muri kuchema wani?'' vakabvunza VaBiri, chiso chichiratidza kukahadzika.

'Taurai zvenyu zvamanzwa, vatete,' rakadaro izwi rizere misodzi.

'Maungira anoti, vana vadzamika kurukova uko kwamunonzi manga maenda!'

'Ndizvo zvakaitika, vatete,' VaZamuguru vakabvumira, ndokudonhedza misodzi.

'Yuwi! yuwi! yuwi! Zvambouya seiko, nhai muzukuru, mwana wehanzvadzi? Vana vandakatambira mwedzi mishomanana iyi yapfuura ndivo vanganzi vanyangarika?' Chembere yakabvunza, iwo maoko ongobata bata paura.

'Vatete, ini changu ini gore rino, chokwadi chinototongwa navakafa. Izvozvika, ini ndanga ndafunga zvokunozvi . . .' Misodzi, masiriri nedzihwa zvakabva zvangoti wadzu. VaZamuguru vakakachidzwa namate mukanwa, ndokutadza kutaura negodo reshungu rakanga rangoti mbi, pahuro, maziso ari piriviri seechisamugwenhure.

VaBiri, avo vakanga vamire vakatsveyama norutivi, vakabva vati pasi mvocho ndokushamisa muromo vakabata muchiuno vakaringisa muzukuru wavo aive akakomba choto, akapfunya chisero, ndokuti,

'Amai vevana, musadaro. Mati kuzviita sei? Ibvai manyarara. Iyi haisi nyaya yokushapisa vhudzi. Sezvamareva kare, iyi inyaya ichatotongwa navari kumhepo vangazive minana yezvaitika nhasi uno.'

'Yowe kani! Ini zvangu ini! Gore rino kani, chokwadi randiunzira zvisati zvamboonekwa naani wose! Kuwana ndotorerwa vana ndakatarisa nameso here . . .!' Mukadzi mukuru akadedera neshungu. Akaramba angoti pasi tsinin'ini, iro gavi rakachinzi kekeshu mumusoro, madzihwa achifurirwa ruviri, rutatu muchoto. Ndizvo vaiti vakadzorera dzihwa mumhuno, vogwikudza mapfudzi nokufemera padenga, nokudzorera dzihwa makare, vachiita sevari kuda kubatwa netsviyo, kana pfari, kana buka ravacheche

Nechinguvana, vakanzwa pamusuo, 'Go! go! go! Ndipindewo, mai vevana!' Ava vakanga vari VaHaruna, mudzimai waBakasa, hanzvadzi yaVaBiri. Vachiona muroora wavo, VaBiri vakati, 'A! munobangoti mai vevana, vana vacho vachiri kupi, nhai muroora? Zamuguru waunoona uyu angosara raaburuuru. Unoti pachine chakanaka here?'

'Musadaro kani, atete!' ndokupindura VaHaruna. Mudzimai wacho wakanga achiri kunzwa, akaruramisa chaizvo, nameso mashava, iye ari mutsvuku.

'Ndati ndichibva nokuchisango uko kwandanga ndanotema tukuni, ndokunzwa iri nyaya pamuromo womunhu wose muguta. Chiiko chaitika, nhaimi we-e? Donditsananguriraiwo kani ndinzwe.'

VaBiri ndokuitawo sevakanuka, ndokuti, 'Inyayaiko, nhai Haruna muroora, yawanzwa ichitaurwa?'

'Yuwi! Nhai vamwene! Iguhwa here ramunobva mandikanukira mukadaro? Ko, zvamati wani hapasisina nezvevana zvose, manga muchireveiko?'

Ava ndokuti, 'Aiwaka, muroora, tati utiudzewoka manzwiro awaita.'

VaHaruna vakabva vati chisero chavo bondokoto pakatsapata kaivepo, ndokuti, 'Zvandanzwa ndezvokuti vanaBute naNyamita vawira muchidziva chemvura, ndokunyura murukova muna Dande. Vamwe, hunzi vana vanyudzwa neshato iya inonzi inogara muchidzivacho chiri padhwino revana.'

'Aiwa, muroora. Hazvisirizvo zvandanzwawo ini,' VaBiri ndokudaro zvinyoronyoro.

'Ko, manzweiko, nhai vamwene?'

'Chinzwa, muroora! Kutaura kwave pazhinji. Ngatichiregai ivo VaZamuguru, amai vevana, vachititaurirawo pachavo zvaitika.'

Paye VaZamuguru pavakanga voti vachitaura, gonhi rakabva ranzi, bhagu, sai, zvehasha, munhu ndiye potyo, achifemera padenga maziso ari zvitaitai pamhanza, achiita muringisa rutivi matarisiro enjiva.

'Nhasi, chokwadi pano hapadyiwe rinopisa! Ndasvika

ini mwana waRwizi. Amai vevana, nhasi muchazviona zvakakodza nguruve zvichiwonza imbwa. Manga muri kupi padzamika vana?' Rume rakadzvova semhondoro.

'Yuwi! yuwi! zvaita seiko, nhai Mhutsa, mukuwasha, zvowopinda uchidaro nehasha pamberi pomudzimai wako uyu waunoona angoti suruvara? Asi waakupenga? Wagarwa neiko? Asi ingozi? Ko, tsiye nyoro dzaendepi?' VaBiri vakaita mibvunzo yokumwaya kunge uya anodzongera zviyo.

'Aiwa, vambuya. Handisi kupenga, kana kugarwa nengozi, kana kushaya tsiye nyoro. Vana vangu! Vana vangu! Vari kupi? Mudzimai uyu anofanira kunditsanangurira zvakakwana panyaya iyi. Nhasi pano hapangadyiwe rinopisa. Pangazvarwe mwana asina vhudzi. Nhasi haisiye matambo.'

VaBiri ndokunyatsomuringisa, ndokuti, 'Nhai mukuwasha! Ko, zvino zvomongaromukira mudzimai, mati ndiye akonzera michichi yokudzamika kwevana here? Asi muri kumushura? Mati mambonzwa zvaanorevawo here iye pachake?''

''Izvi zvose zvamave kutaura hazvichatongopindi mumusoro mangu. Mukadzi uyu ndiyo honzeri chaiyo, mharadzi, mhunzamusha, tsvuuramuromo. Ndakabvira kare ndichiti asaende nevana vangu kuchidziva chaDande vasina mureri, kana muchengeti. Zvino heyi ngozi yatiwira pane zvandaichimbomurambidza?''

'Kuneiko kuchidziva ichocho kwawaimurambidza? Asi kune zvawakaisamo?' VaBiri vakataura nezwi rine hasha. Vakaenderera mberi, 'Zvino iye Zamuguru uyu unoti achiri mupwere here angatadze kuchengeta vana vake vokubereka zvowotaura uchidaro?'

'Imi vambuya, kana maakudaro, nhasi neni pano,

chokwadi, tichapesana. Ndingamuke gandanga ini ndikadye mwana.'

'Heeka, muka zvako hugandanga hwakohwo. Wakambenge usiri gandanga here nakare? Ndiwe wakakarodya vana vako iyewe pachako.'

Ipapo Mhutsa akaviruka nokuferutswa namazwi aVaBiri, 'Mukadzi uyu haandinzwe, veduwe. Zvandinotaura mumba muno haazviise muhana. Itsvuuramuromo chaiyo. Zvino, honai, zvatipinza mupfumvu iyi yakadai! Ndozvandati munzwe, ndisingakuvanzirei, kuti ndiri kupomera mhaka iyi kwaari.'

'Hooka! Hooka! Ndozvinochiita ani, baba wevana? Ko, dai anga ari Chikare, mwanasikana weduwo uyu wadzamika saizvozvi, VaBakasa vaindipomera mhaka here pamusaka paizvozvo? Muri kutaura nokuti zvinonzi, mugoni wepwere ndeasinayo'', ndokudaro VaHaruna mudzimai waBakasa.

Vakaenderera mberi: 'Imi munofunga kuti ivo VaZamuguru ava, mudzimai wenyu, havanawo here rudo kuvana vavo kufanana norwenyu? Chokwadi kubereka kunorwadza, veduwee. Hakusi kwokutamba nako. Dai vadzamika vari mumaoko angu, imi maiti chiiwo nazvo?'

Asi Mhutsa haana kuzviitira hanyn'a zvose zvaitaurwa. Akati, ''Tarisaika, madzimai, uku kwaakutaura kwavanhu vave kutsvaga chipotero chomunhu abatwa nemhaka . . .''

'Mhaka yei? Vati vatongeswa padare naani?' vakamudimurira VaBiri. 'Sei muchingararadza nezvinhu zvamusati manzwa zvichibva mumuromo maiye muridzi wazviona zvichiitika? Hezvi tiri kungoona vakati tonho vasina shoko ravati vatitaurira pane zvaitika. Regai kungaramukira mudzimai wenyu wamunoona agara panyanga dzamushore. Itaiwo semurume mukuru. Regai tinzwe mashoko anobva kwaari iye pachake.'

'Hapana nyaya apa. Ndakagara ndamuudza kare mudzimai kuti asasvike pedyo nedziva riya rakashurikidzwa. Zvino, nhasi azvionera pamhuno sefodya. Chii chatichaita panyaya yakadai? Handiti yatova mvura yeguchu yadeuka isisadyorerwe?'

Ipapo vakati vachangunokuitirana makakatanwa aya, vakanzwa mutsindo womudonzvo panze, uchibva watevererwa nokugogodzwa kwegonhi remba yavaive vari. Vakazoona munhu oti pindirikiti mumbamo. Uyu mupindiro wakadai waizivikanwa navanhu vose vomuguta kuti ndowaVaNyakotyo, VaSamusha.

'Mwoyo wangu kani waita mazuruzuru pandanzwa nyatwa yakuwira. Shava, mwana waRwizi. Ndiye saka ndakurumidza wari kuuya. Ndati chinono chine ingwe, bere rakadya richifamba.'

'Garai napapa, Wafawanaka,' akadaro Mhutsa, mukuwasha wavo, nezwi rakapfava.

'Isu tave hari yofanzirofa. Kwatakabva kwave kure, kwatave kuenda pave pedyo. Hatisisina nguva yokudya manonoko. Taakunge muvhimi anotanda tsuro nomunyu.'

VaNyakotyo vakafambira mberi. 'Ndati ndizozvinzwira pachangu dambudziko iri randiri kunzwa kuti rakuwira, mukuwasha.'

Nezwi rechinyarikani, Mhutsa akapindura zvinyoronyoro, 'Wafawanaka, ini zvandaitwa nhasi nomudzimai, chokwadi, zvandikandisa mapfumo pasi.'

'Ndiri kuterera, Shava. Taura zvako.'

'Mudzimai wandakakomekedza ndakomekedza ndichiti asaende nevana kudziva riya kuna Dande, nhasi ndopaanobata rwendo rwokuenda navo ikoko. Zvino, chitarisai muone, nhasi watisorera michichi yave kutitemesa misoro . . .'

'Unoreva here vazukuru vangu vaya vepamairi, vemapatya?'

'Hungu, baba. Ivavo chaivo. Ropa rangu nhasi raparara, babawe-e Shava.'

'Vainzi aniko mazita avo, nhai vakweguru, vahanzvadzi vokwedu?'

VaBiri, vahanzvadzi vavo, vakati, 'Yowe! Yowe! Makananganwa here, nhai Wafawanaka, mazita evazukuru venyu?'

'Aika, mukweguru! Pfungwa dzave sebuwebuwe kani.'

Ava ndokuti, 'Vainzi Bute naNyamita.'

'Handitika uyu Bute ndowaive chikomana?'

'E-e, Wafawanaka.'

'Uyu Nyamita ari chisikana?'

'Ndizvozvo, Wafawanaka,' VaBiri vakatsinhira vodaro.

'Ko, zvino chindibayiraiwoka zanhi kuti chii chaitika chakonzera midzimu kudambura mbereko.'

Mhutsa ndokuti, 'Wafawanaka, zvaitika ndezvizvi: mudzimai aita unzenza hwokudarika kurayira kwandakanga ndamuita kuti asaende nevana kuchidziva chokuna-Dande. Zvino nohunhunzvatunzwa hwake hwokusada kunzwa zvinotaura murume, nhasi wasvikonyudza vana vangu muchidziva cherukova.'

VaBiri ndokuti, 'Aiwa, mukuwasha! Nyaya yokunyudza vana mumvura ngaichimbomira.' Vachitarisa VaZamuguru avo vakanga vakati tsinyin'inyi maziso pasi, vakati, 'Mudzimai wenyu uyu wanga aenda kundogeza, zve achindochera mvura kurukova. Ndiwo manzwiro ataita.'

VaNyakotyo vachinzwa izvi vakabva vaipindirawo iyi nyaya, ndokuti kuna Mhutsa, 'Ko, wanga uchiti mudzimai agare asingageze here, nhai Mhutsa, mukuwasha, zvowodaro kuti asaende pedyo norukova? Angasanhuhwa here ukamusema munhu waunoona achiri muzvere kudai?'

'Kwete, baba, hazvisirizvo zvandiri kureva. Ini ndiri kureva kuti vana vepamairi havabvumirwe pedyo nemvura

yehova nemidzimu yedu. Sezvamunozivawo nemi mose, mumwe wavo, zvikuru iye Nyamita, musikana, angadai akaiswa muchikate akandovigwa mukakova pedyo nerwizi kuti rusapwe. Pane zvizvi, ndinoti mudzimai auraya vana vangu. Zvino kana zviri izvozvo, ndinoda anondiratidza paavaviga. Akasadaro, chokwadi pano hapangadyiwe rinopisa.'

VaNyakotyo vakabva vamuka nehasha, 'Honaka, mukuwasha, iwe uri mutorwa munyika ino yeDande. Kwawakabva hatikuzive. Midzimu yako hatiizive. KuChitungwiza kwawakabva, hapana ati aendako. Pane zvizvi, tingati midzimu yokwenyu ndiyo yaunza nyatwa iyi yakadai pamusha pano. Mashura akadai haasati amboitika pameso pangu, hezvi ndakura kudai. Naizvozvo, chirega kunge uchapomera mhaka mwana wangu. Chasara kuendesana kun'anga kundoshopera kuti tizive kuri kubva ngozi iyi. Pakuzvarwa kwevana ava yeuka kuti ini ndakati zvavauya vachiti mumwe mangwanani, mumwe madekwana, havasisiri vepamairi. Zvadaro, ini ndakati ngavararame zvavo pashaye anourayiwa.'

'Zviri munzeve, baba, zvose zvamuri kutaura. Asi ndinoda kuziva kuti, ko vana vagozodzamika sei?'

VaNyakotyo vakaringaringa, ndokuti, 'Ko, iyo minana yepasi pano inopera here? Ndiwoka anonzi marere anongoerekana auya pamunhu.'

Ndokutizve, 'Ko, amai vevana vamboti vataurawo here panyaya iyi?'

'Kwete, Wafawanaka, havasati vatitsanangurira', ndokudaro VaBiri vachifemba bute, nokuetsemura.

Ipapo VaZamuguru ndokutangisa kuchema zvakare. Shungu dzaitutuma muchifuva.

'Musacheme, amai vevana. Tati mutitsanangurire zvaitika kuchidziva kwamanga maenda. Hapana kutukana'.

Uyu ndokuti, 'Ndanga ndiri ndega nevana, amwene. Ndabva pano masikati ezuva ndiina Bute kumusana, na-Nyamita mumaoko, chirongo ndakadengezera pamusoro. Ndokunanga zvangu nokuchidziva chiya chinotuhwinwa navaduku kuti ndinogeza nokuzoteka mvura yepamba semisi yose. Ndasvikako, ndokugadzika vana chinhambwe nemahombekombe edziva, ini ndokutora chirongo changu ndonochera mvura, ndokunge ndaakugeza zvangu muchigwenzi, pasina anondiona pedyo nevana. Ndazoti zvino paye ndotarisa ndapedza kugeza, wanei, a, vana havasisipo pandanga ndavasiya. Ndarohwa nehana, chokwadi. Ndokutsvaga kwese kwese muchisangocho asi wanei ndovashaya. Ndipo pandazoridza mhere zvino ndouya kumusha ndisisina kana kuzoteka mvura muchirongo.'

'Hamufunge here kuti zvichida vana vanyudzwa mumvura negarwe rinonzi rinogara muchidziva ichocho? Kana kutorwa nechikara chesango muchigeza?'

'Aiwa, muroora', VaZamuguru vakapindura VaHaruna mukadzi waBakasa, hanzvadzi yavo. 'Dai changa chiri chikara chesango chavatora, vana vaisanzwika here kuchema? Chikara hachaisiya matsimba acho here, kana gwara, kana madonhwe eropa? Kunyange iro garwe chairo, ndainge ndisina kurinzwa here kukakashika richibva mumvura, kana kuona muhwezva waro?'

'Kana kuti vabiwa navafambi vapfuura nepo iwe wakati zvi zvako semhou yemombe?' Mhutsa ndokudaro maziso ari moto nehasha.

'Kwete baba. Ndanga ndakaringisa kuvana nguva yose. Handina zvangu kana mutsindo kana mhere yandanzwa, kana tsimba remhuka, kana rutsoka rwomunhu rwandaona. Zve, pana Dande, panongove nezambuko rimwe chete chete zvokuti hapana mufambi angapfuure nepo asingaonekwi.'

'Mhutsa, mukuwasha, nemi madzimai mose muri pano, iyi nyaya muri kuinzwawoka, handitika?'

Vose ndokuti, 'Tiri kuinzwa, Wafawanaka.'

'Zvakanaka. Izvi zvinenge zvinoda kundikandisa mapfumo pasi ini,' ndokudaro VaNyakotyo, musoro wakanzi tsinin'ini pasi.

Musha wose waVaNyakotyo, noruwa rwose rwakanga rwanzwa zvakanga zvaitika, zvakave manyama amire nerongo. Naizvozvo VaNyakotyo vakakokera misha yose kuti vanhu vaende kurukova ikoko kuna Dande, nomumasango ose aive pedyo nomusha kundotsvaga vana vakanga vanzi varasika. Vakabvongodza nzvimbo dzose, varume vaine mapfumo, nhoo, matemo, mapakatwa, tsvimbo nezviduni, ndokuita fararira sevanhu vari kucharara chaiko. Asi zvose izvi hazvina chazvakabatsira.

Vanhu vachidzokera kudzimba dzavo ava mauro, vakasvikonzwa zvakare zvonzvi VaZamuguru vasara votetereka nesango vakananga nokumakomo eRukowakuona. Mhutsa ndokubvunda ava noruzazu, nehana yorova muchipfuva kunge ngoma, achiyeuka pane zvaakanga apomera mudzimai wake.

Ipapo, zvakare, vanhu ndokuita rurasademo nokumahombekombe eDande, vamwe nomujinga memakomo eRukowakuona aive akatarisana nomusha waVaNyakotyo. Vadarozvo, ndokuwana munhu, ahiwe, houno achiti tunduma, chatove chando pabazi romuti.

Mhutsa akachema, akazvidya mwoyo. Usiku ihwohwo vanhu vakararoburukuta vachiti vamwe vari kuchemera vana vemapatya, vamwe VaZamuguru, avo vakanga vazvisungirira. Asi mudzimu waKatonje akavarambidza kuchemera vana nokuti zvainzi mashura akadai haachemerwe munhu asati aonerwa guva rake.

VaNyakotyo vakapupa neshungu, vakati, 'Wazvionaka,

mukuwasha! Ndozvawanga uchivavarira izvi zvokuti mwana wangu afe. Chokwadi, ngozi yake inotoripwa neropa rovokwenyu ikoko kuChitungwiza. Waipisira. Hauna mwana anofa akaroorwa.'

# *Chitsauko 2*

'Machinda angu, nhamo yatiwira pano pamusha haingakodze makomo ose eRukowakuona, asi eMavhuradonha, esvikiro guru rokwaMutota', VaNyakotyo vakadaro, nioko rworudyi rwuri padama, rworuboshwe rwuri pabvi reruboshwe. Ipapo vakanga vagere padanda repadare raive pasi pomumvuri wehunde yomukuyu.

Vakacheukira kuna Bakasa, nevanji wavo, uyo aive agere padare navo, ndokuti, 'Dombomisa mvuto yako, mwanangu, umbonondinzwira nyaya iyi kubotedzi redu rokwaMatope. Ugozondiudzawo zvarinenge rareva.'

'Zvakanaka, baba. Zvamareva zvanzwika. Izvozvi ndatove munzira, Wafawanaka.'

Uyu ndokuti mvuto yake pasi tsve, ndokusiya moto wevira waive wati nyekete namavhunze emoto waaingunonunisa mhangura. Bakasa yaive mhizha huru muzviro zvokupfura. Hoyo, netsvimbo yake, nembwa yake, ndokubata nzira.

Mana rokwaMatope rakanga rakavakirwa pedyo pedyo nomujinga memakomo eRukowakuona, chinhambwe zvishoma nomusha waVaNyakotyo. Ndimomo muma-

tombo nomuninga dzemakomo iwayo aive serusvingo rwomusha, maiswerotamba tutsoko nemakudo. Maivezve nemagwangwadza aigara marovambira, nemwena yembira, nemafendefa eninga umo maipotera ngururu nedzimwe mhuka dzesango.

Musha waVaMatope wakanga wakatarisa rusvingo rukuru rwemakomo, makomo ayo aiva nokuChamhembe, kuMaodzanyemba kwawo, kure kure, kuine makomo eMavhuradonha, pakati pawo pachiyerera Dande.

Rusvingo urwu rwaiita kunge kuda kupoteredza musha waVaNyakotyo nokumadokero, rwuri sechipotero kumhandu, kumhepo, nokumwando namadutu emhepo izvo zvaivhuvhuta panguva dzegukurahundi dzemwedzi we-Gunyana. Pakudoka kwezuva, makomo aya aisvibirira kuti ndo, nokuyevedza zvikuru.

Kwakazoti zvino dzvukamupiriviri rokudoka kwezuva roshongedza gombero kumavirira norunako rwemandiriri rwezuva guru, Bakasa akasvika paguta raVaMatope.

Nezwi rakapuva, zvinyoronyoro, akauchira achirova gusvi, achiti, 'Dzenyama, changamire! Tisvikewo, jinda ramambo!'

'Dzaonekwa, chirombowe! Svikai nechombo', jinda repamusha rakapindura rodaro richigamuchira muyeni.

Bakasa akanyahwaira zvinyoronyoro ndokusvikogarawo zvake padare apo pakanga patokuhwidzwa kare moto wemanheru. Mweya wose wemusha wakanga watove nomunhuhwi wesadza remhunga rakanga rogadzirirwa chirariro chemanheru.

'Kuri muchechetere here kwawabva, muzvarwa, zvawasvika nguva ino yerukunzvikunzvi kudai maziso ava nedatsi, ava kuonera madzerere?' VaMatope, avo vaive vatove padare kare, vakabvunza.

Uyu ndokupindura nemadimikira oti, 'Wafamba

wasvava, mhanduwe. Wadane n'anga waona chiremba, Wafawanaka!' Ndokupamhidzazve, 'Kusvika manheru kudai, kuchengetedza tsika, mhanduwe, sezvo kusikata kwezuva kunonzi ndokwenyn'ambo, kwamasikati ndokwebasa. Kana kwadoka, mhou dzinomira nemhuru dzadzo. Nesuwo tamira nemichichi iyo yatisvitsa kuno kwamuri, Changamire. Ndauya neshoko rinoti tamira panyanga dzamushore, 'she wangu. Tangove semanyama amira nerongo, Wafawanaka.'

'Hungu, muzukuru. Kunyange kuri kure kwameso, asi nzeve dzakanzwa kare zvakaitika kuguta raVaNyakotyo. Izvozvi zvawauya, waita zvakanaka,' VaMatope ndokudaro nokuti vaive svikiro reruwa rwekwaNyakotyo.

'Zvino chinyatsondirondedzera zvakaitika, muzukuru.' Bakasa akanyatsoti bondokoto, ndokuti, 'Zvakaitika kwaVaNyakotyo zvakave manenji chaiwo, okuti vana vepamairi, VaMhutsa mukuwasha wedu, vakangoerekana vadzamika amai vavo, VaZamuguru, vaenda navo kurukova kuna Dande.'

'Vakanyangarika sei?'

'Zvichitaurwa naamai vacho, vanoti vakaenda kundogeza kuna Dande. Vasvika pachidzivacho, ndokugadzika vana pasi ivo vondochera mvura yavo nokuhwanda nechigwenzi vogeza. Zvino vakazoti vapedza kuzvibonora, voti ndochinotora vana, wanei, ahiwe, vana hapasisina.'

VaMatope vakatora kakasha kavo kebute ndokutangisa kufemba vachiti munhikwi wavo upere, pamwe nokuwana simba.

'Taura zvako, muzukuru. Ndakateerera.'

'Ipapo VaZamuguru ndokuferuka vachitsvaga vana nemahombekombe eDande, iyo hana yangove ngoma chaiyo muchipfuva, vachiti vakati pano nzve nechigwenzi, apo vhu nemahombekombe, pfungwa dzavo dzangove

sebuwebuwe raputira urupi. Asi uku kwose kwakanga kwangove kuyaudzika komunhu aive asisazive chokuita.'

VaMatope vakamboti etsu, etsu, nefodya iya yakanga yavapinda mumhuno, mitanga yemhuno dzavo yafenguka nokunyinura mazino.

'Ko chii chakazoitika?'

'VaNyakotyo vakatumira musha wose navavakidzani kundotsvaga vana. Asi zvose izvi zvakave sekufambira dhongi rakafa. Vana havana kuwanikwa. Zvadarozvo, vahanzvadzi vangu VaZamuguru vakatetereka nesango, neshungu yemwoyo, vakabva vanozvisungirira. Ndiyo nyatwa yengozi yakatiwira yandanzi ndizotura kwamuri, changamire.' Uyu akadaro achiwombera norukudzo. Bakasa akaenderera mberi achiti, 'Baba vati, chienda undonzwa zvinotaurwa nesvikiro redu rokwaMatope. Vati hatisati tazviona zvakadai, asi kana ari maitiro evadzimu tati ngaabudiswe pachena tizive chokuita. Baba vati tave kuvhunduka kuti mhuri yavaduku ingaperere mukudaro kana ngozi iyi isina kupiwa donhodzo rairi kuvavarira.'

'Chokwadi, apo panonzwika, muzukuru. Asi ndaita hurombo naVaZamuguru. Zvino tisati tabata rwendo rwokuenda kuchidziva chiri papapo, ngatimbodyai chirariro chemanheru.'

Nechinguvana, kazukuru kavo kemusikana kakauya nesadza remhunga nenyama yebimha ndokudya, ndokuseredzera nekamusumo kedoro.

Yakanga yave nguva yeMatsutso minda ichiri kunyemwerera nembesa dzainge dzichiri muminda, uri mwedzi weKubvumbi, kutonhora kwechando kusati kwasvika. Kana mhou dzemombe dzaive nemazamu hodzororo nomukaka. Manhanga, manwiwa, magaka, nemagunde zvakanga zviri gatakata mugohwo guru ravaitarisira gore iroro.

Manheru iwayo, VaMatope naBakasa vakaita chiverevere, ndokuenda kuchidziva chaive chakakombwa nemikute, nemisungusungu, nemitepe yairembera pamusoro pemvura yekakova.

'Ndipo pano, muzukuru. Zvino iwe chimbomira zvako pano ini ndimbosedera pachidziva icho.' Ndizvo, vakanyahwaira zvinyoronyoro. Vasvikapo, vakachonjomara ndokutora mupfumbwa womushonga ndokumwaradzira pamvura vachiteketera vachiti, 'Ndimika vatateguru vangu, VaKaswamunzira, muri kumhepo, navamwe venyu. Heyika nyaya yomuranda wenyu ari kuchema mufakaviri wevana vake, wandiri kutura kwamuri kuti munzwe chichemo chake chevana vanonzi vakatsakatikira pachena chena. Mwoyo yedu inorwadza kani. Nhasi toita matandanyadzi kudzvokora ari murima tichipomera mhaka iyi kuna amai vevana avo vanonzi vakafa neshungu. Tauyaka kuti murege kuzoti takakunzvengai panyaya iyi yakadai. Tipeiwo gwara rechinangwa chenyu nedonhodzo renyu.'

VaMatope vakapaumba kwenguva ndefu vachiteura, asi hapana mhinduro yavakanzwa pane zvizvi. Chidziva chakaramba chakati tonho-o. Vakazoti vapamhidza ruviri rutatu, vasina chavanzwa, vakati, 'Aiwa, muzukuru. Zvandikandisa mapfumo pasi izvi. Zvave kutoda svikiro guru renzou, rokwaMutota. Ndiko kwatichatogadzirira kuenda pane ramangwana.'

Zvino zvakazoti pazuva rakateyera, vari vaviri, nembwa dzavo, vakabata rwendo rwokuenda kuMavhuradonha kusvikiro guru rokwaMutota weNzou Samanyanga. Vakasvika, vakawana homwe yaMutota yakapotera pana Katonje. Imba yaMutota yakanga iri ino huru huru yakanga yakati dzu, pakatikati pomusha, iri mhamhi, dhandanda zvaro remba. YaKatonje yaive pachimana chayo yoga, iri chinhambwe zvishomanana.

'Dzenyama, mhuka huru! Tisvikewo, Samanyanga!'

'Svikai, chirombowe!' Izwi romuzukuru wokwaMutota ainzi Mutsakadzi, ari Mukorekore, rakavachingamidza. Pakati pamachinda aive padare paivezve nerimwe jinda rainzi Nguruve Musaruro.

Vose vaive padare manheru iwayo havana kutana kuziva Matope, sezvo raive svikiro raizivikanwa kwazvo kwese kwese sebotedzi raichengetedza ruwa rwokwaNyakotyo, kuChamhembe. Vakaita kunge kurohwa nehana vachiona svikiro rokwaNyakotyo. Vakamboti zi-i.

'Musakanuke zvenyu, kana kurohwa nehana, machinda angu. Ndini zvangu ndauya nejinda iri, Bakasa, mwana waVaNyakotyo.'

'Nhaiwo! A-a, tafara, kukuchingamidzai. Garai napapa, Wafawanaka.'

Sezvo svikiro haraifambira nhando, pasina chinhu chikuru kuru, jinda rakachimbidzobvunza roti, 'Kunge jongwe rokukuridza, huona mambakwedza', Mutsakadzi akadaro nomuzvambarara wetsumo.

'Hungu, tiri kurondedzera chiedza cheMaodzanyemba kuti chitipewo gwara rokufamba naro.'

'Zvinodaro, Wafawanaka. Zvinonzika wafamba wasvava, watsvaga chigutiro.'

'Ndizvozvoka, Samanyanga. Vakuru vakati, kure kwegava ndokusina mutsubvu. Wadane n'anga waona chiremba.

'Ndiwo unoka mutsvubvu wamuri kutsvaka. Ndiro rinoka guta rachiremba ramafambira. Tauraika tinzwe, zvamafambira,' Mutsakadzi akadaro.

'Shoko redu riri kuhomwe yokwaMutota', Matope akadaro.

'Nhaiwo! Zvakanaka. Kusvikiro rokwaMutota mucha-svika', Mutsakadzi akasimbisa.

Vakazoti vadya, vaguta, vazorora, Mutsakadzi asingadye manonoko, akaenda navo kuna Katonje, botedzi guru rokwaMutota.

Svikiro raMutota rakanga rakapotera pamurumeyo murefu, aive nendebvu chena, ndefu, nevhudzi raive chisango chinotiza nhema. Murume uyu aive akapfeka hanzu yomucheka muchena nomutema yehungwe, iri yomudzimu inopfekwa namasvikiro ose ane mbiri muUmbire. Mucheka uyu wakanga wakanzi kasve napapfudzi, nomufoyi, kana kuti mukokoto, wakafidiga muchiuno nokumagaro. Vachimuona hapana akakahadzika sezvo Katonje raive svikiro guru renyika yose yeDande yaMutota.

Vachimutsanangurira zvakanga zvaitika, Matope akati, 'Nyakotyo akaitei pakushaikwa kwevana?'

'Akatumira musha wose, navavakirani naye, kundotsvaga nzvimbo dzose dzekakova Dande, nechifungidziro chokuti zvichida vana vakanga vaeredzwa norukova, kana kubatwa negarwe, kana kubandwa nechikara chesango, kanå kubiwa navafambi.'

Katonje akamboti maziso pasi nde-e, shure ndokuti, 'Nyakotyo akazoitei shure kwezvo?'

Matope akapindura, 'Ndipo paakaronga zano rokutumira jinda rake iri riri pano, kwandiri.' Apa aireva Bakasa mwanakomana waNyakotyo uyo waaive naye.

'Ndiri kuzvinzwa, Wafawanaka. Ko, iwe wakazoitei pane zvizvi?'

'Ndakaenda kuchidziva kuna Dande ndikasvikoteketera kumidzimu yedu, asi wanei ndoshaya mhinduro. Ndizvo zvakazotiita kuti tibate rwendo rwokuuya kuno kwamuri, Samanyanga.'

'Zvakanaka, machinda angu. Maita zvakanaka kuuya kuno nokuti rino ndiro dzinza, sipiti, donhodzo rerudzi.

Zvino, tisingadye manonoko, chisimukai tiende kuchidziva tinonzwa zvinorehwa nezvinodiwa navari kumhepo.'

Manheru iwayo vakasimuka, havo vakananga nokuchidziva chaive chakatarisana nemujinga memakomo eMavhuradonha. Chidzivacho chakanga chakatenderedzwa nemihoronga, nemikute mitema. Svikiro raMutota rakatuvaira riri pamberi, ndokusvikoti tumbe mubako raive nerima rakanga rakati nzvi-i. Imomo waingonzwa kurira kwamapuro, nokuchema kwemazizi, nokupumhwa netumiremwaremwa twaingoti, tswi, twi, kuchema, tuchibhururuka mubakomo. Kurira kwemipuro nokuzhararika kwendororo nezvikudyu kwakakonzera kutya kuna Bakasa. Kana VaMatope vakaitawo sokunge kuvhundutswa nezvavakanga vasati vajairana nazvo muupenyu hwavo. Vakafamba vachipinda mumwena uyu nouyu, zvokuti ava vaviri vakashaya kuziva kwavakanga vabva nokwavaienda, vaita sembeva dziya dziri mumwena inopesana-pesana.

Ipapo Bakasa akatangisa zvino kubvunda, ndokuti ziya teu, mwoyo wangove ngoma kurira, munhumbu rengu rengu, ndokubva ati pfurugwada pasi.

'Ndidzorerei kwandabva,' akaburukuta muchinda. 'Handichadi zvangu kuramba ndichifamba!'

Nokuchimbidzika, ava vaviri vakamubata, ndokumusimudza.

'Mira kani!' Katonje akadaro.

'Usazvibate sembwende! Mira! Zvisimbise somurume, mwanawe!'

Uyu ndokungozhamba, 'Yowe kani! Ini zvangu ini! Chandanga ndavinga kuno!'

Vakazoti varamba vachimusimbaradza, ndokuzoti swaswanu, ofema zvakanaka ava nesimba zvakare, namabvi aregera kuti rengu rengu.

Nechinguvana, vakasvika pachidziva chaive pasi pasi

mubakomo. Vakati vave pamhenderekedzo yechidzivacho, vakatoona, hedzino nyenyedzi kuti tai tai kudenga vakatenderedzwa nechengo chevhu rebako racho.

Pakarepo, svikiro rokwaMutota rakabva rapoterwa, ndokuchonjomara, ndokuzhambatata roteura richiti,

'Honaika madzitateguru edu muri kumhepo, tapfundunyura pfundo iri pahanzu iyi yandakapfeka yehungwe. Tati nemiwo musununguregwo mwoyo yenyu kuti murege kuparura upenyu utsva uhwu hwatiri kusuma kwamuri hwavacheche vanonzi vakadzamika. Svikai tikuonei, mutaure nhuna dzemwoyo yenyu, musingatipfundumwarire. Tauya kwamuri kuti murege kuzoti takakunzvengai tikasakuudzai aya mashura kudunhu atiwira. Budai pachena tinzwe chamunochemera.'

Vachiripo, vakanzwa kuchapudzwa kwemvura yechidziva pasi, nokutubuka sokwemvura inovira pachoto ichiti tubu, tubu, tubu, wa-a-a. Nenguva shomanana, vakaona, shidibu, dzumbunu musoro womunhu waive nevhudzi rakanga rakati mbu-u kuchena. Ndiye pamusoro pemvura, yandara, muviri une besu rinenge rehove. Ndokuti vana vaviri dzumbunu, nechinguvana, ndiye pakare nyn'urududu, tubwi, tubwi, tubwi, mbo, mbo, mbo, zi-i.

Izwi ndokutaura riri pana Katonje, roti, 'Chinzwaika, vana vangu! Ndini svikiro rokwaMutota ndiri kutaura. Vana havana kufa, asi kuti vari mubotero rangu renjuzu. Ndini ndakavakonzera kutorwa nenjuzu yamaona ichibuda mumvura umu navo. Bute naNyamita ihomwe dzemasvikiro aChaminuka naNehanda, vakadaro.

'Basa ravo iguru. Vachave mapotero erudzi rweVaMbire, vachave kuwa kwavo, nokumuka kwavo, nedambudziko ravo norumuko rwavo.

'Zvino chidzokerai zvenyu kumusha mundoudza Nyakotyo kuti aite madiramhamba ehwahwa nokupira

mbudzi, nemhou dzina makamba matema namachena, nokusuma fodya nedoro kumidzimu yenyika pabira rokutambira njuzu mazuva manomwe. Akaitezvo, nezuva rechinomwe, muchaona vana vachidzumbunurwa pachidzivacho chokunaDande nokudzorerwa kwamuri. Ndizvozvo zvandataura ini svikiro rokwaMutota.'

Matope akati, bu, bu, bu, kuombera, ndokuti, 'Aiwa, vasekuru, tazvinzwa. Asi tinogoda kuziva kuti, ko, izvozvi zvakambenge zvaitirweiko? Chakanga chatadzika chiiko?'

'Hapana chakanga chatadzika, vana vangu, asi kuti ndikuratidzei simba rangu ini sekuru wenyu, nokutizve, kuuya kwebotedzi hakungashaye kakore kanoti ze-e, kana mubvumbi unouya usina mheni namabhanan'ana. Simukai, muchidzokera zvenyu kumusha mundoita zvandakurayirai.'

Achiona nokunzwa izvi, Bakasa akabva avhungwa nehana zvakare. Izvozvo kunze kwakanga kwayedza, mhute ichiyaruka pamusoro pemvura yerukova. Ipapo vakaona vanhu vachifamba nehwato hwavaichapa pamusoro pemvura vachiita mutsindo nemhere mhere sewevanhu vazhinji vari kurwa hondo, ngoma dzichirira, nziyo dzichiimbwa mukati memhute yorukova rwamangwanani. Vakazvishaira kwazvo.

Ndiko kuparadzana kwavakazoita, voti, Katonje odzokera kumusha kwake, avawo, Matope naBakasa, kwavowo.

# *Chitsauko 3*

Matope naBakasa vakasvika pamuzinda waVaNyakotyo dzave nguva dzerukunzvikunzvi, dzorubvunzavaeni, maziso ava nedatsi, oonera madzerere. Guta raVaNyakotyo rakanga rakatarisana nemakomo eRukowakuona. Raive rakaganhurwa neguta raVaMatope nekakova Dande. Guta iri raive nzanga chaiyo yomusha, raiti mana rimwe nerimwe raitsaurwa kune rimwe nezvipukutu zvetukomo, netusango twemisasa, twemizhanje, twemihacha, netweminhondo.

Musha uyu wakanga uri pakasimukira, uchinyatsovhenekerwa namaranzi ekudoka kwezuva. Wainyatsoona runako noruyevedzo rwemandiriri rwemaranzi ezuva guru pakudoka kwaro. Napausiku, gombero raiyevedza noutsaratsati hwenyenyedzi dzakatandira denga raMwari. Muzasi, mujinga nemakomo, ndimo maive muufuro hwezvipfuwo, negokoro rainanzviwa munyu nemombe dzomumusha uyu pedyo norukova.

Richiri kudoka kudaro, VaBiri vakanzwa izwi richitsvingudzira, 'Tisvikewo, mhanduwe, Wafawanaka!'

VaBiri ndokuti zvinyoronyoro, cheu, kuti vanyatsoona kuti ndiani ainokuvachingamidza.

'Ndianiko, nhai, machinda angu? Maziso ave kuonera madzerere, kana nenzeve dzave matsi. Dosederai pedyo ndinyatsokuonai, vanangu.'

Ava ndokuti, 'Ndisu vana Matope naBakasa, vazukuru venyu. Tadzoka kwatakanga taenda.'

'Nhaiwo! Ko, ndichaonasu, kana kunzwa handichanyatsonzwa. Regai vakuru vakati chinokura chinokotama, chinodya mutengeni chigere pasi. Chokwadi, ndave kudya nhengeni ndigere pasi.' Vakazoti vanyatsoongorora, ndokuti, 'E-e, wani. Zvino ndazonyatsokuonai. Ndimi vanangu makanga maenda kwaMutota?'

'Hungu, mhanduwe, ndisu. Ko, VaChangamire vakadiiko?'

'A-a, varipo zvavo. Hapana chakaipa, vanangu. Tinototyiraka ikoko kwamakanga mafambira.'

'Aiwa, kwakanaka, mhanduwe.'

Ndizvo VaBiri, vahanzvadzi yaVaNyakotyo, vakaenda navo kundovasuma kwaVaSamusha avo vaive vagere mumba mavo mavainokuitirana nharo nomukuwasha wavo. Vachinzwa makakatanwa ayo, vakambomira kupinda mumba ndokumboenda kumba kwaBakasa kwavakandotambirwa naVaHaruna, mukadzi waBakasa. Mumbamo, ava vaviri vainokutaurirana vachiti, 'Iwe Mhutsa, mukuwasha, kubvira kusvika kwako pano pamusha wangu, hapana kuzove norunyararo. Ropa romwana wangu riri kuchema kutsi kwevhu kwarirere. Unototi uripe ngozi yawakapara pano yokufa komwana wangu.'

Uyu ndokuti, 'Kweteka, baba. Kana neniwo ndiri kuchema ropa romudzimai, nerevana vangu vakatsakatika. Taita mutsva kaviri, Wafawanaka. Imi matsva dumbu, ini ndatsva musana.'

'Nokuti, kwawakabva hatikuzive. Kana nemidzimu

yenyu hatiizive. Kubvira kuroora kwawakaita mwana wangu uchiita zvokuponda ugariri, nanhasi hatisati taona anobva kwenyu, kana kunzwa nezvemidzimu yokwenyu. Kana neinotsika haimo mudanga mangu.'

'Madarireiko, Wafawanaka? Ko, zvandiri Shava Mazarura wani! Ko, kuponda ugariri hakusi kuroora here?'

'Ndadaro napamusaka pokuti ini ndapinda mumichichi yandisati ndamboona nezvawakaita pano. Izvozvi izvi zvatisunga mbira dzakondo. Zvaakutoda kuti iwe upire madiramhamba emidzimu yokwenyu yatisingazive, tinzwe zvainochema, nokuripa mhaka yezvakaitika pano.'

Mhutsa ndokupindura, 'Zvino kana zviri izvozvo, Wafawanaka, ini ndinoti michichi yakadai inobva nokuna amai, kwete nokunababa. Saka ngozi iyi ndeye dzinza rokumba kwenyu kwakaberekwa VaZamuguru, amai vevana, kwete kwangu kweShava Mazarura kuChitungwiza.'

'Usadaro, mukuwasha!' Ndokudaro VaNyakotyo nehasha.

'Unondikonza mazaridzwa. Haisi midzimu yokwaa-Nyakotyo. Iyi midzimu yengozi yokwenyu nokuti kwawakabva hatikuzive. Chokwadi unotondiripa mhaka yawakapara pano pamusha.'

'Ndazvinzwa, baba. Iniwo ndiri kungoti changu ini hachina kumbowira vamwe. Ivhu iri kana riri iro rakatsitsirira vana vangu, chokwadi ndinoti richavarutsa chete. Ndiro bedzi riri kuziva kuti mwana wembeva anorwara.'

'Uchirwara nei, nhaiwe Mhutsa? Iyo mbeva inorwara? Kuzvidemba kwaunoita uku handiti kutofara kuti wakaurayisa mwana wangu? Chokwadi tichasvitsana kwaMutota kunova ndiko kwakaenda mwana wangu nesvikiro redu rokwaMatope. Hezvi maziso atsvuka nokutarisira kunzira. Uri mhunzamusha iwe chaiyo. Kana nokwawakabva wakakarobva uchitiza botso . . .'

Vakati vachiri pakati pemakakatanwa aya, vakanzwa, go, go, go, pamusuo.

'Ndiani?' VaNyakotyo vakadaro negungudzo.

'Ndisu vana venyu tasvika kubva kwaMutota, Wafawanaka.'

VaNyakotyo vakaita somunhu abengenuka kuhope, ndokuti kumukuwasha wavo, 'Dovazarurirai gonhi, mukuwasha, tinzwe zvatanga takamirira zvokwaMutota.'

Vaye ndokuti, tumbe, potyo nemo.

'Garai papapo, machinda angu. Ko, handitika zverwendo rwenyu ndizvo zvatanga tichangunotaurirana nomukuwasha pano?' Vakakwazisana sepatsika dzechinyakare dzechiMbire. Shure VaNyakotyo ndokuti, 'Makasiya vokwaMutota vakadiiko?'

'Aiwa, vaive wadi zvavo, Wafawanaka. Vaikusimbisai chaizvo.'

Vanhu veVaMbire havakurumidze vataura nyaya. Ndizvo vakati vapedza kudya, vakachinyatsozvidekadza zvino, VaNyakotyo ndokuzoti, 'Machinda angu, ndikare watakakumirirai. Chitipirai shoko ramakasvikopiwa kwaMutota.'

Bakasa ndokuti, 'Zvatakaona, nezvatakanzwa zvizhinji, baba. Asi svikiro redu rokwaMatope iri riri pano, ndiro richakuturirai mashoko ose atauya nawo.'

Katonje akabva atsetsenura nhoroondo yezvakaitika zvose kubva pakasvika Bakasa-pamusha pake.

Vachinzwa izvi, VaNyakotyo vakashama muromo, vakaombera, ndokucheukira kuna Mhutsa, ndokuti, 'Honaka, mukuwasha! Ndiro shokoka iri ratanga takamiriraka kunzwa. Mwoyo yedu zvino yasununguka. Tapiwa donhodzo ratanga tichichemera.' Shure kwechinguvana, vakati, 'Asi ngozi yokufa kwomwana wangu ichimire.'

Kuna Matope, ndokuti, 'Fambira mberi nenyaya yako, muzvarwa.'

Uyu ndokuti, 'Izwi rakafambira mberi, rikati, 'Chidzokerai zvenyu kuna VaNyakotyo munovaudza zvandareva zvokuti andobika madiramhamba ehwahwa nokupira fodya nedoro pachikuva, nokukokera mutambo webira rokutambira njuzu yakatora vana. Ipapo mukadaro, muchaona mhou ichidzorerwa mhuru dzayo.'

VaNyakotyo vakaombera, vakatenda vachiti, 'Maita zvenyu, Soko Chirongo, Mukanya, mune kufamba kunenge kudanhira mabwe, kutizira kuchinge kutiza botso. Mahomuhomu, vagari matombo, nemarize, netsombori muchidya netsenza.'

Kwechinguvana, VaNyakotyo vakamboti pasi nde-e, ndokuzoti, 'Ko, nhai Mukanya, izvi zvakambenge zvaitirweiko kuti vana vanyudzwe mumvura nenjuzu? Imhakaiko yatakanga tapara?'

'Hapana chamakanga matadza. Hapanaba. Izvi zvakaitirwa bedzi kuratidza simba ravari kumhepo nokuda madiramhamba edoro, nomupiro weropa, nokuratidza kuti ava vana vaizove matunzvi ebasa guru rinoera ravaizoponda. Ndiko kutaura kwakaita svikiro rokwaMutota, Wafawanaka.'

'Hauwoneka! Ndizvo zvatanga takamiriraka kunzwa izvi. Zvino mwoyo yedu iyo yanga yakati svi-i, zvino yachiti mbu-u, yacheneswa sechidziva chemvura changa chine mabvondwe. Zvino chinditambidzai kamukombe kedoro kandasiyidzira, ndichiseredzera zvangu sadza ranga rarambirira pahuro.'

VaNyakotyo vakambomedza doro, pashure ndokuti kuhanzvadzi yavo, 'Mazvinzwaka, vahanzvadzi, munova ndimi vatete vevana? Zvinodikanwa kuitwa nesvikiro rokwaMutota mazvinzwisisaka?'

'Hungu, Wafawanaka, ndazvinzwa.'

'Zvino zvamusisina maoko kudai, mobva mandoudza varoora venyu, netuzukuru twenyu, kuti vatangise kunyika zviyo, hwahwa hugoparurwa, nokupiswa, ndokudirwa nokukurumidza, vanhu vaungane pamutambo webira renjuzu.'

Ndizvo zvakaitika kuti hwahwa hwakabikwa, vanhu vakaungana pamusha waVaNyakotyo pabira renjuzu yainzi yakanga yanyudza vana mumvura.

Ngoma dzamadandanda dzakasangana nedzechidzimba, nedzemangwingwindo, dziri dzenjari, dzakararodandaura usiku hwose. Makomo eRukowakuona akadzorera maungira emutsindo wengoma newenziyo, mhururu nemheterwa. Varume navakadzi, pasina rusaruramunhu, vakapinda mudandare rezimbaro guru raVaNyakotyo, vakakaida kuimba, vachiita mutsendemutsendemu mutambiro wejongwe. Varume vainge vakabata makano, vakadzi tsomho, vachitamba vachiedzesera zvokutemana muhondo, dikita richikopota. Mumbamo makagoti huya tiende negutukutu rerugwemera rwavaidikitira kutamba.

Harahwa nechembere dzakanga dzave nechin'ai nokugara mudzimba, vose ava, vakasvetuka, vakachirika zvaitoshamisa kuti vanhu vava vakwegura kudai, simba iri vairiwanepi. Vakadekaira kwazvo vachigutsurira misoro semajiri esango ari kupopa hwiza mugan'a. Vamwe vakazvongonyoka vachiita mufambiro wenyoka, vamwe vachidzvova seshumba dzomusango. Kana VaBiri havaizenge vaye vaifamba semhou hora. Pazuva ranhasi, huchembere hwakarasirwa kuzararota. Vaiti vakatsendemukira pamberi, vouya votsendemukira mushure, vakabata katsomho kavo. Aiwa, waizara huruva mukanwa wakavatarisisa. Ndoda muroora wavo Haruna, uyo wainge ari mudandare panze achitamba jerusarema! Waimuona

achipururudza, maoko achiitwa murasirashure, icho chiuno chichikunyungudzwa chichigedageda serusero, iyo mikonde yechuma ichingoti waka waka muchiuno, musoro uchidemwedzeka sewenjiva, kana nyoka iya yave kuda kuruma munhu.

Kuna vaive namashave, vakarara vamire, riri serevende, maziso piriviri nokushaya hope nokutambira njuzu.

Bakasa, muridzingoma, aiizvambura-zvambura ngoma yacho achishena-shena seanopenga, achinge munhu apoterwa. Waiti akaringisa uku nokuku, akaringisa kudenga, akaringisa pasi, napangoma ipapo, akasvetuka, akazimbirika senguri, akashena-shena maziso hedzo nyimo, idzo mhuno dzikafengurwa nokufema huruva yaimbumurwa navatambi. Chokwadi waizarawo huruva mukanwa uchimuona maoko angoti tuku tuku kuzvimba.

Wakati zvino mutambo wapfumbira, Haruna, akapinda mudambiro nekakomana, akayevedza vanhu zvikuru vachimuona chiuno chosefa serusero, achikunyungudza seasvikirwa. Vaiti vakatarisana, voti twi kumira votsendemukira mberi neshure, voti sai, sevanoda kugwizana zvinena, vosuduruka zvakare, vozeya vachidaro. Aiwa, waizara rutwe mukanwa wakavatarisa. Chokwadi, kana newe waibvuma kuti vakafa havana chavakaona, kutaurirwa hunyimwa.

Mukati memba ndimo maive nevechikuru mavaitamba ngoma dzechinyakare, dzemashave. Ngoma dzakararodandaura, varume vakabata makano, vakadzi tsomho, vari gundamusaira mumbamo, iri gutukutu romweya waive nehuruva nehanambwa remiviri yaive yangove diutiu redikita. Muno ndimo mairidzwa dzamashave, dzechidzimba, dzemangwingwindo, dzenjari, mitumba nemhiningiro dzichidandaura kurira usiku hwose. Vamwe vakasvikirwa nemashave emazenda, emagadairwa, emadzviti,

neechidzimba, neemhondoro, apo ngoma payakange yapfumbira.

Zvino kwakazoti ava mangwana, zuva rachiti patsu, kwaedza, vanhu vakachinanga zvino kuchidziva chiya chakanga charasikira vana. Vaitungamirwa nesvikiro raMatope, vachiimba: 'Kuenda Mbire vakomana imi'. Vakasvika pachidziva ichocho ndokusuma kakari kedoro kumidzimu yavo. Svikiro rakati, 'Honaika, madzitateguru edu, muri kumhepo! Taita zviya zvirango zvamakatiudza. Usiku hwose tararopfukudzira, tichidemba, nokugungudzika kutsvaka donhodzo revana vakadzamikira muchidziva chemvura. Sokutaura kwomutumwa wenyu, ngazvive sokuda kwenyu, tibve pano tave nedemwedzeko rorufaro, nedonhodzo, nokutidzorera ava vacheche vamakatora. Heyi mbudzi imire papo, yamirira kudeurwa ropa sediramhamba; nairori doro redonhodzo ratave kudeura mberi kwenyu. Tati, ngaichisiya matambo, mupisike misodzi yedu. Iri bira ratararira tichitamba, rirege kunge kuvaraidza zuva ravanoteya nzou nerihwa.'

Zvino VaMatope vakati vapedzezvo, vanhu vakatonzwa kuti tubwi, tubwi, tubwi, mumvura. Vakatoona mvura seinovira pachoto. Nechinguvana, vakatonzwa n'ee, n'ee, kuchema kwevana muchigwenzi vari murusero. Vanhu ndokumboti, zi-i, sevabatwa nechidzimira.

Ngoma dzakazoti dzoridzwa zvino, nemipururu yotsemurwa, kufarira vana vaye vakanga vatorwa nenjuzu, aiwa, denga nepasi zvakabva zvasangana. Mhutsa akasvetuka, akachirika nesimba guru achipemberera vana vake, achivagam'chidzana naVaBiri, vatete vavo. Ndokuve gundamusaira chairo zvino ravanhu vodzokera kumamisha avo, ngoma dzichirira, kuchiimbwa: 'Mwana wamambo haanonzarwo', muchiKorekore, kuchisvetukwa, kuchipemberwa, makomo achidzorerawo rufarorwo namaungira

awo. Kana neshiri dzaibhururuka dziri mukumbu dzakaita sokunge kupembererawo rufaro rwakadai. Kana nemombewo, zvakare, dzakanga dziri kumafuro, naidzowo dzakaita sokuribiduka, dzichibova, dzichipumha miswe yadzo, sokunge kufarirawo vana vakanga vawanikwa vainzi vakanga vanyudzwa mumvura nenjuzu. Chokwadi, ndokuita sokunge vari kudenga navari pasi vasangana vose pamwe chete murumuko rwokuvachakabvu rwavana vacheche.

Asi pane zvizvi zvose, izwi rimwe chete rakanzwika kugungudzika richiti, 'Ko, zvino mwana wangu akagofireiko, hezvi vazukuru vangu vawanikwa vachiri vapenyu kudai?'

# *Chitsauko 4*

Bute naNyamita hanzvadzi yake, vakakura vachirerwa nasekuru wavo, Bakasa, hanzvadzi yaamai vavo, naHaruna mukadzi wake. Bakasa naHaruna havainge sekuru naambuya kuvana ava. Vainge baba naamai chaivo. Mhutsa akagara setsvimborume asisina mukadzi pamba, akaita sababamukuru kuvana vake.

Bute naNyamita havainge vana vaye vakambenge vanyudzwa muchidziva nenjuzu. Makore akafambira mberi, vakatangisa kuve madzukwa chaiwo evana. Bute akave jaya rino hombe, rine mazimipimbiri marefu, nemikono mikuru, richikovaira kwazvo kufamba. Pachinhanho ichi, rakatenge rosveera kuna baba waro muurefu. Rakanga rine maziso mahombe, nevhudzi dzvuku seremuRozvi, netsiye tsvuku, ndefu. Kana vairiona vaiti, gomana iri parichakurira richange samambo chaiye.

Nokunorumwe rutivi, Nyamita akanga ari musikana aive nohunhu hwakatoredzera, achiputsirazai mukururama. Ainge aine vhudzi dema, netsiye nhema, ndefu, ari mutete, namaziso aive akapuva, aiyevedza, nemboni shava. Ainye-

mwerera zvaitora mwoyo chaizvo nezwi gobvu rainge rechirume rainakidza kuteerera kana richitaura.

Nyamita haaigara pasi, svesve richisara pasi nokubinduka, vanhu vachishama kuti, ko, simba rakadai airiwanepi.

Zvakaitika kuti paye VaHaruna zvavakange vamire panze pemba yavo, vachiona VaMhutsa vachipfuura, vakati, 'Mukuwasha, douyaika muzoona zvatavigirwa pano nomwana wenyu.' Ava ndokusedera, vopinda mumbamo.

Vakakanuka voti, 'Ko, nhai ambuya . . .! Aka katswanda kazere hove, mati dzabatwa nani?'

'NaNyamita, vari vaviri naChikare wokwedu. Ikokoka kuchidziva chiya chiri pazambuko raDande kwavanodzikukudza mangwanani ngwanani.'

'Paye pavakambonyudzwa nenjuzu?'

'Ipapo, Mazarura.'

'Kwete, kani! Asi vave kuda kutimutsira ngozi iya yakare, nhai? Chokwadi, musikanzwa wevana ava uchatipinza zvakare napamupata weRukowakuona.'

'Aiwa, baba , VaNyakotyo vakati hapana njuzu inopamhidza zvayakamboita. Hainge imbwa iya inodzokera marutsi ayo. VaNyakotyo vakasimbisa kuti hazvichazofi zvakaitika kuti vangatorwe nenjuzu zvakare.'

'Asi ini handina chokwadi nazvo. Chirema ndechaanezano, chinotamba chakazendamira kumadziro. Chakatanga ndicho chakachenjedza.'

'Aiwa, musatye zvenyu. Wakave muko njuzu kupamhidza kuita zvayakatsiidza kusaita.'

Vachidaro kutaurirana, Bakasa akabva apindawo mumba imomo.

'Tarisaika, baba wemwana, zvauya nevana kubva kuchisango icho!'

Achitarisa mune imwe tswanda, Bakasa akatoona muzere mazhanje, mabou, hute, maroro, tsvanzva, matufu nemimwe michero.

'Ko, izvi zvauya nani?'

'NaChikare, mwana wokwenyu.'

Bakasa akatangisa kudya michero iya yokumachiri ekuRukowakuona. Nechinguvana, Mai Bakasa vakabuda panze ndokukanukazve vachiti, 'Baba, dobudai muonezve zviri kuuya uko. Uyu ndokuti, bwa-a, akatoona chimhandara chake hechino chiri kuuya chakatswiga svinga rehuni riri pahata pamusoro.

'Titambireika, amai vangu', Mai Bakasa vakadaro.

'Manga mandodzitemera kupiko, nhai zimhandara?'

'Kuchisango uko mujinga mechikomo,' vari vaviri naNyamita, vakadaro uyuwo ane rake svinga. Amai ndokuti kumwana wavo, 'Mazviita zvenyu, Soko yangu yiyi, vachiramba kurehwa, vanoti kurehwa vobva vasvika; vachirera nherera amai vangu, vamandikokota vachitura nditurewo, vachirerwa ndirerewo. Maita zvenyu, mushoma.' Vachitura mwana wavo, mai Bakasa vakati kuna Nyamita, 'Maita, Shava Mhofu yeChikadzi! Ngazvirambe zvakadaro. Namangwana musanete.' Vachitarisa Nyamita, vakati, 'Ko, hanzvadzi yako yaswera kupi zvatisina kuiona nhasi?'

'Amai, ndinofunga kuti aenda navamwe kundovhima kumakomo ekuRukowakuona.'

Bakasa akabuda panze achisvipa makoko emazhanje aakanga achinokudya, ndokuti, 'Aa mamwe mazhanje haanake. Maatora kuchisango chipi?'

'Aiwa, baba, michero yomusango hainzarwo. Hainzi hainake. Zvinoshura. Vari kumhepo vakazvinzwa havazofari. Zvingakonzere rombo rakaipa kuvana kana vazoendako zvakare.'

'Chandati ndawana kwavari vari kumhepo chii, hezvi ndichingove ndichiri munhu wenhamo kudai?'

'Aiwaka, baba womwana. Tendai muchero uwe.' Nyamita haana kuzogara nguva ndefu, ndokubva ati,

'Amai, ndaanenzara ini. Mabikeiko?'

'Yuwi! Mwana uyu kani, ane nzara iri padama. Kana naiyewo anokuroora, chokwadi, achatomira pachuru kukuriritira.'

'A! Handiroorwe ini, amai.'

'Yowe! Ugosaroorwa sei iwe uri mwana womusikana?'

'Kuroorwa ndokunei? Ko, kungozvigarira kwakadii?'

'Chokwadi, Nyamita unondishamisa. Ungagosada kuroorwa zvinoitwa vamwe!'

Vachicheukira kuna Mhutsa, ndokuti, 'Nhai, baba! Muri kuzvinzwawo here izvi zviri kutaurwa nomwana wenyu?'

'Zviri zveiko?'

'Zvokunzika, ini handiroorwe?'

'Asingaroorwe ndiye ane svikiro kana chitsinha. Asingade varume, ane dunzvi. Tinogadza mapfihwa kuti tiwane pfuma. Zvino dai kuri kutaura komukuru, taiti zvimwe kune musoro. Zvino zvakuri kwaNyamitawo, aiwa, ndokwehwana huduku chete. Pfungwa dzakadai dzinopera nokukura.'

'Aiwa, baba, ini handioni kupera kwadzo. Zvinonzika, mviro mviro yemhanza mapfeka. Izvozvi mwana atove nechinzvi.'

Nyamita naChikare vakaenda kundodya. Necherutivi, Mhutsa akati, 'Nhai, amai vemwana! Iyo nyaya yokumbotorwa kwevana nenjuzu, mati mambovataurirawo here?'

'Aiwa, Mazarura. Iyo nyaya yakadaro mati inotaurirwa vana vakadai here? Kana kuziva kuti havasi vana vangu vokubereka handifunge kuti vanozviziva.'

'Ko munoregerei kuvataurira?'

'Ndinotya kuti vana vangazovhunduka vakashaya dzikamo. Vakasandiona saamai vavo, vanozogara vakasuruvara sevatorwa, kana nherera mumba mangu.'

'Aiwa, hapana chakaipa. Tarisai muone ava vana vakura zvino. Uyu Bute ratove jaya rava kutonoteya njiva navamwe. Uyuwo Charwe ave mhandara yave kutokuya njera nokuswera navamwe kumajangano,' VaMhutsa vakadaro.

'Zviri kwamuri, baba,' ndokudaro VaHaruna. 'Asi ini ndanga ndati, kwete, ngazvimbogara zvakadaro.'

Bakasa akapindurawo oti, 'Zvino kana muchifunga, amai vemwana, munoti ivo vana ava havazvizive here kuti ndizvo zvakamboitika vachiri vacheche?'

'Vakazvinzwa nani?'

'Kushamwari dzavanotamba nadzo. Kana naiye Chikare uyu, haana kunge akavabayira zanhi kare here pane zvizvi? Zvechokwadi, tarisaika magariro evana ava. Havasiyane. Vanenge gonzo nachin'ai. Kwese kwese unongovaona vari vese.' Bakasa akaenderera mberi, achiti, 'Hamuone here kuti uyu Chikare anotaurisa, ane nyn'ambo dzisingapere dzinenge dzomukadzi mukuru.'

Bakasa naVaMhutsa, mukuwasha wavo, vakaenda zvavo, vosiya VaHaruna vopinda mumba, vokwedekera gonhi kuti huku dzisapinde.

Vachangodaro vakanzwa panze, go, go, go! VaHaruna vakati.

'NdiBute?'

'E-e! Ndini, amai. Nditambireika!'

VaHaruna vakazarura gonhi ndokukanuka voti, 'E-e, hombarume, Shava! Chiiko chamakatakura, baba wangu?'

'Bandauko.'

'Reiko, mwanangu?'

'Remhembwe dzatauraya muchisango icho kuRukowakuona.'

'Vahombarume, zvaitwa! Vachiriritira nherera, jengetamacheche, mune tsitsi dzisina vamwe. Zvaitwa Shava yangu yiyi, Mhofu yoMukono.' Achinzwa izvi, akabva ati zenze tuku nokufara.

'Ko, Nyamita ari kupi?'

Nechomumoyo, VaHaruna vakati, 'Hezvoka zvatanga tichataura zviya zvokuti vana ava havasiyane.' Ndokuti, 'Ndiye uyo ari kokoko, hanzvadzi yako.'

Bute akagara pasi navamwe vaakanga auya nawo. VaHaruna vakati, 'Ko, ava vaunavo, ndavanaani?'

Iye akapindura! 'Uyu ndiMutsakadzi muzukuru wokwaMutota. Uyu ndiNguruve Musaruro, jinda rokwaMutota,' achivanongedzera kuno mumwe nomumwe.

'Ko, watorana navo kupi?'

'Kumakomo eMavhuradonha neeRukowakuona kwatakanga taenda kucharara.'

Vakagara pasi vakatangisa kudya michero yakanga yauya naNyamita naChikare. Asi ziso raMutsakadzi rakati rati tsvarara pana Nyamita, akabva atorwa mwoyo naye. Akatorwa mwoyo zvikuru nounhu kwake hwokufamba nesimba, nezwi rake gobvu rainge rechirume rainakidza kana achitaura. Kunyemwerera kwake kwainge mwedzi wejenaguru uri kutarutsa makore nokupa rujeko kunyika ine rima. Maziso ake machenachena, ainge mukaka womunamba uchangokamiwa. Chimiro chake chaive pakati poupfupi nourefu. Paaizokurira, aizotarisika kuti aizove mukadzi anoyevedza chaizvo. Ndiyeyuka mwanasikana akanga atora mwoyo waMutsakadzi, muKorekore aibva kuDande.

Nechinguvana, VaBakasa vakapinda mumbamo. Vakati vaonana navakomana ava, vakayeuka nguva dziye dzava-

kambosangana kwaMutota, Mutsakadzi achivatura kuna Katonje, svikiro rokwaMutota. Vakakurukura vachiyeuchidzana zvemisi yakare, achinongedzera kuna Nyamita uyo wavaive vafambira panguva iyoyo. Asi zvose zvakazosara zvotaurwa, zvakanga zvisisapinde mumusoro maMutsakadzi. Ziso rake rakanga rongoti mha kumusikana wakanga asvika pachinhanho choumhandara. Musaruro akaonawo Nyamita akabvuma kuti aive musikana akarurama, anotora mwoyo.

Vakati vachatandara manheru iwayo, Nyamita akabvunzisisa achiti, 'Nhaimi amai! Ko, zvatinonzwa kunzi Bute neni takambonyudzwa muchidziva chemvura, ichokwadi here?'

Vatete vakamboti mwi-i, vachinge munhu ashaya chokupindura. Shure, ndokuti kuna Bakasa, murume wavo, 'Muri kuzvinzwawoka izvi zviri kubvunzwa nomwana wenyu?'

'Hungu, ndiri kuzvinzwa.'

Vaya ndokuti, 'Wakazvinzwa aniko, mwanangu?'

'Zvinowanzotaurwa wani neshamwari dzedu, pamwe naChikare pachake. Vanoti takazvarirwa muchidziva chemvura, tikakuriramo.'

Bakasa akamboti nan'ana, ndokuzoti, 'Kwete, mwanangu, hamuna kuzvarirwa mumvura, asi kuti makambotorwa nenjuzu mukanyudzwa muchidziva muna Dande mukambogaramo kwemazuva manomwe.

'Zvakambouya sei kuti tizonyudzwa mumvura?' Bute akabvunza. Ipapo Mhutsa akabva apinda mumbamo, ndokukwazisana navakomana vaya vaviri vakanga vauya naBute. Achinzwa mubvunzo womwana wake, akapindura oti, 'Zvakauya zvakadai, mwanangu Bute: Amai venyu VaZamuguru — vakazofa vachizvisungirira — vakanga vaenda kundogeza kurukova, zvino ndokukusiyai pakadaro

apo, vondogeza muchigwenzi. Vakazoti vapedza ndokuwana imi musisipo panzvimbo yavakanga vakusiyai muri. Guta rose rasekuru wenyu, Nyakotyo, ndokuve manyama amire nerongo kukutsvakai.'

Bute naChikare, vachinzwa zvaitaurwa naVaMhutsa vachizviti ndibaba wavo, vakamboshamisika zvikuru. Vakati, 'Ko, imi zvamuri baba wedu, ko, VaBakasa naVaHaruna chii kwatiri?'

'Ndisekuru navatete kwamuri,' Mhutsa akadaro. Ipapo zvakabva zvasimbisa zvavaichimbonzwa shamwari dzavo dzichitaura, ivo vachiti inhema. Vakamboti zi-i, sevanhu varasika mupfungwa. Shure, Bute akabvunza, 'Ko, takanga tanyudzwa nani?'

'Nenjuzu, mwanangu.'

Nyamita akati, 'Chii chinonzi njuzu?'

'Njuzu, mwanangu, Nyamita, imhuka yemashiripiti inogara mumvura, ino musoro wechikadzi, nomuviri une besu rinenge rehove.'

Nyamita akateerera, akabata rushaya noruoko rworuboshwe, achiita sokunge kutya, kana kushamisika. Ndokuti, 'Imhuka rudzii yakadaro, nhaimi baba?'

'Imhuka yesvikiro inove ndiyo nhumwa inoshurikidzira kuuya kwaavo vanenge vasarudzwa kuzove mabotedzi, kana masvikiro erudzi. Inobva kumhepo ichiuya kuzoita manenji ayo kuvanhu.'

'Ini handichazofa ndakaendazve kuchidziva ichocho,' akadaro Bute.

'Ko, zvatinongove tichituhwinha muchidziva ichocho wani, nhai Bute! Zvataurwa nababa zvokuti tiri masvikiro akasarudzika, hauna kuzvinzwa here?'

'Ndazvinzwa zvangu. Asi amheno zvako iyewe, Nyamita, uchaenda woga.'

'Unoramba sei kana nyika yakusarudza norukudzo kuti

uve svikiro rayo? Vematenga vatinzwira tsitsi nokutizora mafuta oumambo nokutimisira basa guru guru rakadai rokuriritira nyika yedu nomudonzvo wohutungamiri hunoshamisa zvakadai. Asi ini zvangu ndinogamuchira basa iri guru randapiwa nenjuzu.' Hanzvadzi yake akatiwo, 'Kana neni ndinorigamuchira iri basa rave pamusoro pangu.'

Mutsakadzi naMusaruro vakateerera nyaya iyi inozuzumisa muviri, vakashama nokushama. Asi Mutsakadzi haana kurasa mwoyo. Akavimba kuti zvichauya napamwe agowana rudo rwomusikana waakanga adisisa zvikuru.

Manheru iwayo, vachangopedza kunzwa nyaya iyi, vakanzwa panze mutsindo, nezwi roti, 'Go, go, go! tisvikewo!'

'Ndiani?' Izwi raBakasa rakadaira mukati.

'Ndini tete, ndizarurirei.'

Vakazarura. VaBiri ndokubva vapinda vachifemereka kwazvo vakabata muchiuno, ndokuti vakanangana naMhutsa, 'Nhai mukuwasha! Nyaya dzinenge dzenjuzu hadzisi nyaya dzokuvhundutsira vana nadzo. Vana vanokura vachitya kupinda muhova, kana mumadziva, vachifungidzira kuti mose mose mune njuzu.'

'Aiwa kani, vambuya, vana vatibvunza napamusaka peguhwa ravari kunzwa kushamwari dzavo.'

'Zvokwaani! Vana vanongotutirwa nyaya dzavasati vakodzera kuziva navabereki vasati vakura mupfungwa semi.'

'Hatina chatatadza, vambuya. Kutaurira vana chokwadi hakusi kutadza kani.'

'Iweka iwe, mukuwasha! Nyaya idzi dzenhamo yepamusha pano dzakatangisa newe. Zvemidzimu yokwenyu hatizvizive. Kutaura zvinoera kuvana vachiri madzukwa kunovapandutsa, nokuvakanganisa kukura zvakanaka.'

'Kwete, kani, vambuya . . .'

'A-a, zvokwaani! Nhasi tamira panyanga dzamushore nenyaya yevana ava. Takazodakara kutumira nhume kwaMutota kundotsvangiridza chikonzero chengozi iyi yakanga yauya pamba pamusaka pako. Nhasi waakuita kutamba nomusoro wenyoka zvakare. Unoziva sei kuti njuzu ingauye ikazorova zvakare pavana vomusha uno?'

'Musanetsekane zvenyu neni, vambuya.' Mhutsa akadaro nokugumbuka.

'Ndisanetsekane sei, nhai mukuwasha?'

'Nokuti ndafunga zvokudzokera kwandakabva, kuChitungwiza.'

'Yuwi! Ko, iyi mhuri ugoisiya nani?'

'Inombosarawo zvayo nemi. Ini ndombononzwawo zvinotaura midzimu yokwedu yokwaRwizi. Kana zviripo zvakatadzika vanenge vachindiudzawo mazano okuripa iyi ngozi yatiwira pano pamusha wavatezvara.'

'Ndozvawafunga kuita, nhai, mukuwasha? Wave kutiza ngozi?'

'Ko, ndodiiko, nhai vambuya? Handisisina zororo pano. Ndagara parufuse, panyanga dzamushore. Midzimu yokwedu inenge yadimbura mbereko.'

'Ko, VaChangamire vanozvizivawo here kuti ndozvamafunga kuita kubata rwendo rwokutiza ngozi nokumbodzokera kwamakabva?'

'Vachazviziva zvavo kana rwendo rwapfumbira, nokunge tsoka dzaringe nzira.'

Vakazosara vachivingurirana zvavo vachidai ivo vana vave kutoridza ngonono. Kana vaHaruna vakanga vave kutodzimwaidzwawo zvavo nehope vasisanzwisise zvose zvainokutaurwa navava vaviri.

VaBiri vakaita sokunge kugumbuka kuti pamwe ndivo

vakonzera rugande kumukuwasha rwokuda kubata rwendo rwokudzokera kwake kwaRwizi.

VaBiri vakazobva mumbamo ave manheru makuru, ndokupumhuzika zvavo vonanga kumba kwavo kwava-igara voga, sechirikadzi.

Kwakazoti nezuva rakatevera rakawana VaNyakotyo vatobata kare jongwe kumuromo, vave padare apo paino-kuti moto roi roi. Somunhu akanga arara agere nenhunha dzemwoyo wake, Mhutsa akananaira achinanga kudare kwakanga kwagarwa kare naVaNyakotyo.

'Mangwananii, Wafawanaka!' Mhutsa akakwazisa VaSamusha.

'Mangwananii, Mazarura. Marara seiko kumba kunge mafumobatawo jongwe kumuromo seni, mukuwasha?'

Uyu ndokuti, 'Tamborara zvedu, baba, asi ndine shoko rokutaura nemi, Wafawanaka.'

'Riri reiko, nhai Mhutsa? Gara napapa.'

'Aiwa, vatezvara, ini ndaachirozva mauya, chiunza mavi. Musha waVaNyakotyo, wavatezvara, wave manyama amira nerongo napamusaka pomumvuri wengozi wandavaparira.'

VaNyakotyo vakamboramba vakati mwi-i, vakaringisa pasi, mukuwasha wavo achitaura nhuna dzemwoyo wake. Vakazoti, 'Taura zvako, mukuwasha.'

'Ndati ndonoita nzwirapamuviri tsvimbo yarova dapi, ndiri pamusha pedu paRwizi, nokundotsvaga chikonzero chaita kuti ndimire negumbo rimwe chete, nechakonzera kuti manga chena iparire parere nhema.'

'Nhai mukuwasha! Wati waachirozva mauya, chiunza mavi, pano pamusha pangu, ndiani?'

'A-a, baba! Iyi inyaya yangopararira neguta rino rose rose,' akadaro achifemba fodya yake yomumhuno, yebute, nokuetsura ruviri, rutatu.

'Kuita mhuri hakusi kutadza. Kana pari ipo pandakapiwa napo, handina simba rokuzvisandura, Wafawanaka.' VaNyakotyo vakamuringisa, ndokuti, 'Mukuwasha, pano pamusha ndepako, zve, ndepevana vako. Wakauya pano usina, ukaponda ugariri, ndikakuroodza mwanasikana wangu, Zamuguru, kunyange asisipo zvake. Nhasi wakapiwa vana vako vaviri vepamairi. Ko, chaipa chiiko?'

'Hapana changa chakaipa, baba, asi kuti shoko riri kubuda richiti vana vako vatipinza mukugara takasusuvara. Hatichaziva chinotevera zuva nezuva, nengozi ichatiwira, kana zvichaitika.'

'Ndiani akadaro?'

'Zvinozivikanwa nomusha wose, Wafawanaka. Zvokureurura ndozvinei?'

'Aiwaka, mukuwasha. Ndinoda kuziva akadaro.'

'Vambuya vangu ndivo vakadaro.'

'Vahanzvadzi vangu, vaBiri?'

'Ndizvo chaizvo, baba.'

VaBiri vakashevedzwa, ndokuuya padarepo pakanga pagerwe navarume ava vaviri.

'Vahanzvadzi vangu, pano paita nyaya nomukuwasha.' VaBiri vakateerera hanzvadzi yavo ichitaura.

'Mukuwasha ari kuti ini pano pamusha ndamira negumbo rimwe chete, ndagara murufuse. Wati ndonoita nzwirapamuviri tsvimbo yarova dapi ndiri pamusha wababa wangu kwaRwizi. Mukuwasha auya nechichemo chokuti ndanzi ndiwe uri kuunza nhamo namatambudziko pano pamusha. Munozivawo here mviro mviro yenyaya iyi?''

VaBiri ndokuti, 'Wafawanaka, hapana zvokuvanza pane zvizvi. Ini ndakanzwa mukuwasha achinokutaurira vana vake nezvenjuzu ndiri muberere memba manheru. Ndipo pandakamutsiura ndichiti, 'Hona, mukuwasha, nyaya

dzakadai hadzikurukurirwe vana vezera ramadzukwa. Vanozoshaya dzikamo vakapanduka, vakaita sevabatwa nebuka.'

VaNyakotyo ndokuti kuna Mhutsa, 'Ndizvo here, Shava?'

'Hungu, baba, ndizvo zvazvo.'

'Taurai, vahanzvadzi, ndakateerera.'

'Zvino ndipo pandakazoti, hona mukuwasha kubvira kuuya kwako pano, hatina kuzowana runyararo. Takazodzamara kutumira nhume kwaMutota kundotsvaga chikonzero, napamusaka pemhuri yako, nhasi woda kutimutsira rimwe bongozozo zvakare pano.'

'Imi vahanzvadzi, hamuna kunzwa here zvichinzi nenjuzu ava vana vakasarudzika kuzoita mabasa anokosha pakati pevanhu vavo?'

'Ndakazvinzwa, Wafawanaka.'

'Ko, zvino chamaizosvotesa mukuwasha muchidaro pane zvamunoziva, chaive chiri chii?'

'Ndaigorega sei kumutsiura achitaura zvinhu zvinoera kuvapwere? Zvinoshura musha, zvikauya zvikashura nyika.'

'Nyararai, vahanzvadzi! Munotaurisa. Zvinoera zviri zvei? Zvakataurwa nesvikiro hazvisisiri chinhu chakavandika. Zvava pachena kuziviwa nomunhu wose. Handichadi kunge ndichanzwa zvakare zvemashoko akadai pamusha pano.'

Asi VaBiri vakanyunyuta necheseri vachizavaza vachiti 'Ko, inga ndizvo zviya zvavaichimbomutukira wani. Asi nhasi zvaipa nokuti zvabva nokwandiri! Chokwadi, regai vakuru vakati kugocha kunoda kwaamai, kwomwana kunodzima moto.'

Vasingadye manonoko, VaNyakotyo vakataurira mwana wavo, Bakasa, kundoshevedza Katonje.

VaNyakotyo vakati, 'Jinda, rangu, pano paita rinamanyanga risisakwanisiki kuputirwa.'

'Iri nyaya yeiko, Changamire?'

'Mukuwasha ati ndakavirimirwa navambuya namazwi avakataurirana.'

'Ari mazwi eiko, Wafawanaka?

'Mukuwasha wati ndakanzi ndiwe waunza bongozozo pano pamusha nepamusaka penyaya yenjuzu yakanga yanyudza vana mumvura. VaBiri vati, iwe mukuwasha ungadai usina kuudza vana nenyaya yokudzamika kwavo kunaivo vana pachavo.'

Katonje ndokuti, 'Ko, VaBiri vaityeiko panyaya yakadai? Mbudzi yagocherwa padare yanzi idyiwe musiya navose.'

VaBiri pachavo ndokuti, 'Tarisaika, nyaya dzakadai hadzisi dzokushapisha vhudzi kuvana. Inyaya dzinoera, dzavakuru chete. Vana vanopanduka, vakabatwa nebuka kana vakaudzwa nyaya dzinozuzumisa muviri kudai. Dzinokonzera njuzu kuzotora vana zvakare, sokuti nyaya yokutorwa kwavo yakaitika ava vana vachiri vapwere.'

Katonje ndokuvadzimura muromo oti, 'Kwete, mhanduwe. Apo muri kuigochera pautsi. Iyi nyaya haina chakavanda. Pakuwanikwa kwevana pakanga pakaungana ndinde yavanhu. Naizvozvo, iyi inyaya inozivikanwa kumukuru nomuduku. Haisi nyaya yengozi inobva kuna amai, asi kuti ndeyevadzimu vakasarudza ava vana kuzove majukwa enyika. Ndicho chirevo chakaburitswa nesvikiro rokwaMutota. Vachave kuwa nokumuka kwavanhu venyika ino.'

'Ndafara muchitsanangura iyi nyaya, Changamire.' Kumukuwasha, VaNyakotyo ndokuti, 'Honaka, mukuwasha: Zvino iwe chigadza zvako mwoyo wako pano pamusha ushaye kwauchaenda. Ava vana vachakura vari

pano pamusha pangu. Kana chiripo chinovawana, chinovawanira pano. Musha ndowangu, haunei naVaBiri.'

Kuhanzvadzi yavo, ndokuti, 'Vahanzvadzi, iyi nyaya musazoitaurazve. Ngaichiperera pano. Mazvinzwaka zvataurwa nesvikiro rekwaKatonje? Rati, vana ava vachave kuwa nokumuka kworudzi. Zvakarehwa nesvikiro ngapashaye anozvipikisa.'

Asi Mhutsa akapindura oti, 'Ndazvinzwa zvangu zvamareva, Wafawanaka. Kana nezvataurwa nesvikiro rokwaKatonje, zvose zvanzwikwa. Asi ini zvokumbodzokera kwedu kwaRwizi handikande pasi. Zvakakodzera kuti ndimbononzwawo zveko zvinotaurwa namasvikiro aikoko kwandakabva.'

'Aiwa, mukuwasha. Ngaisiye matambo. Kukanganisa kutaura ndokwavanhu vose. Chiitai tsiye nyoro mukuwasha, muchigara zvenyu, ndichakutsvagirai mamwe mapfihwa.'

Asi Mhutsa akasimbisa izvozvo chete zvokuti anoda kumboenda kumusha kwake kundonzwa zvemidzimu yeko.

'Unoti chiiko, naizvozvi, nhai Katonje?' ndokudaro VaNyakotyo vachifemba fodya yavo vachiinon'ona mukakasha.

'Sezvo mukuwasha asimbisa zvokuenda kwake ini ndinoti, zvakanaka. Asi svikiro rokwaMutota randiudza kuti aende naBute chete, kwete naNvamita.'

Mhutsa akati, 'Wafawanaka, ndingagonoti chiiko kuno vokwedu kana ndowanika ndichisvika naBute chete uyu Nyamita, hanzvadzi yake, asipo?'

'Unosvikoti zvanzi nesvikiro rokwaMutota, Nyamita idunzvi rerudzi rwaVaMbire risina kufanira kudzamika munyika. Zvino kana iwe ukasadzoka zvako, asi isu kuno

tinenge tine dunzvi remhuri, musimboti wenyika, donhodzo rerudzi.'

Ndizvozvo, zvakaitika kuti shure kwemazuva akati, Mhutsa akabata rwendo naBute mwanakomana wake uyo aive homwe yesvikiro raChaminuka, akadzokera kwaRwizi kuChitungwiza vosiya Nyamita achirerwa navatete vake, VaHaruna, nasekuru wake, Bakasa, muguta raVaNyakotyo.

# *Chitsauko 5*

'Nhai, vasikana! Ko, chamuri kukuya chiiko?' ndokudaro Chikare achibvunza Nyamita, muzukuru wake.

'Njera yezviyo, atete. Ko, imi muri kukuyeiko?'

'Dovika, randanzi ndikuyeka naamai rokutswirisa muriwo womufushwa uyo uri pachoto mukahadyana.'

Chikare ndokutizve, 'Ko, iyo injera yeiko, nhai Nyamita, yauri kukuya?'

'Ndeye kurovesa guva raambuya vakashayika gore rakapera.'

'Ndazvinzwa. Izvozvi ndatenge ndakanganwa kuti guva raambuya riri kuzotambwa shure kwemazuva mashomanana ari kutevera.'

Nyamita achikanda ziso kuguyo renzungu, ndokuti, 'Dondinomboreraiwo dapwatapwa renyu iro, ndapota hangu ambuya, ndarwerwa mate mukanwa nomunhuhwi wenzungu.'

Chikare akaramba kumupa dovi. Ipapo vakatangisa kuita zvomusara vachitsvarana, nokuzorana dovi riya sepwere, kunyange Nyamita akanga ave nemakore gumi nama-

nomwe okuzvarwa, uyuwo Chikare aine gumi namatanhatu. Dzakanga dzaamhandara chaidzo dzamera mazamu.

'Ko, mukazondimonorera mamono kana mapedza kukuya, atete?'

'Aiwa, muzukuru, mamono ndeevapwere.'

'Ini ndinoada zvangu kunyange ari evapwere. Ndichiri mupwere wani.'

'Yuwi! yuwi! Mupwere wokwani, nhai, muzukuru! Mhandara yatodai yamirira kuroorwa ndiyo inganzi ichiri pwere.'

'Aiwa, Chikare, ndabvira ndichingoti ini kuroorwa, kwete. Hazvimo mupfungwa yangu, hezvino ndakadai wari.'

'Chokwadi, here, nhai, muzukuru? Munoda kufira munhanga, kana kuita mhandara hora? Mangobvira muchidaro. Asi mune mudzimu?'

'Ndizvozvo, atete. Pfungwa dzangu dziri pazhinji.'

'Ipfungwaiko, nhai muzukuru?'

'Zviri mupfungwa dzangu ndizvozvi zvokuti kubvira kuenda kwakaita baba wangu nehanzvadzi yangu, Bute, mwoyo wangu hauna kuzombogadzikana. Unongoramba uri mazuruzuru kuvafunga.'

'Seiko, muzukuru? Hamusi kufara here pano pamusha pana atete nasekuru wenyu?'

'Hungu, ndiri kufara zvangu. Asi pfungwa yokusave nababa mumba iri kundinetsa nguva dzose. Zve, kana kuenda kwakaita baba havana kubva nenzira kwayo. Vakaita sevakabva vakatsamwa nepfundipfundi yokunge kutadzirwa.'

'Muzukuru, kana maakudaro maakuzogumbura vanhu vakawanda pamusha pano.'

'Vatete, muri kufara nokuti muna baba naamai. Isu

vamwe taakunge nherera kunyange tina baba mupenyu achiri kunzwa.'

'Tarisaika, muzukuru, pano pamusha tine zvose zvatinoda.'

'Zviri zvei?'

'Tino kudya kwakawanda kwatinodya tichiguta.'

'Izvozvo chete, atete? Ndihwo upenyu chete here hwokudya uchiguta?'

'Tine zvinotifadza nguva nenguva.'

'Zvinenge chii?'

'Tine masango azere michero, nezvinodyiwa zvemhando nemhando.'

'Chimwe chii?'

'Hove dzatinokukudza tichifara, howa hwehuvhe, nenhedzi, nenzeve yegudo, nohwematindindi, hwatinofarira kutsvaga mumasango eRukowakuona, nemitambo yejerusarema, ngororombi, neyenjari, yatinofarira, neinenge yokurova guva raambuya iri ratiri kugadzirira kudai. Pane zvinokunda izvi here, nhai muzukuru?'

'Chikare iwe, chinzwaka! Kudya, nemitambo, zvinopfuura, asi ukama hweropa idungamidzanwa risingaperi.'

'Zvinoreveiko izvozvo, nhai, Nyamita?'

'Zvinorevaka kuti zvokudya nezvokuzvifadza nazvo, ndimunakirakamwe, asi zvoukama, ndimufanazvo.'

'Ko, zvino, zvowotaura nechibhende wafunga zvokuita sei?'

Ipapo Nyamita akamboti pasi, nde-e. Shure, ndokuti, 'Ndafunga zvokutevera kwakaenda baba wangu nehanzvadzi yangu.'

'Yuwi! yuwi! Ikoko kwavakaenda munokuziva here nhai muzukuru?'

'Ndinoenda ndichibvunza dakara ndasvika ikoko kwavakaenda.'

'Chaizvo, chaizvo, kumusha kwababa wenyu ndokupi?'

'Kunonzi kwaRwizi, kuChitungwiza.'

'Ndinotya zvikuru kuti mukaenda moga, muzukuru, hamungakusvike kuChitungwiza ikoko.'

'Ndinoda kuti muende neni, atete.'

'Iyeni, pachangu pano?'

'Hungu, iyemi Chikare, pachenyupo. Imi neni tiri gavi rakasunga mbariro imwechete. Tiri chuma nechiuno. Tiri gonzo nachin'ai. Tiri mwana nezamu. Tiri mucheka wakasunga beta. Hatingasiyane.'

Chikare akanyemwerera namazwi akadai, akati, 'Yowe! yowe! yowe! muzukuru! Kwatinowanikwa totimba masango tiri vaviri vanhu vevakadzi, ndokupi? Ko, idzo mhuka dzesango dzinorura nyika dzino dzingatiponise? Ko, iwo magandanga evanhu, vangasati dzawira mutswanda tiri tega, kana kutiponda?'

'Hapana chinoitika, Chikare. Yeukai kuti njuzu yakati ini nehanzvadzi yangu tiri kuwa nokumuka kwerudzi rwedu. Hapana angave nesimba rokuisa ruoko rwake kwatiri.'

'Ko, ini, iniwo zvangu?'

'Kana nemiwo zvenyu nokuti munenge muri mukufungatirwa neni?'

'Zvino, muzukuru, zivai kuti iyi nyaya ikanzwika navasekuru VaNyakotyo chokwadi pano pamusha hatingapagare. Vangapenge chaizvo vakadya moto.'

'Izvozvo ndozvandiri kuda, mwanawe, kuti vazvinzwe.'

'Asi, imi maakupenga? Izvozvi ndobva pano zvisati zvanzwikwa senyn'ambo, kana guhwa.'

Apedzezvo, Chikare akatora dovi rake nokurongedza guyo nehando yaro, munhu ndiye bwa-a, akananga kumba kwavo. Uyuwo Nyamita ndokuisa njera yake mukatswa-

nda, ndokuirongedza ogadzirira kutevera Chikare kumba kwaatete vake.

Asvika kumba, Chikare akatangisa kuchema, amai vake ndokumubvunza voti, 'Wachemeiko, nhai Chikare? Asi wabva mukutukana nomuzukuru wako?'

'Aiwa, amai, hazvisirizvo.'

'Ko, chii kuzofikura kudai?'

'Nokuti Nyamita ave kuda kubva pamusha pano. Ave kuda kundisiya.'

'Achibvirei? Achienda kupi?'

'Wati ave kuda kutevera kwakaenda baba wake nehanzvadzi yake.'

'Kupi ikoko kwaanovatevera? Anoziva kwavakaenda?'

'Ikoko kwaRwizi, kuChitungwiza.'

'Ndapano here ikoko kuChitungwiza? Handiti unobva pano ugopfuura nomumasango anorura shumba, dakara kuzobata matunhu eMazowe, kunyika inonzi yokwa-Chiweshe pedyo nokwaMbari. Kunoenda mwanasikana ari ega here ikoko kwakadaro?'

'Muzukuru wati ndiende naye.'

VaHaruna ndokubva vaviruka neshungu, ndokuti, 'Yowe! yowe! yowe! Iye muzukuru wako, asi ane chakamugara? Kwaanoda kuenda newe ikoko kwatisingazive, ndokupi? Pano pamusha pane zvose zvinofadza, nhasi paipei? Chokwadi, nhasi zvikanzwikwa navasekuru vake pano pamusha hapangabude chakanaka.'

VaHaruna vakabva vati panze bwa-a, vakananga kwaaNyatotyo. Ndokusvikoti, 'Nhai, baba, ko, zvataurwa naNyamita, muzukuru wenyu, mazvinzwawo here?'

'Zviri zveiko, nhai mukweguru?'

'Zvokutika ndaakuda kutevedza gwara rakafamba nababa wangu nehanzvadzi yangu.' VaNyakotyo ndokuita sevatirimuka, ndokuti, 'Nhai, nhai, mwana uyu ane chaka-

mugara? Asi ichocho chakataurwa nenjuzu yakanga yamutora ndochiri kumudariso? Chikurumidzai mundomutora auye kuno.'

Nyamita akauyiwa naye. Asvika, VaNyakotyo vakati nezwi rine hasha, 'Gara napaapo! Nhai mwana iwe, ndiro here shave romumvura rakakugara rinokutadzisa kunyatsogadzikana zvakanaka pano pamusha ukaroorwa zvinoitawo vamwe? Kwawaakuda kuenda ndokupi?'

'Asekuru, chinzwaika: Usiku hwose handirare. Kunouya mweya unondishaisa hope uchiti rangarira kwakaenda baba nehanzvadzi yako.'

'Mweyaiko iwoyo unokudzimaidza kudai? Asi wave kuda n'anga inokandira? Washayeyiko pano, muzukuru? Unodya uchiguta nezvinokufadza zvakawanda. Una Chikare, atete vako, vaunotamba navo, pamwe navazhinji vezera rako. Hova dzizere nehove dzamunoswerokukudza, namasango akangoti kutsu nemichero, nehowa, zviro zvamunoswerounganidza muchizvifadza nazvo. Ko, nhasi chaipa chii pamusha pano pasekuru?'

'Hapana chaipa, asekuru. Asika, zivai kuti zvose zvamareva hazvingakunde ukama hweropa, nebasa riri mberi kwangu.'

'Chinzwai kutaura kwaakuita! Ave kutaura somunhu abve zano. Ini handisi hama yako yeropa? Kwaunoona woenda uri wega wega munhu womukadzi ndokupi? Vanhu vanogoti zvambouya sei? Ko, zvakataurwa na-Katonje kuti iwe uri dunzvi rerudzi risingabve pano unozviita sei?'

'Hapana chinoitika kwandiri, asekuru, Ini nehanzvadzi yangu, Bute, takanzi tiri kuwa nokumuka kwerudzi. Ini ndiri dunzvi ravanhu kwese kwese kwandinenge ndiri.'

'Muri kuzvinzwaka, nemi mose muri pano? Ndozvinonzi navakuru, rufu runoshevedza. Iwo matunhu anonzi

okwaChiweshe anosvikika nomunhu? Kana neni handisati ndabangokusvika chizvarirwo changu. Iwewe, pakopa, uchiva kuwa nokumuka kwerudzi? Zvinorevei izvozvo?'

'Ko, zvamunenge muri kukahadzika wani, vasekuru? Musatye zvenyu. Mazwi enjuzu akauya akadudzira pachena kuti upenyu hwangu ndohwedonhodzo renyika. Ndikasatevera kwakaenda baba wangu handingapoterwe nomweya iwoyo. Kana ndanovaona, nenguva yakatarirwa, ndichazodzokera kuno zvakare.'

'Kwaunenge uchadzokera kwacho ndokupi? Kana waenda uchave somuseve waenda nouma. Kana naiye sekuru wako, Bakasa, akazvinzwa izvi nhasi mumba menyu richava bongozozo negwaukwau rinenge rembwa.'

Vakamutarisisa, VaNyakotyo ndokuti, 'Ko, inga wani unenge waakutosveera kuumhandara! Tanga tototi tochikuroodza tiwane kudya pfuma yomukuwasha asisipo.'

'Aiwa, vasekuru! Izvo kanganwai. Shungu yangu iri kuna baba sezvo vakabva pano riri dembatemba rokutaudzana. Ndinoda kumbononzwawo zvinorehwa nemidzimu yokwababa.'

Iri shoko rakabaya mwoyo waVaNyakotyo, vakatya kupikisa svikiro, vakati Nyamita angaende zvake. Vakazoronga zvokuti Katonje, svikiro reruwa rwaVaKatonje, rimuperekedze nokuti hazvaigoneka kuti mwana womusikana afambe rwendo rurefu rwakadai ari ega.

Husiku ihwohwo, Nyamita akapoterwa nomweya wesvikiro raNehanda, akataura ari pabonde achiti, 'Ndini Nehanda ndasvikira pamwana uyu. Regai murandakadzi wangu aende kuChitungwiza. Ndiko kune basa rake.'

Naizvozvo, Nyamita, uyo wakanga ave kunzi Nehanda, akasimbisa kuti aende naChikare sebandakadzi rake. Ndizvo, vari vatatu, vakabata rwendo rwokuenda kuChitungwiza.

VaKatonje vachiona izvi, vakati, 'Chokwadi, mwana uyu ane denda rakamugara raakatapura mumvura maakambonyudzwa. Chakabaya chakatyokera. Inga ndichanofira nyika dzandisingazive, baba we-e Soko!'

# *Chitsauko 6*

Yakanga yave nguva yematsutso. Rwendo rwakave rurefu, zvikuru kuna Katonje, nokuti akanga ave mbiri yakare. Akafamba achijakaidza ndarira dzomumakumbo, nehomo dzomuchiuno, nepfumba dzemumaoko, dzerundarira. Aiita mufambiro wokuhwataira achikamanyika nenhanho ndefu, vasikana vachitoita zvokutondonda kwazvo kuti vaenderane naye. Kunyange Katonje akanga ave harahwa, asi izvi hazvina kumupedza masimba omuviri. Mapfupa ake nenyama namarunda omuviri, zvose zvakanga zvakati gwindiri kukunda vasikana vaitoita zvokunge vanomhanya kuti vasasaririre shure kwake. Katonje akafamba achideketera semunhu aive neshave.

'Nhai vasekuru, ko, munodetembereiko muchifamba? Ko, bute, munorifemberei?'

'Inzwa, muzukuru, Nyamita, ndiwo maitiro edu isu vechinyakare. Bute rinotipa simba kuti rwendo rureruke mukufamba.'

'Asi zvamunodetemba zvacho ini handisi kuzviziva chazvinoreva, vasekuru.'

'Kana neniwo handisi kumbozvizivawo,' ndokudarowo Chikare.

'Kana ndichiti, 'Hiye! hiye! hiye! Pfumojena iwe, mugarimakore iwe, hiye! hiye!' ndinenge ndichitaura kuna Murenga Pfumojena wepasichigare, zitateguru redu raVaMbire rakabva kuChamhembe, kuGuruuswa.'

'Ko, iye Murenga Pfumojena wamunoimba, akanga ari aniko, nhai asekuru?'

'Aive gamba guru rokurwa, muzukuru. Ndiro zitateguru raVaMbire raive gamba rehondo raisimbisa vanhu muhondo. Ndiye saka ndichiimba nezita rake muzukuru.'

'Ko, zvimwe zvamunoimba nezvemasango zvinorevei?'

'Zvandamboimba zviya ndichiti 'Hiye! hiye! hiye! Toonora masango atizise gwindingwi rine shumba inoruma,' ndanga ndichiteura kuti iwoyo mudzimu mukuru waMurenga utizise zvikara zvesango kuti zvisatikuvadze parwendo.'

Vasikana vakatarisa vakaona, chokwadi, kwese kwese kwakapfidigwa namasango akati ndindo, anotyisa.

Katonje akafamba akapakatira mapfumo ake maviri papfudzi, nechiduni, nedemo, iyo nhahwamaringa ichinzveya uku nokuku mukufamba. Akanga ari murume murefu, mutsvuku, akanga akaruramisa pauduku hwake. Vhudzi rakanga rachena apa napapa, asi asina mhanza, aine maziso akashavaruka. Mazino ake ose akanga achiripo, asina dzvanga mukanwa. Yakanga iri mbiri yakare pachokwadi.

'Ko, nhai iwo mweya wamataura waMurenga, mweya rudziiko? Wakapotera kupiko munyika muno?'

'Wabvunza zvakanaka, Nyamita. Hauna kwaunopotera. Mweya waMurenga unopotera nyika yose nokupa vanhu simba rechirwirangwe. Kare kare pasichigare, waiti kana vanhu vakaungana panzvimbo imwe chete, vaingoona kudya kwachiti mboya mboya pasi, kwemhando nemhando, vaichigodya nokuguta.'

'Ko, iniwo zvangu ini, ungandipoterewo here?'

'Aiwaka, Chikare. Koinga ndozvandati haupoteri pamunhu mumwe chete, ndoworuzhinji.

'Tazvinzwa, vasekuru,' vanasikana vakadaro, vakati kwati kwati naVaKatonjé, vakadengezera tumbuva two-kudya munzira. Vakanga vakatakura tuupfu, netutsamba-kodzi twokunamurira tusadza, netumiriwo, netudovi two-kutsvirisa mufushwa, nenzungu dzomutetenerwa, nomutakura, nechimukuyu, namadora akaoma emasinini gumbakumba, nehove dzakaoma, nomunyu wokuDande wokurungisa miriwo nenyama.

Vasikana vakanga vaneta. Vakagara pasi vakambotura befu. Nyamita naChikare vakatangisa kubika kasadza kavo, ava VaKatonje vachigocha chimukuyu chavo. Munhuhwi wenyama wakaita kuti vose varwerwe mate nomudungurira. Vakanga vasvika kugomo guru reBandye, iro rakangoti chinga chinga pasi paro pavakanga vagara vachimbozorora. Pamahombekombe ekakova, Jinga-mvura, vakazorora, nokunwa mvura yepo.

VaKatonje vakatangisa kunyunyurudza munyu woku-Dande panyama yavakanga vagocha.

Ndizvo, vakati vachangopedza kudya, ndokuvhundutswa noruzha rwakaerekana rwozadza chinzvimbocho chavaino-kuzorora vari. Ndokuita semahwekwe nashe wesango, setsuro yamukira mumakumbo. Ipapo vachinżwa kuti nyashu, nyashu muuswa hurefu, namashizha emiti ongoti shwau shwau zvichinge sevanhu vaisosonora masanzu emiti, vakatya zvikuru.

Vasikana vakabvunda, vakachemera VaKatonje, vachiti, 'Mai we-we, kani! Nhasi tapera!'

Chikare akati, 'Ko nhai vatete, ko inga makamboti wani muri svikiro raNehanda, hapana chinotiwana? Ko, nhasi

zvauya sei kuzenge midzimu yadimura mbereko? Haisi shumba here iyi iri kutirondedza nokutinyangira?'

'Nyarara, Chikare, muzukuru, tinyatsonzwa,' VaKatonje-vakadaro. Ndokusimudza demo ravo nepfumo ravo vonyambwaira vachiongorora zvaiuya. Vadarozvo, vakatoona, dzumbunu, nyashu, vave kutoyerekwa nerupfumo vonzi titovati naro topfo. Ava ndokurinzvenga, iro ndokusvikoti muvhu nyoro zetete. Ivowo, ndokuriregedzera ravo, ndokusvikoti pamuti nganganga.

'Hombarume! Ko kuzovhima vanhu muchisiya zvikara zvesango, ndokuitirei?' VaKatonje vakakanuka nehasha.

Karume aka kakasedera, kakati, 'Ruregerero, nechombo. Tanga tafunga kuti ishumba iri kushwauka muuswa.' Adarozvo, nechinhambwecho, ndokuti apa dzumbunu apo dzumbunu ndokuita hondo chaiyo yavarume vakanga vakabatira mapfumo, namatemo, namapakatwa nedanga rembwa dzavo dzaive dzakasungwa nemikosi, nokuti dzainge mbengo dzakanwiswa muteyo wokudzisoka ukari.

Samusha, Jingamvura, akasedera. Jinda rake iro rainge roda kubaya Katonje nepfumo, rainzi Manyawi, ndokuti kuna Katonje, 'Ava ndiSamusha Jingamvura,' Katonje ndokuvakwazisa.

'Ko, imi ndimi ani, changamire?' Samusha akabvunza.

'Ndini Katonje, 'she wangu.'

'Chokwadi, Katonje tinomuziva. Asi ndimi svikiro raMutota here?'

'Hungu, ndini, changamire.'

Samusha ndokucheukira kugovero rake, ndokuti, 'Varume, chokwadi, nhasi tanga tapara mhaka isingaripike.' Vose ndokuti ware ware kuisa mapfumo avo nenhoo pasi.

'Ko, imi muri kuendepi nehondo yavanhu vakadai, zve vakakokotera zvombo zvehondo?'

'Tiri kurondedzera munhu anonzi akakonzera kutiza mumwe murume anonzi Mhutsa nomwanakomana wake, Bute, vachibva kwaNyakotyo. Murume uyu wokwaRwizi anoera Shava Mazarura. Akapfuura napano achinyunyuta chaizvo achiti akatandwa kuno mumwe musha wamambo wenyika iyoyo achiti akatorerwa mukadzi wake nevanasikana vake. Iyi nyaya makamboinzwawo here?'

'Hungu, she wangu, nyaya yaMhutsa naBute mwanakomana wake, ndinoiziva. Haana kudzingwa pamusha waNyakotyo, asi kuti iye pachake akada kudzokera kunyika yake nomwanakomana wake.'

Jingamvura, rumero refu, dema, rakasuruvira, rakanga riri rino jowamuchowa romunhu, raive rakavakwa zvakasimba nemikono yakasvika, nendebvu nhema dzainge chisango chinotiza nhema. Ndebvu dzakanga dzakaputira chirebvu kusvikira kumatama nokunzeve.

'Ko, izvi muri kuendepi?'

'Tiri kurondedza gwara raakafamba naro kusvikira tasvika ikoko kwaakaenda,' ndokudaro Katonje.

'Ko, ava vaunavo, ndavanaani?'

'Vazukuru vangu. Uyu ndiNyamita mwanasikana waMhutsa, naChikare vatete vake.'

Kamwe karume kaive kakasvinukisa kainzi Manyawi, ako kakange koda kumubaya nepfumo, kakati, 'Samusha, inhema dzomurume uyu. Izano rokuda kukunzvengai. Munofunga idzo mhandara dzakadai dzinganzi vazukuru? Ava vakadzi vake vaari kutiza navo, changamire. Mhutsa akapfuura napano asina mukadzi. Mati mazviona kupi zvokuti munhu anobata rwendo rwokudzokera kumusha kwake asina mukadzi nemhuri yake? Ndiyeyu watiri kurondedza, Samusha.'

Mumwe ndokuti, 'Mati ndimi ani, changamire?'

'Ko inga ndakuudzai kare wani. Svikiro haripamhidze zvarareva.'

Uyu ndokuti, 'Murume uyu ano muromo. Kutaura kwake kunosoka ukari. Muri kukunzwawo nemi.'

Mumwe ndokuti, 'Haangambovi svikiro raKatonje. Hapana svikiro rinofamba riri roga riine vakadzi chete. Ava vakadzi vari kutiziswa mukumbo, Samusha.'

Uyu akati adarozvo, Manyawi ndokumukonyombora netsvimbo, achimupomera kuti ari kutizisa mukumbo vanasikana.

Ziso raJingamvura rakanga rati tsve-e pana Nyamita, atorwa mwoyo nomwanasikana uyu. VanaManyawi vakazviona, vakaziva zvainge zvave muhana yaSamusha. Naiyewo, akabva atorwa mwoyo naChikare, vave kuda kuita madiro echitora watora pada mwoyo.

Vakaendwa navo kuguta raJingamvura rakanga rakavakirwa pedyo nekakova kezita iroro. Nyamita naChikare vakasvikokandwa muzimba guru guru, ndokungopfumvumaramo vachipirwa kudya varimo. Havana kuziva kuti sekuru wavo, Katonje, akanga aiswa kupi, kana kuti chii chaive chaitwa kwaari.

'Asi ini mwoyo wangu uri kuvhunduka chaizvo nokutyira sekuru Katonje,' Chikare akadaro.

'Nhamo, kutambudzika nokufa ndezvomunhu wose, vatete,' Nyamita akadaro. 'Asi zvinozotevera mhondi inyatwa huru muupenyu hwayo.'

'Asi matauriro aita varume vaya parukova, zvikuru iko karume kaye kanzi Manyawi, haana kundifadza. Karume kacho kanenge kane manyawi akakagara, sezita rako,' ndokudaro Chikare. Akapamhidza, 'Naiwo Matarisiro amaitwa naVaSamusha, haangawire pasi pasina muchero wanhongerwapo.'

'Handinei nazvo, Chikare, Ini ndiri svikiro ravari kumhepo.'

'Izvozvo chete ndozvinotinunura here?'

'Mira uone zvako. Kunyange rive dambudziko kana rufu chairwo, ndati ingozi huru chaiyo kuponda vanhu vasina mhaka.' Akacheukira kwaari, ndokuti, 'Ko, iwe wanga wati zvoitwa sei?'

Uyu ndokuti, 'Ndimika mungatondiudza zvokuita, muzukuru. Tarisaika, takakombwa nemhandu dzavatorwa kwese kwese. Kwatingatizire ndokupi? Iyo nzira yedu yokuChitungwiza tichange tichairatidzwa nani kana VaKatonje vasisipo? Iwo magandanga namabhinya enzira, tinoanzvenga sei?'

Nyamita akapamhidza, 'Musazvinetse, atete. Yeukai kuti ndakati ndini svikiro rerudzi, rokuwa kwavo nokumuka kwavo.'

'Handinyatsozvinzwisisa zvamuri kutaura. Izvozvo, ndozvichatiponisa here pangozi iyi yatatarisana nayo?'

'Haunzwe here, Chikare, atete? Ndati mirai muone.'

Asi uyu haana kugutsikana nazvo. Akati, 'Munodaro zvenyu, muzukuru, asi ini mwoyo wangu unorwadza kana ndorangarira mabatirwo atichaitwa. Izvozvi mwoyo wangu watove mazuru zuru nokutyira VaKatonje. Ko, madiiko, nhai, kushandisa simba renyu rousvikiro kutinunura panyatwa yakadai? Chokwadi, chamakandiuyisira kuno ndichachikurukura ndafa. Dai ndakaziva ndisina kuuya nemi?'

'Ndati, mira zvako uone kani?'

Ipapo Chikare akati adaro, ndokutangisa kufikura.

'Musacheme, kani atete. Vanozozvinzwa kuti pane zvatiri kuronga. Pukutai misodzi mumirire kuona zvichauya.'

Mukati mebishi rokufara kwaive pamuzinda waJingamvura, wainzwa kuimba kune vaifara, nechikuwe cha-

vaiseka vachiita ruzha nokuzvifadza, naidzo ngoma dzichidandaura kurira, vakadzi vachikaida kuimba, ivo varume ari mahon'era ainge muzinda wenyuchi. Nziyo dzaiimbiwa dzaive dzokugamidzana, dzokudeketera, voruzhinji ari mahihi mahihi enyn'ambo dzakanga dzisinei norufu. Vatambi, mudandaro, vakanga vari hochekoche mutambiro wejongwe rinokwezva sheshe kurudo rwaro.

Usiku ihwohwo dare raJingamvura rakasangana rikatema chirevo chokuti munhu uyu ainokutizisa mukumbo vanasikana vevanhu. Ngaaurayiwe. 'Vedare, munoti Katonje ari kutizisa mukumbo vanasikana here?' Jingamvura akabvunza nokukahadzika.

'Ichokwadi, mambo,' akadaro Manyawi. 'Hapana munhu angabate rwendo rwakadai navazukuru. Ini ndinoti ava vakadzi vari kutiziswa mukumbo.'

Vamwe vakati, 'Ari kutizisa vakadzi vakasiyiwa naMhutsa.'

Manyawi ndokuti, 'Chaizvo, chaizvo, murume uyu haana kutiudza chokwadi. Watitaurira manyepo chete. Iye mwana uyu anonzi Nyamita, ndiye chaiye akaisvoruramisa ane kapuno kakanyatsoumbwa, noturomo twake tunenge twakachechetedzwa nembezo. Haangave mukadzi wokutarisa bedzi namaziso. Ndowe bonde nomutsago.'

Varume vose ndokuti bvu-u kuseka matauriro aManyawi. Imwe hamburamakaka yomurume ndokuti, 'Iyeyo wawareva uyo nyakunakisisa, tsvarakadenga, ndiye achava mukaranga wamambo.'

'Hungu, nesuwo ndiye watati ngaave mukaranga waSamusha, Jingamvura.'

'Ko, muduku, Chikare, ndowaani?' ndokudaro mumwe wevarume vedare.

Ari pano ndokuti 'Ndowangu,' ari pano 'Ndowangu.'

'Ko, zvamaakukambirana, mati ave mukadzi waani?'

Jingamvura ndokubvunza. 'Ini mandipa, handina kukambira. Ko, zvomoti, ari pano, 'Ndowangu,' ari pano 'Ndowangu,' asi maakuita shaisano pfuma yaroodzwa amai?'

Usiku ihwohwo, Katonje akaendwa naye kunze kwomusha vachida kundomudzipa pahuro. Samusha, Jingamvura, akati, 'Machinda angu, ko, zvandiri kunzwa kunzi uyu murume isvikiro rokwaNyakotyo ichokwadi here?'

'Hungu, ari kuzviti isvikiro,' ndokudaro Manyawi.

'Ko, zvingaitike here kuti ropa resvikiro riparadzwe pasina chikonzero?'

'Hapana chisingafe, Nechinanga. Kana riri svikiro rechokwadi, rinofanira kuzvidzivirira panyatwa,' Manyawi akapamhidza.

'Ini ndageza maoko angu kwazviri, nokuti kana ari mukadzi wandinoda, ndinokwanisa kumuwana ndisingaparadze ropa, zve, pasina hondo yokurwisa mhandu.'

'Hondo inozobva nokwaari, Samusha, tikamusiya ari mupenyu. Kuuraya mhandu yenyoka, huuraya navana vayo vese,' Manyawi akadaro.

Ipapo ndokuve namapoka maviri, voti ava vaida kuponda Katonje, navavo vaisada kumuponda. Zvino vechikwata chokutanga ndokuenda naye kugomo ndokusvikomudzipa pahuro, ndokumuita mhurepure, vomupotsera pamawere egomo reBandye kuti chitunha chake chipatwe namapere, namapumhi esango kuti pasave neguva rake, zve, kuti pasazivikanwe mafiro ake.

Zvakaitika kuti shure kwokuponda kwavakange vaita svikiro rokwaKatonje, kwakauya dutu rechamumhupuri nemhepo huru ichibva nomugomo reBandye. Mhepo iyi yakadzika nechezasi yakanangana nomusha waJingamvura. Mhondi dziya dzakakwevewa nemhepo iya dzikapotserwa pasi pamawere, mujinga megomo, ndokuvhunika-vhunika miviri yadzo. Kanyamumhupuri aka kakabva katiza kaka-

nanga nokuguta raJingamvura, ndokusvikorova dzimba dzeguta, ndokudziti warara, dzichiwira pasi. Matura ezviyo, nemakota evakomana, nenhanga dzevasikana, nehozi, zvakawaranurwa matenga azvo, dzimwe ndokusiyiwa dzangove murwi, dzangoti kata kata muzvivanze. Hunde dzemiti ndokutyoraniswa, dzichirigwa, kunze ndokuita semvura iya yauya iri yerukore ine mabhanan'ana. Matanga emombe ndokuparadzwawo, naidzo mombewo dzikati dzorongonoka kubuda mumatanga, shumba dzikati, dzawira mutswanda. Bishi nemhere mhere ndokuve pamiromo yavaichema muguta nokushaya kwokutizira usiku ihwohwo.

Jingamvura akati aona zvaive zvaitika, ndokubuda mumba make makanga mangove murwi wemapango namavhu, ndokutsvaga kwaive naNyamita naChikare. Mubishi rejemedzanwa, Jingamvura akarangarira zviya zvaakanga anzwa nezveupenyu hwaNyamita kunzi akambobatwa nenjuzu.

'Machinda angu, handiti ndozvandakashambira maoko anguka izvi ndichiti svikiro harisi rokutamba naro? Zvino honaika michichi yamatisorera pamusha pano! Ndiri kunzwazve kuti uyu Nyamita anonzi mwana wenjuzu yakambomunyudza mumvura ari wepamairi nehanzvadzikomana yake, Bute. Tinoita sei pangozi iyi yatazviparira nhasi uno? Aripiko mwana uyu anonzi Nyamita, achinzizve isvikiro, homwe yaNehanda? Tinoiripa sei nyaya yakadai?'

Vakatsvaka Nyamita naChikare wake, vakavashaya. Ipapo Jingamvura ndokupira madiramhamba kumidzimu yake achiteura kuti vaitirwe tsiye nyoro pane zvakanga zvaitika.

# *Chitsauko 7*

Hutonga hwokuedza kwokunze hwakazosara hwotsvukisa kuMabudazuva Nyamita naChikare, bandakadzi rake, vayambuka kare Monera, vave kunanga kuchikomo cheBare chakatarisana nemakomo eNyahuni neGombekombe kuna Chirayire. Vachisesedzana vari vaviri, vakatoona vobatwa navarume vaviri vaivatevera necheshure. Vaive vakapakatira pfuti dzavo namapfumo, nokuti vaive varwi vehondo. Vakatya zvikuru vakafungidzira kuti vabva kwaJingamvura, kana kuti magandanga.

Vachisedera pedyo navo, vakavakwazisa. Mufambi wokutanga akati avati bamama, akati, 'Ko, nhai vasikana, izvi zvamafumobata jongwe kumuromo mumitunhu ino inorura shumba, muri kubvepiko?'

'Tafumorova dova remangwanani tichibva kwaJingamvura,' Nyamita akadaro asingadi kutaura nhema.

Mufambi wechipiri akakanukawo, oti, 'Izvi muri kubva kwaJingamvura kwatanzwa kunzi kwaitika nyatwa imwe isati yambooneka munyika muno?'

'Iri nyatwa yeiko? Dotibayiraiwo zanhi tinzwe,' Nyamita akabvunza sokunge akanga asingazive zvaive zvaitika.

'Mungagoshaya kuziva sei imi muchiti mabva kwaJingamvura?' Mufambi wokutanga, uyo ainzi Chikukwa, achinzizve Chitemamuswe, akavabvunza.

'Aiwa, takapfuura neko nezuro usiku,' Chikare akadaira odaro.

'Muchibvepi?' mufambi wechipiri, ainzi Zindoga, akabvunza.

'Tichibva kwaNyakotyo, mhanduwe,' Nyamita akapindura.

Zindoga akakanuka, ndokuti, 'A, a, a! Baba iwe Shava! KwaNyakotyo ndapano here, nhai Chikukwa iwe?'

Chikukwa akavati nde-e, akati, 'Hamuzirimi imi muri pamwechete nomumwe murume watasiya aurayiwa kwaJingamvura muchinzi matiza nyatwa yaitika mumusha m a Jingamvura?'

Nyamita akabva aziva kuti sekuru wake akanga apondwa. Akamboti mwi-i, akazoti, 'Aiwa. Hatinei nezvaitika kunyange tine urombo nokupondwa kwasekuru wedu. Isu tanga tichitopfuurawo zvedu nemo dzokono samusha oda kutifungira zvimwe zvisirizvo.'

'Zviri zveiko, nhai chimhandara changu?' ndokudaro Chikukwa uyo aive angoti ziso rake bamama pana Nyamita.

'Zvokuda kutipinza mumba isu tiri vafambi zvedu.'

'Ko, chakaipa chii?' Chikukwa akabvunza.

'Aiwaka. Zvino zvingaitike here kuti mukadzi wose wose wawaona, wausingabangoziva, onzi aitwe mukadzi?'

'Inzwa iwe musikana akanaka kudai: Mukadzi wose akasikirwa murume.'

Nyamita akati, 'Ipapo uri kukanganisa. Varipo vamwe vasina kusikirwa izvozvo. Kana kuvarume, varipowo vasina kusikirwa kuzove varume vevakadzi. Pane zvimwe zvinhu muupenyu zvinokunda zvematenga akapfidigira dzimba dzevakawanana.'

Achinzwa mazwi akadai, Chikukwa akamboti zi-i aakuziva kuti haasi kutaura nomusikana wenhando. Akada kusandura nhauro, akati, 'Ko vakuru vanonzi VaKatonje, mati manga muri mese here?'

'Hungu, tanga tiri tese. Ndisekuru wedu.'

Zindoga akati, 'Ko, izvi manga muchibva nokupi?'

'Takabva navo kwaNyakotyo vachitiperekedza kuChitungwiza kwakaenda baba wangu nehanzvadzi yangu.'

'Ko, zvino mamusiyepi?'

Nyamita akamboti zi-i. Shure ndokutangisa kusvimha misodzi.

'Aiwa, usacheme zvako. Isu hatina chatinokuitai, kwete.' Chikukwa akasimbisa achidaro. Akapamhidza, 'Tiudzei bedzi kuti chasakisa muzofamba mave moga, chii?'

'Ndinofunga kuti Katonje aurayiwa novokwaJingamvura' Nyamita akadaro.

'Nyamba ndiyo nyatwa yatanzwa? Ko, vamuurayireiko?'

'Vamuitira ruchengera rwokuti isu tiri vakadzi vake asi isu tiri vazukuru vake.'

Chikukwa akambomira zvishomanana somunhu ari kushamiswa, kana kufungidzira. Akazotangisa kufamba, ndokuti, 'Ko, handiti Katonje ndiro svikiro rokwaMutota, sokunzwa kwatinoita?'

'Ndizvozvo,' Nyamita akatsinhira, achidaro. 'Hungu, vamuuraya zvavo, asi vaparadza muviri wake chete, asi svikiro rake haringatongofi. Izvozvi, urwu ndirwo rushambwa rwaitwa navanhu vokwaJingamvura rwokuti vachazofa vagere mumakomo vachivhimwa nemhandu dzavo, neshumba nezvikara zvesango kutsiva ropa ravaparadza.'

Chikukwa akati, 'Handiti tiri kunzwa nerunyerekupe kuti

danga remombe raparadzwa pamusha waJingamvura neshumba, ikazopedzisa nomutumbi womunhu? Zvino ipo pane tsaona dzakadarozvo ndipo pavainge vachapamhidzirazve dzimwe pane dzimwe here?' Ipapo Chikukwa akaenderera mberi akati, 'Ko, iyewe hausiriwe here anonzi ndiwe wakonzera kuparadzwa kwomusha waJingamvura?'

'Aiwa. Ini ndinoti zvakonzerwa nokuponda kwavaita sekuru Katonje.'

Vakati vachifamba, vakadungamidzana, Chikukwa akati, 'Ko, iwe uri mwana waani?'

'WaMhutsa.'

'Anoerei?'

'Shava Mazarura.'

'WokwaRwizi kuChitungwiza?'

'Hungu.'

'Ko, kwaNyakotyo makanga maenda kundodii?'

'Ndokwandakazvarirwa.'

'Ko, zvino muri kuendepi?'

'Ko inga ndati tiri kutevedza baba wangu, nehanzvadzi yangu, vakaenda kwaRwizi kuChitungwiza.'

Zindoga akasederawo akati kuna Chikare,

'Ko, iwe ndiwe ani?'

'Ndini Chikare.'

'Mwana waani?'

'WaBakasa.'

'Anoerei?'

'Soko Wafawanaka.'

'Ko, Nyamita chii chako?'

'Muzukuru, mwana wehanzvadzi yababa wangu.'

Nyamita, naiyewo ndokuvabvunza, 'Chititauriraiwo kuti ko, imi ndimi vanaani?

Chikukwa ndokuti, 'Ini ndinonzi Chikukwa, zve ndichinzi Chitemamuswe. Ndiri mwana waChiweshe.' Mumwe

wake naiyewo ndokuti, 'Ini ndinonzi Zindoga, ndiri mwana waHwata.' Achinongedzera kuna Chikukwa, akati, 'Uyu anoera Shava M'tenhesanwa, ini Shava Mufakose.'

'Muri machinda okuumambo nhai?'

'Hungu, tiri ivo.'

'Ko, izvi muri mukoma nomunin'ina, nhai?'

'Ichokwadi. Madzitateguru edu akabva kwaNyashanu achiera Shava M'seyanwa. Asi zvino tave madzinza akatsaukana. Tave kutoroodzana.'

'Ko, kana zvakadaro, tose tiri hama nehama, nokuti neniwo ndinoera Shava.'

Chikukwa, uyo akanga angoti ziso rake bamama pana Nyamita, akati, 'A-a! Hukama hukama zvahwo, asi hwave kure. Haungarambidze vanhu vanodanana kuroorana.'

'Musadaro, vakomana. Ndiwo makunakuna amave kuda kuita anosuwisa vari kumhepo nokutikonzera ngozi nenyatwa munyika. Munoripiswa navari kumhepo.'

Zindoga akati, 'Aiwa, Chikukwa, ukadaro unonzi waroora hanzvadzi. Tiri vedzinza rimwe chete kani. Ndiwo makunakuna awava kutisorera.'

Anzwezvo Chikukwa akapindura, 'Aiwa, hama yangu. Zvidao zvedu zvave kure. Kana zvarambwa tinoripa mombe yokucheka ukama.'

'Ko, zvaasina baba, unoiripa kunaani?' Zindoga akabvunza.

Chikare akatarisana naChikukwa, akati, 'Imi varume imi! Hamusati manzwawo here zita rinonzi Nyamita?'

'Takarinzwa,' Chikukwa akadaro.

'Ko, Nyamita nesvikiro rokwaNehanda, zvakasiyana here? Hamutye kunzvenza pazvibvuwo zvinoera? Nzverai pfungwa dzenyu kani!'

Chikukwa akavavarira chete, akati, 'Dai wanga uri M'tenhesanwa, ndai dai ndatsveruka. Zvauri Mazarura,

tinocheka ukama.' Achicheukira kuna Zindoga, akati, 'Zindoga, unoyeuka here kuti babamukuru Chiripanyanga, akaroora amaiguru vomutupo weShava Mufakose?' Vari vaviri vakamboseka.

Zindoga akati, 'Hungu, ndinozviziva, asi havadi kuti zvitaurwe pane vanhu. Zvinovashaisa pokuisa mwoyo nokunyara. Asi vakadzi vavo vanovada zvokuti bhe-e!'

'Hunguka, nokuti ropa rimwe chete rinonzi rinotarana, rinodziya, rinopisa, rinochengetana, nderokuumambo, rinopingisa pasi,' ndokudaro Zindoga.

'Ko, imi muri madzimambo here kuzodaro?'

'Hunguka, Nyamita. Ndozvatakutaurirai kare. Tiri ivo vokuumambo, kunyange isu zvedu pachedu tisati tave madzishe.'

Vachinzwa kutaura kwavasikana ava, Chikukwa na-Zindoga vakaita sokunge kubatwa nokutya pamberi pevasikana. Zindoga akati, 'Vasikana ava vanokarova nengozi. Ngatisudurukirei kure navo. Zvinonzika, nhamo inotsvaga pane imwe. Rufu rwunoshevedza. Iweka iwe, Chikukwa, ngatimirirei kure nevasikana ava vatisingazive kwavanobva, vanenge vanoteverwa nengozi. Ngatisiyanei navo, kunyange ini zvangu ndisina hukama naChikare.'

Chikukwa akanga ari mukomana mudodo, murefu zvakatoredzera, ari mutsvuku, namaziso mashava nemboni yakapinza. Akanga akamonera pfumba mumaoko nomumakumbo, nemhete munzeve. Aive akapfeka bhanire rechuma raive rakamoneredzwa muchiuno, kufamba kuri kudzvandaira chaiko, seuto rehondo, riri iro raakanga ari. Uyuwo Zindoga aive mukomana mupfupi zvishoma asi ari mukobvu, mutema, namazino aive muhwavhu hutema, nemaziso matsvuku ainge echisamukombwiro, kana mushawagodobi. Mapfekero ake aive mamwe chete nea-

Chikukwa. Vari vaviri, waiti uchivaona hawaikahadzika kuti vaive majukwa chaiwo.

Nyamita naChikare vaive vakapfeka mbikiza dzemachira echiPutukezi dzaishongedza chiuno nezvidya kusvikira kumabvi. Dzakanga dzakarukirirwa chuma chemindondo, nepfumba mumaoko, nendarira mumakumbo, nemhete dzairembera panzeve. Vaivezve nechuma chairembera pamutsipa napakati pemazamu, nevhudzi rakarukwa tsungure dzine mindondo, rakarembera nomushaya, nomunzeve, nokugotsi, kusiya chiso. Iwo mafuta omupfuta aive akanzi chi mumakumbo nomumaoko achikwidzima nokungarikira mumaranzi ezuva. Vaiti kana vofamba, wainzwa mikonde yechuma muzviuno ichiti cho-o, chaka, cho-o, chaka cho-o, chaka, ichigwizana zvaibva zvatora mwoyo yavakomana ava.

Wakanga waamwedzi weGunyana. Nyika yakanga yoyevedza zvikuru, yashongedzwa nepfumvudza itsva yemavara mavara akashisha ainge gudza rematsaratsadzi achinge seganda rembada, kana mitsara yeganda rembizi. Shiri dzaiimba norufaro parungwanani napamanheru, nemhuka dzichiribiduka zvadzo dziri matanga embiri yakare.

Zuva rakanga rotsenhukira kufa. Ndizvo vakati vave mujinga meNyota, makomo akatarisana neTsunganhurike, Nyamita akatarisa mberi kwavaienda akaona nyika yakanakisisa yebani regomba raMazowe, yakakomberedzwa namakomo akasvibirira, seari kutsi kweutsi, kana kutsi kweuma, ari chinhambwe. Nokudoka kwezuva, vakaona nyika yegomba yaita senharaunda redzvukamu piriviri rezuva guru raivheneka namaranzi matsvuku ainge egoridhe. Naiyowo pfumvudza yemisasa, yeminhondo, neyemipfuti, zvakanga zvakashongedza nyika yeNyota, zvichikwidza negomba rose reMazowe, ndokuita bindu remavara mavara. Ruvara rwemazani rwaive rwemakamba

machena, matema, mashora, enhundurwa, neematsaratsadzi ainge guru rehanga, zvichiimbirwa nemasangano enyenze dzaive zhwe zhwe zhwe renziyo dzeserevende dzokugamidzana. Naidzowo nhurikidzanwa dzematombo ainge vakadzi vakadengezera zvirongo zvemvura pamusoro, zvakafadza zvikuru mwoyo waNyamita naChikare. Mberi mberi kwavo vakatoona runako rwokusvibirira kwemakomo kwavainanga, aiti: Nyamuhumbe, Mbeve, Musekure, naManangate, kwaierera Mazowe achideva zvake nomujinga memakomo ayo. Nyamita achiona izvi, akati, 'Nyika ino yakanaka zvikuru, ini ndatoida kare.'

'Hunguka, ndoyauchagara.' Chikukwa akatsigira mazwi ake odaro. Zvino zvakaitika kuti paye pavakanga vave kudeva namakomo eMusekure, vachikwidza namateve etsanga dzerukova Tateguru, vave kusvika kuchikomo chinonzi Chomukoreka, vakabatwa nomumwe murume aifamba nenhanho ndefu. Akanga ari murume murefu, mutema, aine saka rake raiyevedza rechiKorekore, nevhudzi rainge chisango chaitiza nhema.

Vasikana vakati vamuti je-e, vakamuziva. Mwoyo waNyamita wakaita sokuvhunduka. Uyu akasedera. Chikukwa naZindoga vakacheuka, ndokuona, herino gomana riri kusedera kwavari, dikita riri tukova pauso. Vasikana vakashama nokushama vachimuona.

'Muchaita sei, muzukuru, zvamateverwa nomukomana uya akambosvika pamba pedu kwaNyakotyo? Handiti ndiMutsakadzi uya akambouya rimwe zuva nehanzvadzi yenyu, Bute?'

'Ndiye zvake, ambuya. Asi anoziva zvaakaona nezvaakanzwa pazuva iroro. Naizvozvo, handinei naye?'

Mutsakadzi asvika, vakakwazisana chinyararire. Vana Chikukwa naZindoga ndokungotarisawo vachinyumwa nechemumwoyo nezvemurume uyu.

'Ndimi aniko, changamire?' Chikukwa akabvunza ipapo, atozara kare neshungu.

'Ndini Mutsakadzi, muzukuru wokwaMutota.'

'Ko, imi ndimi ani?'

'Ini ndini Chikukwa Chitemamuswe.'

Mumwe wake akatiwo, 'Ini ndini ndinonzi Zindoga.'

Vakati vanzwa kuti Mutsakadzi akanga abva kuDande, vakamufungira kuti zvichida aive namashoko kuvasikana.

'Kwakanaka here kumusha?'

'Kwakanaka zvako, Nyamita.'

Vakambonyarara. Shure Nyamita akati, 'Ko, kuno kure kwakadai wafambira dzei, nhai Mutsakadzi?'

Uyu akamboti zi-i, shure ndokuti, 'Kure kwegava ndokusina mutsubvu, Nyamita.'

Chikukwa achinzwa izvi, mwoyo wake wakabva watsvuka ropa, hana ndiye viru, mudumbu, bvundu.

'Ndakanzwa kuti makatevera baba nehanzvadzi yenyu kuChitungwiza, ndikashaya pokuisa mwoyo. Ndiye saka ndatevera kuno.'

Achinzwa zvakare mazwi akadai orudo, Chikukwa akabva apaka pfuti. Akamira, ndokucheukira kuna Mutsakadzi, akati kwaari nehasha, 'Iwe mutorwa! Sarudza mazwi ako zvakanaka. Kuno kwawava hakusi kwaMutota. Wave munyika yaChiweshe. Uyu wauri kutaura naye atove muroora wokwaChiweshe.'

Mutsakadzi akati, 'Iwe muzvarwa! Kwakazvarirwa uyu mwana haukuzive. Zve, nemidzimu yakamukwezva kuuya kuno, hauizive. Zvandakakurukura naye kwedu kuDande, hauzvizive. Naizvozvo, siyana norudo rwokukambira.'

Ipapo Chikukwa akanongedzera pfuti yake kuna Mutsakadzi. Asi Zindoga akakurumidza kumubvutira achiti, 'Pfuti ndeyeyi? Siyana nazvo, mukoma. Ngozi yomutorwa inonetsa kuripa. Tingakurirwe here nomunhu mumwe chete

isu tiri vaviri?' Achitarisa kuna Mutsakadzi, Zindoga akati, 'Iwe muzvarwa, kana uchida kuponisa upenyu hwako chibva wadzokera zvako kwawakabva, kana kudzamika zvako namasango aya eTsikwi, nokuti pako pangakuperere.'

Ipapo Nyamita achiona izvi, akamira kufamba, zvinyoronyoro, akatarisa kumadokero kwarainokuti mbombombo zuva remadekwana, ndokuti, 'Chokwadi, chinhu chinonzi munhurume chinoruchengera rwunoputsa musoro womunhu. Imi varume, munoda kutibvubvudzana sokunge tiri michero yesango. Munoda kutikambira sokunge tiri mazandakubaya. Munoda kutichengetedza sokunge tiri mhou dzokukama mukaka. Munoda kutirongedzesa sokunge tiri danga remombe. Munoda kutifudza sokunge tiri danga rehwai. Munoda kutifungira sokunge tisina pfungwa dzedu pachedu. Chokwadi, upenyu hwangu ini hausi hweshiri, asi hwevari kumhepo, husina ani anohutonga napamadiro.' Achicheukira shure, akademba, 'O, sekuru wangu, Katonje! Wafireiko, Soko Wafawanaka? Ropa rako radeukireiko? Honaka, zvino ndoitwa rombe namagandanga aya asingadi kuona nhembe kana kunzwa munhuhwi wechikadzi. Kufa kwako kuchandiita nhangemutange, nhungamakore, nhangaruvanze, nanevanji wemagamba namajukwa ose evanhukadzi venyika ino yeMbire. Noupenyu hwangu huchavewo murove weropa richazokumba zvose nemakukutsi ose ari mberi kwawo. O-oo! Ropa dzvene reMbire rakapararireiko pamawere egomo reBandye?'

Vachinzwa izvi, vakati kapu namazwi aNyamita. Pashure, vose vakazoti dungwe rongondo voenda kundotsvaka chipotero muguta raChiweshe. NaMutsakadzi akabva anangawo kuguta raHwata kundotsvaka chipoteroko.

Nyamita akasvikogamuchirwa samambokadzi chaiye muguta raMambo Chandavengerwa Chiweshe, navahosi vake VaTakai.

Guta raChiweshe rakanga rakavakirwa mujinga ne-Tsikwi, riri nzanga chaiyo yomusha. Imbahuru yaive yakapoteredzwa nedzimba dzamakurukota nedzamachinda ake. Nechezasi kumadokero, musha waive wakaganhurana nekakova Gwihwi, kachiyerera nokuzvongonyoka zvako sezinyoka romubani, kakakombwa netsanga, nemitepe, nemihoronga kumahombekombe kwako.

Panguva dzebumharutsva, mumwedzi weGumiguru, zvichisveera weMbudzi, kwakange kusiri kuyevedzawo kwakadaro kwenyika yeTsikwi. Bani raGwihwi raigoshongedzwa norunako rwamandiriri, noruswiswi, rwezerere, hwairiritira mombe, namadzvanzvana ehwiza, namaruva emikukurume, nemimbanda, eruvara rweminhundurwa, rwaiyevedza zvikuru. Maruva ainge akati chechetere, achinge misoro yavasikana vakapfeka madhuku emhando nemhando: matsvuku, eshora, ezerere, mapfumbu, machena, namatema. Ainge sevanhu vari pamutambo we-Jerusarema.

Ndiyo nyika yakasvikogarwa naNyamita, uyo akanga ave kunzi Nehanda, naChikare, bandakadzi rake. Nokudaro, Nyamita haana kuzobvumidzwa kupfuurira kuChitungwiza uko kwaaida kundoona baba wake nehanzvadzi yake. Ndizvo, nokumanikidzwa, svikiro raNehanda rakaitwa mukadzi novokwaChiweshe.

Nyika yaChiweshe yaibva kuna Tateguru ichindobata kuna Mukuvisi kunyika yeHarare, nokutukomo tweBukutu, kumadzimbahwe emagamba anhasi, ichindobata kuDzivarasekwa iyo yakanga yapambwa novokwaChiweshe kubva kuna Mbari. KuMabvezuva, yaiganhurana neyaHwata uyo aive agere kuShaarunzwi kumakata

okwaChidamba. YaSeke Mutema yaive mhiri kwaMukuvisi naMhanyami kuMaodzanyemba, kuHarava. YaNyameda yaive nokumadokero nokuNyabira, yeVaShawasha iri yaChinamhora, kuMabvezuva kuChizhanje. Naizvozvo, yose yebani, yeHarare yaive yaChiweshe. Muganhu wenyika yaChiweshe naNyachuru waive kakova Tategura, ako kanodeva nemakomo eManangate naMusekure, kachizodira muna Mazowe, paMbeve. Ndizvo yaNyachuru yaizondobata kutukomo tweTsungubvi dzaaNamasu paGirandera, kudakara kuna Muroodzi anodirana naMwenje, uyu Mwenje achinodirawo zvakare muna Mazowe. Ndiyoyi nyika yakasvikove chipotero chaNyamita uyo wakanga ave nesvikiro raNehanda.

Chiweshe wakati kumwanakomana wake, 'Mwanangu Chikukwa, zvawaita izvi zvokuroora musikana anonzi ane svikiro, ndiyo ngozi huru yawatiparira pano pamusha. Svikiro harina mapfihwa.'

Chikukwa akapindura, 'Nhaimi baba! Svikiro, isvikiro rudziyi risingabve pamunhu kana raitwa mukadzi nomunhu? Ingoziiko ingazouya kwatiri isina ropa romunhu ratadeura?'

Asi baba wake akapindura, 'Uri kudaro zvako, mwanangu Shava. Chokwadi, iyi ndiyo mhingidzo yawatisorera ichazotishaisa rugare muno munyika yangu.'

Asi Chikukwa Chitemamuswe akavavarira chete akasanzwa zvakanga zvataurwa nababa wake. Kana Zindoga, naiyewo, akabva atorawo Chikare ndokumupinza mumba, ova mukadzi wake.

Pamutambo wakaitwa paguta raChiweshe, wokugamuchira nokupemberera Nyamita naChikare, Mutsakadzi akauyawo achiperekedzwa naMusaruro uyo akanga ateverawo achibva kuDande. Achiona Nyamita, mwoyo wake wakatsva zvikuru, akashungurudzika. Vakangunotaura vari

vaviri, Mutsakadzi akati, 'Honaka, Musaruro, musikana uyo wandaida, asi nhasi ave mukadzi womumwe. Ndinoita sei nenyaya yakadai?'

'Usazvinetse iwe nemvura yeguchu yadeuka. Zve, tarira, isu muno munyika tiri vatorwa, hatina hama dzingatibatsire kurwa hondo naMaziweshe aya akawanda kudai,' Musaruro akadaro. Akaenderera mberi achiti, 'Iye Nyamita uyu ndiye ega here pamusoro penyika? Ko inga ndiri kunzwa wani kuti unenge wave kuda Charwe nwanasikana waVaChitauro vokwaHwata, veShava Mufakose. Haasiriye wawave kuda here?'

Mutsakadzi akati, 'Chokwadi, pandakamuona Charwe ndakabva ndatorwa mwoyo naye. Asi handisati ndawana mukana wokumuudza zviri mupfungwa dzangu.'

Musaruro akaita sokumunzwira tsitsi. Akamboti zi-i. Shure ndokuti, 'Hama yangu, usazvinetse zvako zvakare naCharwe.'

'Sei, Musaruro?'

Musaruro akafemera kunze semunhu abatwa nechinepfu. Akati, 'Ndiri kunzwa kunzi Charwe ari kuda kuiswa pabarika romumwe anonzi Kandava ane vakadzi vaviri kare.' Achinzwa izvi, Mutsakadzi akaviruka neshungu. Kana nokufema akanga ototadza. Nokuvavarira, akati, 'Wakazvinzwa ani?'

'Ndakazvinzwa pabira raBute, svikiro raChaminuka, musi wandaenda kuChitungwiza.'

Mutsakadzi akabva aona dzvuku, ndiye netu, rukutu.

Musaruro akati aona kugumbuka kukuru kwaMutsakadzi, ndokuedza kumusimbaradza achiti, 'Hama yangu, zvechokwadi neniwo ndanga ndaona kuti Charwe anga ari mukadzi chaiye pana Nyamita. Asi zvisinei, usazvidye mwoyo, nokuti haungazive chiri kutsi kwesadza. Tsungi-

rira chete. Sango rinopa waneta. Uchaona zvako kwazvinovasvitsa nengozi iyi yavakapara.'

Vari vaviri, ava varume vakadzokera zvavo kwaHwata kuShaarunzwi kwavaigara asi uyu Mutsakadzi akange ave nechigumbu.

Chiweshe wakati aona gakava raChikukwa Chitemamuswe, akakokera dare rake kuzonzwa nyaya yakanga yaparwa nomwana wake. Ndokuuya machinda ake: vana Chizema naChogwiza, nemauto madhara: vana Demberere, Goredema, naMazarura, avo vakamborwa hondo namaNdevere.

Chiweshe akataura achiti, 'Nyaya iri pano ndeye dangwe rangu, Chikukwa Chitemamuswe, uyo aita gakava rokuda mwanasikana mutorwa watisingazive kwaanobva, kuti amuroore. Nyamita anonzi ane svikiro raNehanda raakabva naro kuDande. Ndati ndikusumirei nyaya iyi, vaSamusha, nemi machinda angu. Tinopaita sei pakadai?'

Chizema naChogwiza vakati, 'Chakaipa chiiko pane zvizvi? Mweya wesvikiro haugare pane murume. Uchatiza ukamusiya musikana ave munhu kwaye.'

Asi magamba madhara, vana Demberere naGoredema vakapikisa vakati, 'Ndiwo mashura kudunhu ataparirwa pano pamusha nenhunzvatunzva, tsvuura muromo idzi dzevana. Chikukwa ngaadzingwe pano pamusha kuti hasha dzavadzimu dzidzimurwe dzirege kutivhima nokutiunzira michichi. Kana asina kudzingwa, ngaanosungirirwa dombo mumutsipa agopotserwa muna Gwihwi kuti adyiwe zvake nehove dzakasiya Nyamita uyo waari kuda kuita mukadzi.'

VaMazarura vakati, 'Ngozi yesvikiro haisi yokutamba nayo. Chokwadi tose tingapere mumusha muno. Zvatisingazive kwaakabva, tinogoiripa seiko ngozi yakadaro? Kana kuri kuroora, tinogoipa kunaani pfuma yeroora rake zvatisingazive kuna baba wake anongonzi ari kuChi-

tungwiza? Uyu musikana uyu nebandakadzi rake Chikare, ngavaregerwe vaende zvavo parwendo rwavo.'

Pakuitirana nharo kwavo uku kwakabuda kupesana nokuparadzana, kune avo vaiti ngaaroore zvake, navaiti hazvina kukodzera kuti zviitwe. Asi kutorwa kwaChikare naZindoga hakuna kuitirwa nharo huru nokuti uyu akanga asiri svikiro. Pana izvozvi, Chikukwa naZindoga vakaunganidza magandanga, mhesvamikono, dzehama neshamwari, vachiti kuwana anopikisa zvavakanga varonga anotsvaka kufa kana kukuvadzwa navo. Naizvozvo dare raChiweshe rakavarega, vakaita pamadiro vose vachitya pfuti nezvimwe zvombo zvavaizoshandisa mukurwa. Chikukwa Chitemamuswe, sedangwe raChiweshe, ainge ndiye mambo chaiye, akaita pamadiro asina anomutsiura. Vakamuti ndiChikukwa chinovava, masona watsike mhandu.

Achinzwa mhirizhonga yepamusha paChiweshe, Mutsakadzi akakwenya mhuno nekasiyanwa akakuchidzira nechemumwoyo zvainokuitika pamusha waChiweshe kuti rudo rwavo ruponge. Asi pamazuva akatevera, ziso rake rakawira pana Charwe mwanasikana waHwata.

Shure kwenguva yakati, Chiweshe akafa. Nhaka yaChiweshe yakagadzwa pana Chikukwa, dangwe rake. Hapana akazoti bufu, kana kuti pwe-e padare raChiweshe. Nguva yakapfuura, asi Nyamita akashaya mbereko, vanhu vakati asungwa chibereko navadzimu. Asi Chikare akaita vana, imba ikapfumbira.

Achinzwa nokufa kwaNyamita, Mutsakadzi akasuwa, asi akaitawo sokunge kufara achiti zvaita shaisano, tsvatu waro! Pachemo yaNyamita, Mutsakadzi akauyawo asi Chikukwa Chitemamuswe akamudzinga nepfuti sembwa chaiyo, achiti ndiye akanga auraya mukadzi wake. Asi mudzimu wakapotera pana VaTakai, mudzimai waChi-

weshe, ukatema bembera uchiti, 'Makandiroora musina pfuma yamakandibisira. Baba wangu, Mhutsa, nehanzvadzi yangu, Bute, havana kuziviswa zve, havana pfuma yavakadya. Handivigwe, ndinototi ndikunhuhwirei muno mumusha menyu'.

Vakati vanzwa izvi, vokwaChiweshe vakatumira nhumwa kundotsvaga hama dzake kuChitungwiza. Mhutsa nomwanakomana wake, Bute anova ndiye wakanga onzi Chaminuka, naMunjaranje jinda ravo guru, vakaripisa mhombwe danga remombe romwanasikana wavo uyo wakanga apambwa novokwaChiweshe. Kana Jingamvura akaripiswawo danga remombe nomusikana pamusoro.

Nokupfuura kwenguva, Charwe, mwanasikana waVaChitauro veShava Mufakose, avo vaive vakavakira musha wavo kuChitungwiza akaroodzwa kuna Kandava, uyo aive nebarika. VaChitauro vakaramba pfuma yeroora. Vakati vanoda bedzi kuti mukuwasha atame azovakira musha wake paShaarunzwi.

Ndizvo, Kandava akauya akazogara paguta ramambo Hwata paShaarunzwi. Charwe akazvara mwanasikana wake wokutanga akamutumidza zita rokuti Svotwa.

Zvino zvakaitika kuti pamazuva iwayo, Charwe akabatwa nokurwara kwainge kwomunhu ari kupenga. Mambo Hwata, uyo ainzi Chiripanyanga, akaunganidza masvikiro ake aiti Gwangwadza, Mukanya, naDiura aive nesvikiro raGutsa, namachinda ake aiti Gwazi, Chidamba, Zindoga naMhasvi, ndokukokera mutambo wokutambira mudzimu unonzi waida kupotera pana Charwe. Usiku ihwohwo, vanhu vakararotamba, uyu Charwe ari parukukwe akafukidzwa jira dema nejena rehungwe, achikupirwa nekamusumo kedoro namasvikiro.

'Taura, kana uri mudzimu uri kuda kupotera pamwanasikana wangu,' Diura akapaumba. 'Haka kamusumo

kedoro katakupai, sekuru, nemi madzimbuya muri kumhepo. Musanyarare. Honai mwana uyu washushikana nedenda iri ratisingazive kwarinobva. Taurai, murege kunyarara.' Vana Gwangwadza, Mukanya naGutsa pachake, vakasvikirwa nemhondoro dzavo. Vakadzvova seshumba chaidzo dzesango.

Vachidaro vakatonzwa Charwe oti, 'Ndini ndauya.'

'Ndiwe ani?' Diura akabvunza.

'Gee! gee!' izwi rakadaro seromunhu agutisa.

'Ndiwe ani? Tati taura! Usanyarare tateguru.'

Vose vakati zi-i pakashaya anotaura kana kukosora, nokuti panoteurwa midzimu nokudirwa madiramhamba panotyisa. Vachiti mwi-i, vakanzwa.

'Ndini Nehanda Nyakasina ndasvikirira nepo.'

'Uri kubva kupi?'

'Kumhepo, asi ndinobva kuDande.'

'Ko, nhai muchembere, muri kudei?' Diura akaombera, bu, bu, bu!

'Ndiri kuda mwanasikana wako, Charwe, kuti ive homwe yangu.'

'Zvamunenge mareva, mhanduwe, ndiani angazvipikisa?'

Vose vakaombera, vakabva vaziva kuti mweya waNehanda wakanga wapotera panaCharwe mwanasikana waChitauro.

Kubvira nguva iyoyo, vose vakaziva kuti hapasisina murume akange achabvumidzwa kugara mumba naCharwe. Ndizvozvo, varume vose vakaita zvokumirira kure nokuti svikiro raNehanda ndere utsikombi, harikwikwidzane nomumwe murume paringe rapotera.

Nehanda akatama paguta raChiripanyanga, akandogara ava paChitora ava ega, pedyo nechikomo cheShaarunzwi, chakatarisana nemakata okwaChidamba.

Shure kwenguva yakakodzera, Charwe, uya akanga ave kunzi Nehanda, akasununguka mwanakomana wake akamutumidza kunzi Tandi. Mudzimu wakaramba kuti ayamwiswe, asi akariritirwa nomukaka wemombe nomunamba. Pakuyaruka kwake, Tandi akafembeswa fodya yomumhuno, yebute. Ipapo sekuru wake, Chitauro, ndokumutumidza zita rokuti Zidyafodya.

Achiona zvakanga zvaitika kuna Charwe, zvokupoterwa nomweya waNehanda, Mutsakadzi akati pasi bhi-i, neshungu, akange achazviuraya.

'Munyama wakadai, chokwadi, ndashaya kwaunobva nako. Wanditadzisa kuwana mapfihwa. Nyamita, naiyewo akambopoterwawo nesvikiro raNehanda. Zvino, nhasi, Charwe hoyu, aroorwa, zve apoterwa zvakare naiwo mweya mumwe cheteyo waNehanda! Asi zvine chazviri kunditaurira here? Ini ndichafira zvangu mugota ndiri tswimborume hora. Zvemapfihwa, zvandiramba.'

Kubvira nguva iyoyo, Mutsakadzi akabva atsvuka ropa. Akatangisa zvino kuvenga Nehanda nokutsvaka nzira dzokumuparadza nadzo kana kumukuvadza. Nenguva idzodzo, Mutsakadzi naMusaruro vakakurukura:

'Inzwa Mutsakadzi,' Musaruro akadaro, 'isu tiri vazukuru vokwaMutota. Hatinei nezvevanhu vokuno kwaChiweshe, kana vokwaHwata. Takauya kuno tichivinga Nyamita kuti ave mukadzi wedu, asi zvikaramba. Zvino tanga tanangana naCharwe, asi naizvowo, zvarambawo zvakare. Zvino ngatichidzokerai zvedu kumusha.'

'Ini handina kwandichadzokera, Musaruro. Ndinokutaurira kuti mwoyo wangu watsvuka ropa. Kunofira Charwe neniwo ndokwandinofirawo.'

'Unorevei kana uchidaro?'

'Zviri pachena. Ndicharondedza Charwe mugwara raachafamba, kudzamara kufa kwake.'

'Hausisiri Mutsakadzi wandaiziva. Waachimwe chinhu chisisina ruzivo, kana hunhu hune rudo, kana tsitsi, kana kuda kuona mhindupindu youpenyu.'

'Ndizvo zvandakauyira kuno, Musaruro. Zvino kana ndarasikirwa nazvose, ko upenyu hwangu huchine chii chandichagarira pamušoro penyika?'

'Asi waakupenga? Iye Nyamita kana Charwe ndivo vakadzi voga here panyika? KuDande kwedu kwaMutota hakunawo here vakadzi vakanaka kwazvo vane masaka evadzimu, nenyora dzechiKorekore dzinoyevedza, nemikonde yechuma inozadza zviuno, zvose zvinokunda izvi zvandiri kuona?'

'Handifunge kuti unoziva chinonzi rudo. Rudo ndiwo mucheka wakasunga denga napasi, wakaumba dzimba dzavakaroorana; wakaumba marudzi ose; unosanganisa mhuri imwe neimwe. Rudo runoumba parunodiwa, asi runoparadza parusingadiwe. Ndizvo zvandava, Musaruro. Ndave somunhu ave kuona ropa kwese kwese. Handina chinganditsukunyudze pana izvozvi.'

Musaruro akashamiswa nezvaakanga ave, akamusiya, akaenda nenzira yake odzokera kwaHwata kwaaigara.

Shaarunzwi inyika yakapambwa naHwata kubva kuna Zumba vachirwira masango egumi namateve ematapi. Ndiko kutora kwavakazoita mutupo nechidao cheShava Mufakose, vachiti tafa kwese kwese.

Ndizvo guta raHwata rakanga rakatarisana namavambo erukova Mazowe, panhongonya yarwo yakatarisana nebani reHarare. Panguva yeChirimo yokupfumbura kwemwaka, hakwainge kuyevedzawo kwezvipfukutu zvemakomo omuShaarunzwi. Makomo aya aigoshongedzwa nomucheka wainge wakasunge nyika, webhanire remavara-

mavara: matsvuku, matema, mapfumbu, enhundurwa, eshora, nematsaratsadzi aishongedza zvisuvi, nemihamba dzemakomo kunge mukadzi ane jira remavara mavara remhando nemhando. Wainzwa nyuchi dzoita mukuze dzichiziririka dzonanga kumikoko yadzo, nemabonga kumizinga yawo, mumisasa, mumiunze, muminhondo, mumipfuti, mumihacha, nomumizhanje, madzaitapa usvisvi mumaruva hwokundoitisa uchi mumizinga yadzo. Bani rose, naiko kutonhorera kwenyika yeHarare, raigove dzvukamupiriviri rorunako rwemandiriri rwaikwezva shiri nomunhuhwi waro dziri muchadenga, dzimwe dziri gurumwandira semashuramurove mugombero. Kana nemhuka dzesango dzaivemo nemarudzi adzo ese.

Ndizvo, guta raHwata, kuShaarunzwi, rakanga riri guru, rakatsigirwa nedzimba dzamachinda namakurukota ake vana Gutsa, Gwazi, Zindoga, Mhasvi, Diura, Jinda raChidamba, navamwewo vazhinji. Asi Nehanda aive pamusha waChitora, chinhambwe zvishoma neguta raChitauro, baba wake.

# *Chitsauko 8*

Parungwanani, nhumwa yakasvika paguta raChiweshe, zita rayo richinzi Mhasvi. Mhasvi akasvikotura nyaya yaiti Chiweshe aidikanwa naNehanda padare rokwaHwata Chiripanyanga. Asingadye manonoko, Chikukwa akatorana naZindoga mumwe weshamwari dzake, akaenda kudare raHwata.

Guta raMambo Hwata rakanga rakavakirwa mujinga mechikomo Shaarunzwi, uko kwave kunzi Christonbank mazuva ano. Raive guta guru rakatsigirwa nedzimba dzemachinda ake, vana Zindoga, Gwazi, Mhasvi, Chidamba, Diura, naGutsa uyo aive ari svikirowo zvakare nokwake, naChandavengerwa naMazarura, magamba makuru ehondo.

Pazuva iroro Nehanda akandotorwa kwaChitora kwaaigara, akauyiwa naye ndokusvikopinzwa mumbahuru yaHwata, sekuru wake, ogariswa parukukwe muzimbaro hombe. Machinda ose akaunganamo kuti vanzwe mashoko aNehanda. Kamusumo kedoro kakachinzi pamberi pesvikiro dzikiti. Chiripanyanga Hwata, akati, 'Machinda angu, namadzikoma edu okwaChiweshe, takukokai kuno kuti

muzonzwa matama aNehanda uyu wamunoona agere papapo.'

VokwaChiweshe vakaombera vakati, 'Tiri kuzvinzwa, Mufakose. Taurai zvenyu.'

Nehanda achinokufemba bute rake, Chiripanyanga, akatora kamusumo kedoro akambokati dzvutu, ndokuzopfira Nehanda achiguwa achiti, 'Tauraka, svikiro renyika, tinzwe zviri muchipfuva chako, kuti aya machinda awaunganidza pano anzwe zvawaashevedzera.'

Uyu achangodaro, Nehanda akapoterwa nomweya wesvikiro akafemba imwe fodya zvakare. Akaetsemura, kamwe, kaviri, katatu, kana, ndokumboti zi-i-i. Ipapo Chiripanyanga akataurazve oti, 'Taurai, muchembere, dunzwi ravanhu. Takateerera.'

Nehanda akasimudza uso hwake ndokutaura nezwi rakasimba achiti, 'Ndini Nehanda Nyakasikana, svikiro rerudzi, ndakushevedzai pano. Mwoyo wangu unorwadza zvikuru nezvamakandiitira imi vanhu vokwaChiweshe. Makandifumura mukandiita mukadzi wenyu, muchindipamba nokundimanikidza sokunge ndinonzi ndakanga ndiri svikiro risina ruremekedzo.'

Vose vakaombera nokuuchira vachiti, 'Taurai zvenyu, mhanduwe, tiri vana venyu. Takateerera.'

'Ndichisvika munyika yako iwe Chiweshe, wakandimanikidza ukandiita mukadzi wako uchiziva pachena kuti svikiro harina murume anorara muhuriri naro. Hutsikombi hwangu wakahuita chifumuko, chinhu pasina.' Nehanda akafemba bute rake zvakare, nokuhetsemura ruviri, rutatu, noruna.

'Kutadza ndokwevanhu vose, mhanduwe. Ngaisiye matambo,' Chiweshe akateterera.

'Napamusaka pohunhunzvatunzva hwako, ini ndakapfiga chibereko chaNyamita akafa asina mbereko. Zvino paku-

nditadzira kwamakandiitira, ndinoda mundiripe mombe gumi dzinemakamba machena namatema pagore negore kudzamara dzakwanira. Ndozvandakudanirai pano vanhu vokwaChiweshe.'

'Tinobvuma kukanganisa kwedu, mhanduwe. Zvamatongera izvozvo, zvichaitwa. Kuripa makaro edu evakadzi,' Chiweshe akabvumira. Asi akabvunza, 'Ko danga remombe ratakaripira Mhutsa harina kukwanira here?'

'Kwete, iro raive rokurooresa, rino ndero kuripa kusvibisa kwamakaita svikiro raNehanda.'

Nokudaro, gore negore kwaiuyiswa mombe kudare rokwaHwata kuripa ngava rokukarira zvaiyera.

Vachidzokera kwavo kwaChiweshe, vakaenda iri ndiyo nyaya pamatama avo. VaMazarura, avo vakanga vave harahwa, vakayeuchidza Chikukwa zvavakambotaura panyaya iyi vachiti, 'Ngozi yesvikiro haizi yokutamba nayo, tose tingapere mumusha muno. Nhasi, honaka, iwe Chikukwa chinovava, masona watsike mhandu, wazovaviwa nhasi nokusonwa muromo wemhandu yawakatsika.'

Vakaenda vachizviseka vachizunguza misoro nezvavakanga vanzwa zvichibva mumuromo wesvikiro raNehanda. Ndizvo gore negore Chiweshe akaripa mombe yengava rokusvibisa zita raNehanda.

# *Chitsauko 9*

Hazvina kutora nguva refu runyerekupe rusati rwasvika kunaNehanda rwuchiti zviya zvakanga zvafemberwa naMufemberi Chaminuka zvevainzi vasina mabvi, zvazouya munyika.

Mhasvi, achibva kuSalisbury, akanga achifemereka, ndokusvikoti, kuna Hwata Chiripanyanga, 'Changamire, pane nyaya pano inoti nyika yenyu yasvikirwa navaya vakafemberwa naChaminuka zvichinzi kuchauya vasina mabvi. Zvinonzi, iko kutaura kuno kwandiri kuita, vatove munyika muno.'

Hwata akati, 'Zvakanaka, muchinda. Iyi nyaya ihuru kwazvo, inofanira kusvitswa kwaNehanda Nyakasikana. Ndiye angatitsanangurire kwavari kubva, nezvavarikutsvaka, nezvatingaite navo.'

Vakaenda kwaChitora uko kwaigara Mbuya Nehanda, vachiperekedzwa naMazarura, Gutsa, naZindoga. Kana Mutsakadzi, naMusaruro vaivepowo. Vachisvika, Hwata akati, 'Tauya, mhanduwe. Pasi panenge panzi pamera nyanga dzemadhunamutuna evasina mabvi. Tati tizozvinzwira kwamuri kuti muri kuzvizivawo here zvemashura

kudunhu evanhu vanonzi havana mabvi vasvika kudunhu reHarare?'

Nehanda akapindura, 'Maita zvakanaka kuuya, Mufakose. Kana neniwo ndanga ndichida kunyatsonzwisisa nyaya iyi.' Achicheukira kuna Mhasvi, akati, 'Titaurirewoka, iwe Mhasvi unova ndiwe wakauya nenyaya iyi.'

Uyu ndokuti, 'Zviri kunzi vasinamabvi ava vari kubva nokuMaodzanyemba, nokugungwa reUzomba. Vanonzi chizvarwa chemvura yegungwa chinongodzungaira zvacho nezendereka repano pasi. Vari kubva nokuMaodzanyemba nemhuri dzavo, nengoro dzavo dzinokwevewa nezvipani zvemombe, nemakarichi anodhonzwa nemanyurusi nemabhiza anongoshenashena nokutiza semhepo.'

'Wati vari kubva nokupi, Mhasvi?' Nehanda akabvunza.

'NokuMaodzanyemba, mhanduwe. Vanhu vacho, mazirume machena, emaNgezi, navakadzi navana, nezvombo zvavo zvakawanda chaizvo. Vanonzi vakapfuura nomunyika yaChivi, Gutu, naChirumhanzu, vachizodakara kusvika muUnjanja. Izvozvi kutaura kuno vanonzi vatovaka kare misasa yavo munyika yaChiweshe yeHarare. Kana mureza watomiswa kare mujinga mechikomo cheHarare.'

Hwata akabvunza, 'Vakabvireiko kuMaodzanyemba kwavari kubuda nako?' Mhasvi akati, 'Vanonzi vakabva vachitiza maBhunu pamwe nepfumo remaZulu, raChaka, vachizotsvaka runyararo muno muUmbire.'

Nehanda akamboti zi-i, somunhu ari kufunga zvokuita, kana kutaura. Shure akati, 'Taura zvako muchinda.'

Mhasvi akafambira mberi, akati, 'Izvozvi gomo reHarare rangoti mbumbumbu nedzimba chena dziya dzakambotaurwa naChaminuka. Ngoro dzakangoti kata kata, namasaga azere ivhu akangotsigira ngoro nemisasa yavo yavakavaka.'

'Ko, sei vakauya nenyika yezasi yeChiredzi vachisiya yepakati yeMatopo, yaMambo Murozvi?' Hwata akabvunza.

'Vakauya negwara iroro nechido chokuda kunzvenga kudenha mago emaNdevere.'

'Ndanga ndichitofunga kuti kuuya kwavo kuchatibatsira kurwisa maNdevere atipfuvisa nehondo dzawo dzisingapere.'

'Izvozvo, mhanduwe, zvichaoneka nokugara kwavo pakati pedu. Asi zvokutibatsira kurwisa maNdevere, handifunge, nokuti vanotiona tose semhandu dzavo kunyange vakambovarwisa vari muTaranzivhara.'

'Sokuona kwako, unoti vanhu ava vauya norunyararo here, kana kuti ipfumo rinotsvaka hondo nokuparadza ropa?'

'Sokuona kwangu, mhanduwe, vanenge vanhu vehondo. Hatingavimbe navanhu vanouya nezvombo zvakadai tichiti vari kuuya murunyararo.'

'Sei uchidaro, Mhasvi?'

'Mhanduwe, ndinodaro nokuti misasa yavo yakatsigirwa nepfuti dzezvifefe, nehombe dzinonzi nganunu dzinondunduma kana dzorira. Zvino vanhu vane zvombo zvakadai mungati vari kuuya norunyararo here?'

Nehanda akati musoro tsinyin'inyi pasi somunhu ari kufungidzira, akati, 'Tichaona namagariro avo, nokuti vakuru vakati, manyadza tsviyo kudzvokora ari murima. Hatizive unhu hwavo, asi tichaona nenguva.'

Hwata akati, 'Baba iwe Shava! Togonzi takashamba pakafira imbwa here kuwana tosvikirwa nerimwe pfumo zvakare munyika yemadzibaba! Ko inga midzimu inenge yadimbura mbereko zvakare.'

Chiweshe akanga andoshevedzwa namachinda ake, vana Demberere naGoredema navamwe, akasvikawo kuna

Nehanda ndokuti, 'Mhanduwe nyika yangu yeHarare yatorwa, yapambwa namabvakure eMangezi, maBhiritishi. Ndoita sei navo?'

Nehanda akati, 'Unofanira kungwarira mafambiro auchaita, Mutenhesanwa. Yeuka zvakataurwa nesvikiro raChaminuka parakati kuchauya mabvakure achazovaka dzimba chena nokutonga vanhu nohudzvinyiriri.'

'Haaireva maNdevere here anova atipfuvisa nokutirwisa?'

'Kwete, changamire. MaNdevere havana dzimba chena dzavakavaka munyika muno. Vane mabvi anenge edu. Asi ava havana mabvi, madhunamutuna, madzimudzangara chaiwo evanhu. Naizvozvo tinofanira kungwarira mafambiro edu navo. Ini ndinoti chimbomirai tione kunowira tsvimbo nedohwe.'

Chiweshe uyo ainzi Chikukwa, haana kugutsikana nokutsanangura kwaNehanda. Akabvunza zvakare, 'Iwe Mhasvi, tiudze kuti mutungamiri weMangezi aya ndiani asingauye kuzokumbira mvumo yokugara munyika mangu?'

'Changamire, chinzwai zvondokutaurirai' Vose vakati ngwa-a, nzeve kuteerera. 'Mukuru wavo anonzi Leander Jameson, ari kuTaranzivhara kwaari kurwisana naMabhunu. Asi pane mumwe pasi pake anonzi Sisiri Rodzi. Uyu ndiye mukuru wenyika yeNatare yemaZulu. Ndiye akavatuma kuzopamba nyika ino yaVaRozvi, yaVaMbire, kuti ive pasi pemaBhiritishi. Vanhu ava vanoungwaru hunoshamisa, noutsinye hwakakomba, nezvombo zvoumharadzi zvinokunda zvedu. Naizvozvo, havambotioni savanhu vokukumbira nzvimbo yokugara. Izvozvo kutaura kuno, vamwe vedu vevatema vatove vashandiri vavo mudzimba dzavo, mumapindu, mumapurazi, nomumigodhi yavakakambira kare munyika ino.'

'Ungwaru, ungwaru rudziyi hwaunotaura iwe Mhasvi, hungakunde hwemadzibaba namasvikiro edu akatipa nyika ino? Ko idzi pfuti dzatinadzowo hadzisi zvombo here zvinokosha mukurwa zvakamboshandiswa namadzitateguru edu kurwisa maPutukezi?'

Nehanda akati, 'Nyarara iwe Chiweshe! Pakopa isimba here ringarwe navanhu vanonzi vane zvifefe nenganunu? Hatisi kutaura nezvekutungana kwembudzi, asi nenzira yatingagare navo murunyararo. Kunyange vari vatorwa, asi kana vane mwoyochena, norukudzo kuna vamwe, nechido chokugara murunyararo, tinovagamuchira pakati pedu.'

Chiweshe, naHwata nemakurukota avo, vakashama nokushama namazwi aNehanda, nokuti vakanga vakamirira kunzwa Nehanda achiti torai zvombo mundovarwisa.

Achinzwa izvi, Mutsakadzi akataura necheseri kuna Musaruro achiti, 'Uri kuzvinzwaka zviri kutaura Nehanda? Uku ndiko kutaura komunhu anoda kutengesa upenyu hwavanhu. Ari kuda kurera nyoka mumurara inozofuma yotiruma.'

'Aiwa kani, Mutsakadzi,' Musaruro akapindura. 'Hausi kuona here kuti uku kupindura kwakadai ndokwoungwaru hwokusada kudzvokora ari murima?'

'Uchirevei kana uchidaro?'

'Tarisaka, Mutsakadzi: Uyu Nehanda ari kuda runyararo, kwete hondo, navatorwa ava vauya munyika. Hazvina kunaka kuvenga munhu asina kukutadzira.'

Mutsakadzi akati, 'Runyararoi rwakadai rwokutsinya ziso kumatsimba emhembwe yakanangana nomunda une mbesa? Hausi urema here ihwohwo hwatichazorerera nyoka mumarara fume yotiruma?'

'Kweteka, hama yangu! Usataure negodo mumwoyo,

nokuti uyu Nehanda haana chaakakutadzira. Iwe hautye masvikiro enyika here?'

Ipapo vakakanganiswa naNehanda akataura oti, 'Zvakanaka machinda angu. Ngatichitumai Mhasvi aende kundovaona kuchikomo cheHarare kwavanonzi vatovaka kare musha wavo. Achauya netsananguro yezvavarikuda munyika muno.'

Ndiko kuparara kwavakazoita vonanga kumisha yavo.

# *Chitsauko 10*

VaRungu vechiBhiritishi avo vakanga vauya munyika vakanga vakangwarira kupamba nyika nezviro zvavamwe. Vakauya noruzivo rwezvakawanda, nezviro zvaiyevedza, zvainyengedza nokukwezva vanhu kwazviri. Vachinzwa kunzi nyika yavakanga vasvikira yaive yaIshe Chiweshe, asi ari pasi pesvikiro raNehanda, vakachimbidza kuungana nokuronga nzira yavaizosangana navatungamiri ava venyika.

E.G. Howman, anova ndiye wakanga aitwa mukuru wavatema, akakokera musangano paguta ravo reFort Salisbury. Vari chitsama mukahofisi kavo, Howman akati kuna Tyndale Biscoe, mukuru wegovero duku remauto evachena, 'Tyndale, nemi mose, ndati ndikurumei nzeve nezvenyika ino yatiri kuda kutora.'

Uyu akati, 'Taurai zvenyu, ndakateerera.' Iyo kapu yetii yainge iri pamuromo.

'Handina kuziva mambo mukuru ari pamusoro pavose mukati mevanhu ava vanonzi maShona. Asi ndiri kunzwa kuti nyika ino yatigere ndeyezishe rinonzi Chiweshe.

Tinofanira kutumira nhumwa kwaari kuti auye kuno tizotaurirana maererano namagariro edu navanhu vake.'

Ipapo Pennefather, uyo akanga aitwa mukuru wemapurisa, akati, 'Changamire, hungu Chiweshe ndishe zvake, asi pane svikiro rinonzi Nehanda rine simba kukunda raChiweshe. Rinotyiwa nokunamatwa navanhu vose vari mudunhu rino. Nehanda anounganirwa navanhu kunge mambokadzi. Ndiye watinofanira kutaura naye panyaya iyi.'

Pedyo naye paive nomumwe ainzi Henry Polland. Vose vaive vakagara pazvigaro zvavo vachinokunwa tii yemangwanani.

Polland akati, 'Neniwo ndakambomuona mukadzi wacho. Mupfupi, ane maziso mashava, nevhudzi dema rakamonana-monana kunge mvere dzehwai. Anopfeka mucheka wakapakatirwa papfudzi rerudyi uchirembera nokuruboshwe. Bute raanofemba haribve pamhuno. Anonamatwa kunge mwari wavo, nokuturirwa nyaya dzose huru dzenyika.'

Achinzwa izvi, Howman akati, 'Zvinenge zvave pachena kuti mudzimai uyu ndiye watinofanira kundoona. Akura zvakadii'?

'Zvichida ane makore makumi mana nemasere' Polland akadaro.

Imwe tii yakaunzwa nomushandi womutema. Vatema vakanga vatove kutotsvaira zvivanze zveguta reFort Salisbury, vamwe vatove vashandiri mudzimba dzavo nomumakicheni. Vamwe vakanga vatove mapurisa kuchengeta musha siku nesikati. Navamwe vakanga vatove kupinda mabasa emumigodhi yendarama negoridhe, nomumapurazi akanga atopambwa kare navachena. Migwagwa yeguta reFort Salisbury yakanga yatochena usiku ichivhenekerwa nemarambi. Yaitoswerera kumbu-

muka huruva yengoro dzemakarichi dzaikwevewa nemahesera nemabhiza. Chokwadi, nyika yakanga yavingwa zvedi nemadhunamutuna evasina mabvi.

'Tarisai muone, vazvarwa! Nyika ino yatakanzi tizopamba naJameson, achitsigirwa naCecil Rhodes, inenge nyika yakanaka chaizvo. Yakakwirira, inotonhorera zvakanaka kunge yokuMaodzanyemba kweHingirande, kwatakabva. Ina maruva anoyevedza omumabundo nomumapani kunge emumagadheni echokuMaodzanyemba kweHingirande. Ine miti inopfumvura mashizha namaruva anofadzisa mwoyo wose womuBhiritishi. Hova dzayo dzinosarukira dzine mvura, zve, dzine hove. Kwese kwese uko vamwe vedu vakakambira nyika dzemapurazi, vari kuti ivhu racho dzvuku rakapfuma zvokuti. Kutadza kupfuma kungange kuri kuremara kunenge kwechimhuru chakura asi chigotadza zvacho kutunga. Ndiyoyika nyika yatichatorera ava vatema tigoiita kaHingirande kaduku mhiri ino yamakungwa.'

Vose vakafadziswa zvikuru nomutauriro waive waita Howman. Nechinguvana, varidzi vemimhanzi yeBritish Grenadier duku, vakapfuura nepahofisi iyoyo vachiridza nziyo dzoukuru hwemaBhiritishi nokufarira nyika itsva youchi nomukaka yavakanga vave kupambira varidzi vayo, iwo mureza wavo we*Union Jack* uchinokupepereka panharaunda huru yeguta reFort Salisbury.

Zvakati zvichakadaro, Polland akasvitsa shoko kuna Howman, navamwe vake, achiti, 'Panze pane mutema, nhumwa yabva kwaNehanda, ine shoko kwauri nokwatiri tose.'

Tyndale akati, 'Ndozvatange tichatauraka izvi.' Pennefather ndokubva amira somupurisa ari kurinda ishe wake, ndokuti twi, opa saruti. Howman akapa mvumo yokuti nhumwa iyi ipinde.

Mhasvi, achiperekedzwa naGutsa, akati nemo tumbe, maziso ake ndokusangana neemazidhunamutuna ema-Ngezi. Uyu Howman aive nendebvu dzepamuromo nedze-pachirebvu dziri chisango chinotiza nhema. Aive murume muhombe akanyatsosvika, nevhudzi rainge romukadzi kureba. Tyndale aive mudodo, akapfeka hanzu dzomurwi. Vhudzi nendebvu zvaive zvakanyatsoguswa zvakanaka. Aive namaziso akasvibira kunge ekatsi. Pennefather aive akapfeka yunifomu yechipurisa, nebhande rakanzi kasve napapfudzi, rimwe nomuchiuno nekapfuti kakapakatirwa parutivi nebhande rembumburu muchiuno. Uyu aive nendebvu mumatama, kubvira kunzeve, kudakara kuchi-rebvu. Maziso aive eruvara rweshora. Vamwe vavo vaive namabhurukwa marefu vachinge vasina mabvi. Asi Penne-father aive ari mukabudura. Ipapo Mhasvi navaaive navo vakaona mabvi ake vakazobvuma kuti nyamba vaive vanhuwo saivo, kunyange vaive vachena.

Howman akavagamuchira norukudzo, akati, 'Ndiri kunzwa kunzi muri nhumwa dzabva kwaNehanda naChiweshe.'

'Hungu, changamire, tiri idzo nhumwa dzabva ikoko.'

'Tafara tichikuonai. Kana nesu tatenge tichitaura nezve-kuda kuonana navakuru venyika ino. Zvino zvamauya, zvanaka. Chitiruirai zvamatumwa tinzwe.'

Mhasvi akati, 'Tatumwa neshoko rinoti, midzimu yedu yada kuziva kuti ndimi vanaani mauya munyika muno. Kechipiri, muri kudei? Kechitatu, mauya norunyararo here, kana nehondo?'

Howman akapindura oti, 'Isu tiri maBhiritishi ari kubva nokuSouth Africa, kunyange kwedu chaiko kuri kuHingi-rande mhiri kwemakungwa. Tiri kutsvaka pokugara soku-tumwa kwatakaitwa nomukuru wedu, Cecil John Rhodes, achitungamirwa nomukuru kwaari Leander Jameson.

Pamubvunzo wako wechitatu, tinoti tauya murunyararo, kwete nehondo.'

Mhasvi akati, 'Ko, ava varwi vatiri kuona nemapakwa epfuti dzakatsigira masaga muguta renyu, ndezvevanhu vanouya murunyararo here?'

Howman akapindura, 'Hapana varume vanofamba vasina zvombo zvokuzvidzivirira kumhandu dzavo. Ko inga kana imi mauya namapfumo wani nepfuti idzi dzamakapakatira. Mauya nehondo here?'

Panhaurirano iyi, Mhasvi navamwe vake vakagutsikana nezvavakataurirana. Howman akatizve, 'Endai mundoudza Nehanda naChiweshe, naHwata — mumwe anonzi ndishe wenyu — kuti tiri kuda kugarisana navo murunyararo.'

Vakati vapedza kutaurirana uku, Mhasvi navamwe vake vakadzokera kumusha kundotura kuna Nehanda namadzishe avo izvo zvavakanga vaudzwa navachena. Achinzwa matama akadai, Nehanda akavakokera kubira guru rokuvagamuchira. VaRungu ava vakauya pamutambo wemakuwerere paChitora, apo pakabayiwa mombe yokuvagamuchira nomweya worunyararo noweruwadzano kuvatorwa vakanga vauya munyika.

Howman akatenda achiti, 'Makurukota edare rangu, neni, tinoda kutenda svikiro raNehanda, namadzishe enyu, namagamuchiro amatiita. Isu tinobva kuHingirande kunyika kwedu, kunyange vamwe vedu vakakurira muSouth Africa. Tinoona kuti nyika ino inyika yakanaka, zvokuti tikagarisana zvakanaka tichaedza kukubatsirai kuti ibudirire, nokudziidzisa vana venyu kunyora nokuverenga, nezvimwe zveruzivo rwatinarwo, naihwo umhizha hwenyika dzokwedu. Tiri kuona kuti imi munonamata nokupira madiramhamba kumadzitateguru enyu amunoti midzimu. Asi isu tine chitendero chechiKristu chatinovimba kuti muchachigamuchira nokuchifarira.

Pamwechete, tichavaka nyika inofadza ani nani agere mairi.'

Vanhu vakateerera mazwi aHowman, vasingazive chaive kutsi kwerurimi. Vanzwezvo, Nehanda akapindura, 'Tinofara nesuwo tichikugamuchirai munyika yedu. Kugamuchira vaeni hachisi chinhu chitsva pakati pedu. Kugarisana navamwe ndokwenguva. Vamwe vanochizouya vachitaura runyararo asi vakaviga mipinyi inorova imbwa yakavanda. MaPutukezi akambouya muno, madzitateguru edu akavadzinga nokuti vakanga vatadza kugara navo zvakanaka. Imi mauyawo, ndichivimba kuti hamusi maPutukezi, tichatarisira magariro enyu nesu. Zvino panyaya yechitendero chamataura, ini ndinoti kana chiri chitendero chorunyararo chinotya Mwari, naiyewo Kristu wamareva uyo wamati ari pedyo naMwari, hapana chakaipa. Pachazove navamwe vachazochigamuchira. Chinhu chikuru kugarisana murunyararo, nokukudza magariro nezvitendero zvedu, nomuruzhinji rwedu.'

Howman akavavimbisa kuti vakanga vasiri maPutukezi asi maHingirishi, maBhiritishi, aive pasi paMambokadzi wavo, Elizabeth I.

Bira rakapera, vanhu vakaparara voenda kumisha yavo.

# *Chitsauko 11*

Hazvina kutora nguva ndefu vaRungu vasvika munyika vasati varatidza ungarara, ujarijari, noundinyn'a hwavo kuvatema vavakakanga vavinga munyika yavo. Shure kwemakore matatu chaiwo vasvika munyika, Nehanda akazviona pachena kuti nyika yakanga yavingwa nemadhunamutuna evanhu vaive nomweya wetsinu, noupambipfuma, noupambivhu, noudzvanyiriri.

VaRungu vakatanga kumisa mirairo youdzvinyiriri muvanhu. Mirairo iyi yakanga isina rukudzo kumadzishe enyika, kumachinda namakurukota ematare evanhu, kana kuvhu rokurima kana kufudzira zvipfuwo. Vatema vakabatwa chibharo kundoitiswa migwagwa, kusevenza mumapurazi nomumigodhi, pamwe nomudzimba dzavo. Vose vaingonzi bhoyi kunyange mukuru kana muduku, vechikadzi vachingozi neni, (*nanny*).

Udzvinyiriri hwakafambira mberi apo pakamiswa mutero wemba mugore ra-1893. Pakushaya kwavo mari, vanhu vakazomanikidzwa kundosevenza mumapurazi evaRungu. Uyu murau mutsva wakanga wamiswa navachena weCharter Law, vatema vakaudaidza kuti 'Chata Ro.'

Nehanda achinzwa izvi zvose, akaunganidza vanhu vake pagomo reShaarunzwi akati, 'Machinda angu, imi vana Chiweshe naHwata, Gutsa naZindoga, nemi machinda madhara ehondo vana Demberere, Goredema, nemi vechiduku, tarisai muone, nhasi pasi panenge parohwa nenyundo. Hatisisina rusununguko rwuya rwataive narwo pakutanga rwokuvaka, nokugara, nokufudza mombe dzedu, nokuvhima pamadiro. Tave semombe dzinoswedzwa mudanga dzakapfigirwa.

'Ava vachena vatakagamuchira norufaro tichifungidzira kuti vakauya norunyararo, asi nhasi zvatinakira pambuno sefodya. Nhasi zvabuda pachena kuti tiri kurera nyoka mumurara ichazofuma yotiruma mangwana. Vana vangu, kwatiri kuenda irima, gadzirirai zvinouya nemwoyo yechirume. Gore dema randiri kuona richatikwidibira nokuvanza zuva roupenyu hwedu. Asi musatye. Midzimu haingadimure mbereko kuti tiwire pasi nokusingapere.'

Achitarisa kuna Hwata uyo ainzi Chiripanyanga, akamubvunza zvaaifunga panyaya iyi. Uyu akati, 'Zvamunenge mareva, mbuya, ndozvatichaita.'

'Mataura zvakanaka, baba wangu, Hwata, Shava Mufakose, kupa ruremekedzo rwakadaro kumwanasikana wenyu.'

Kuna Chiweshe, uyo ainzi Chikukwa, akati, 'Ko, iwe Chikukwa Chinovava masona, watsike mhandu, unoti chiiko pane zvizvi?' Uyu ndokuti, 'Mhanduwe! Tarisai muone: Nyika yangu yeHarare neyeDzivarasekwa, yakatorwa navachena ava vakauya munyika. Hapangavi norunyararo pakati pavo neni vasati vandidzorera nyika yangu. Pfumo rokwaChiweshe rinototi rindovabaya nokuvaparadza. Nyika yedu yagara parufuse nemirau yavo yokuteresa dzimba, nesu vanhu tiri munyika yamadzibaba edu. Nhasi isu toshandiswa semanyurusi kukweveswa ngoro

dzavo nemirairo yeChata Ro. Vana vedu vobatwa chibharo kundoitiswa migwagwa nokuchereswa migodhi naiwo mapurisa namabhurakwacha ari kushusha vanhu. Kwete, ini Chiweshe ndaramba, mhanduwe. Ini ndiri Chikukwa Chinovava, masona, watsike mhandu.'

Pamusangano uyu paivepo varume vaviri, vana vokwa-She Negomo veMoyo Nematombo. Mumwe wavo ainzi Mutota akasimuka akataura akatarisa kuna Nehanda, achiti, 'Ambuya, musatambudzike zvenyu nenyaya iyi. Ini naChivaura uyu agere pedyo neni, tinokwanisa kuenda kuDande kwaNyakotyo, kundotora ndudzo. Hapana bara kana mbumburu inokwanisa kupfura uyo anenge azorwa muti uyu.'

Vachinzwa izvi, vakadzi vaivepo vakapururudza, varume vakaombera maoko nokugutsurira misoro nokugutsikana, vachiti ngavaende vanouya nawo.

Mutsvakadzi, uyo akanga agerewo zvake mugungano iri, akati nekazevezeve kuna Musaruro, 'Zvose zviri kutaurwa pano ndezve nhando — marara chaiwo.'

'Unoshorerei uchidaro?' Musaruro akabvunza.

'Nokuti hapana achamira pamberi pevachena nenhunzvatunzva dzevatengesi vevatema vacharwa vari kurutivi rwevaRungu. Havasi kuziva kuti vaRungu vakauya nezvifefe nenganunu dzinorutsa moto nokupisa zvose zviri mberi kwazvo.'

Musaruro akati, 'Unofunga kuti icho chitsama chavachena chiri muguta ravo Fort Salisbury, chingarwise rudhende — aiwa rushishe — rwavanhu vose ava vari muno munyika here? Tarisa: tinonzwa kunzi Kunzvi Nyandoro, Mashayamombe, Mangwende, Mutasa, Makoni, Svosve, kana namaNdevere, vose vari kusvotwa nomurau weChata Ro wakamiswa navachena. Unofunga vose ava

vangakundwe here notutsama twemaBhiritishi twuri kupamba nyika yedu?'

Mutsakadzi akati, 'Hakusi kuwanda kwavanhu kunorwa hondo. Kunyange vashoma vanokurira voruzhinji kana vane zvombo zvokurwisa zvakakosha kupfuura zvemhandu dzavo, nokubatana pamwe. Kana iye Nehanda uyu, uchaona zvako, pake pachamuperera.'

Musaruro akati, 'Hungu, unotaura zvako uchidaro nokuti wakamuvenga. Asi ziva kuti svikiro harisiriro rokutamba naro. Uchagumisa wasvuuka vhudzi nezvauri kutaura izvi, kana kupenga chaiko.'

Nehanda akataura zvakare akati, 'Machinda angu, ndiri kunzwa kuti Mandevere ari pakati pehondo navachena kuBhuruwayo. Hunzi kutaura kuno zviri kunzi nyika yavo yatorwa, kana nemombe dzavo zhinji dzatorwazve.'

Hwata akati, 'Zvino vanogoita sei kudya kwavo kuri kwenyama yemombe sevanhu vasingazive zvetupadza? Zvichida zitateguru redu, Mazuru, iro rakapambwa muhondo dzedu navo, richawana kusunungurwa nokudzokera kuno kumusha.'

Nehanda akafambira mberi, 'Ndiri kunzwazve kuti Rubhengura, mambo wavo, akatiza paguta rake reBhuruwayo achinanga nokunaZambezi.'

Mutsakadzi akati nekazevezeve kuna Musaruro, 'Wazvinzwaka izvo! Zvino unofunga vanhu vanokurira maNdevere aunoona atipfuvisa munyika muno, ndivo vangamirisane nesuwo isu zvedu tinoswera tichichona mumakomo kutiza pfumo remaNdevere, rikabva rave zita ravakatipa?'

Vari vaviri vakamboti pfi pfi pfi kuseka chinyararire savanhu vari kuzviseka unzenza hwavo.

Usiku ihwohwo vanhu vakararotamba, ngoma dzichi-

dandaura kurira, pfuti dzichiridzwa, setsika dzechiRozvi, dzechiMbire, dzokukudza midzimu yenyika.

Henry Polland, uyo akanga aitwa Mudzviti wapaMandasi, paConcession muMazowe, akati anzwa kuti Nehanda akanga akokera musangano paShaarunzwi, akakurumidza kutumira shoko kuMudzviti mukuru muHarare, Henry Taberer. Akati, vanhu vakange vave kuronga zvehondo pamusangano wakakokerwa naNehanda. Iri shoko rakasvitswa kwaari naMutsakadzi akaendako norweseri achinomurumira nzeve zvisirizvo.

Namazuva mashomanana akatevera, Polland, uyo akanga ava kunzi Kunjaira, nokuti aifamba achikunjaira, akakokera musangano wemadzishe ose omuMazowe namachinda avo paMandasi kuzonzwa nyaya yokurongwa kwehondo iyo yainzi yaida kuzorwisa vachena. Asi Nehanda haana kuendako nokuti mudzimu wenyika haubve paguta rawo nokufambira nyaya dzavatorwa.

Vachisvika paMandasi, Polland akavabvunza chavaiita nokutaura pamusangano uyo. Polland akati, 'Ndakanzwa kuti makakokera musangano wokuronga hondo yokurwisa vachena, zve mukazorarotamba muchiridza pfuti dzokumutsa mweya wehondo. Ichokwadi here?''

Chiweshe akati, 'Hungu, musangano takaronga, asi wakanga usiri wokuronga zvehondo.'

'Waive wei?'

'Waive uri wokutambira nokupira midzimu yedu, changamire.'

'Ko, pfuti dzairidzirwei? Namazhenje emoto aive ei?'

'Itsika yedu yechiRozvi, yechiMbire, yokukudza vafi navakuru vedu nokuvaridzira pfuti, nokuvapemberera namazhenje emoto pakupera kwegore.'

Asi izvi zvose hazvina kugutsa Polland. Akataurira mapurisa ake kuti madzishe, makurukota, namachinda avo

vose varohwe nechamboko kuti vapfidze kuzvozviita zvakare. Vakadautswapo, ndokuenda misana, magaro, nenhumbu, zvangoti tuku tuku kuzvimba, vasisina neromuromo.

# *Chitsauko 12*

Pakudoka kwaro zuva dzvene, rakagamuchirwa namadzishe aiti Chiweshe, uyo ainzi Chikukwa, naHwata, ainzi Chiripanyanga, namachinda avo vanaGutsa, Zindoga, Gwizi, Diura, naChidamba. Rima rakave chipotero, negomo Shaarunzwi rikave nharire kumhandu dzavo. Shaarunzwi neHarare, ndokubva zvarimirana kumuganhu.

Zvakaitika kuti manheru iwayo, ava vanhu vakaungana mumba maNehanda pamusha waChitora. Nehanda achiona mavanga okurohwa kwakanga kwaitwa madzishe ake akasuwa zvikuru. Akati, 'Mwoyo wangu unosuwa zvikuru nokubatwa kwakadai kwamakaitwa naMudzviti, Kunjaira. Midzimu yedu yandiudza kuti ava vachena havana kuuya nomweya weruwadzano, worunyararo, asi woumharadzi, woupambipfuma, nowehondo. Hatisati tazviona zvokuti madzishe anorohwa padare nomwana muduku anenge Polland. Tarisai zvakare tave kutereswa mutero wedzimba newevanhu, vanhu vave kubatwa chibharo kundoita migwagwa nokusevenzera vaRungu mumapurazi, mumigodhi, nomudzimba dzavo. Upenyu hwakadai huchatifumura nokutishaisa dzikamo.'

Hwata akati, 'Mhanduwe, ko inga hapana chamakatadza wani. Makavagamuchira zvakanaka nokuvaurayira mombe, tikafara navo sevaeni vakanga vauya munyika yedu.'

Pane zvizvi, Diura, gamba rechidhara, rakamugamha rikati, 'Asi pari nhasi tave kubatwa sepwere, tichirohwa kunge mabhanditi. Ndizvozvika zvakanzi navakuru unorerera nyoka mumurara ichizofuma yokuruma.'

'Hazvibatsire kuswerotaura mazwi okutovana mavanga atakaitwa nechamboko. Tinofanira kutsiva nesimba redu rose nokundoparadza guta iroro riri Harare riri munyika yangu. Hapana tsitsi, hapana nyasha kana tsiye nyoro dzingaitirwe vanhu vakadai.'

Gutsa, rumero hombe, dema, rakati kwakwanu, rikati, 'Kutaura ndokunei; chinono chinenge cherwaivhi. Ngatitorei matemo edu, nemakano, nepfuti dzedu idzi dzechi-Putukezi, tinovaita kanyama kanyama.' Ndokubva hero robuda zvaro panze richihwataira kufamba kunge zihwata rinomungwere, rakabata mukombe waro wedoro.

Nehanda akateerera, akati, 'Machinda angu, ndiri kuona goronga guru mberi kwangu. Midzimu inenge ichakarodimura mbereko. Asi musarase mwoyo. Nyika ndeyedu, nemidzimu yedu ichatitsigira munhamo nomumatambudziko.'

Chiweshe akati, 'Ko, nhai Mbuya Nehanda! Ko, iwe zvauri dunzvi renyika rinochengeta vanhu, iyo midzimu yamuri kuti ichatitsigira munhamo nomumatambudziko, munoti ndiyo ichatora zvombo zvokurwisa mhandu dzedu here? Titaurirei zvatinofanira kuita namadhunamutuna aya auya munyika, musingati pamunhondo, pamusasa zvamuri kuita izvi.'

Nehanda akamboti zi-i, somunhu arasika mupfungwa. Achangunokudaro, vakanzwa pamusuwo, go, go, go.

Sevanhu vakanga vakazvipfigira vachinokutaura nyaya dzakavanda, vakambovhunduka, vakarohwa nehana. Shure, Nehanda akatarisa Chiweshe neziso raiti, ''Tarisa uone ari kugogodza.'' Uyuwo akatarisa Zindoga muduku kwaari, maziso ariiwo ndiwo ari kutaura chete. Zindoga akavapinza mumba. Varume ava vaviri, vakapinda mumbamo maive nerima rokusaona munhu pachiso. Vachiita magusvi, bo bo bo, vakati, 'Tisvikewo, Mbuya Shava!'

'Svikai, vanangu!' izwi raNehanda rakadaro. Achivatarisisa nechiedza chiduku chaivheneka mumba, vakaona kuti ava varume vakanga vakagwinya chaizvo, vari varwi vehondo. Wokutanga aive murume murefu, mutete, mushava, ane makumbo ane tsapfu nemikono yakagwinya. Vhudzi rake raive rakamonana-monana, aine ndarira mumako dzerusafuri, nemhete munzeve, nechuma muhuro. Aive nepfuti yechifefe, kuratidza kuti aive uto rehondo.

Mumwe wake aive mupfupi zvishoma, ari mutema, akapfeka bhurukwa rainge mufoyi, kunge reshamwari yake. Naiyewo, aive nepfuti yechifefe nevhudzi rainge chidzunzwa chouswa huri pachuru.

'Garai napachikuva icho, machinda angu,' Nehanda akavagamuchira achidaro. Vakati vagara, Nehanda akati, 'Chindiudzai kuti ndimi vanaani, nokwamabva, nezvamafambira.'

Wokutanga akati, 'Ini ndinonzi Kagubi, ndiri mwana waMachengo Chigonya muShawasha. Ndionera Soko Murehwa. Asi zita rangu rehondo remadunhurirwa rinonzi Gumboreshumba.'

Wechipiri akati, 'Ini ndinonzi Mkwati, mukuwasha waMambo muRozvi. Ndiri uto, napakare, ndiri svikiro kufanana naKagubi.'

Nehanda akashamiswa nokufadzwa zvakare noumhare wevarume ava.

'Chindiudzai, pamwe nevedare iri raChiweshe naHwata, zvamafambira kuno.'

Kagubi akati, 'Mbuya Nehanda, nemi madzishe namakurukota edare, inzwai nyaya yatafambira kuno tichibva kuMhondoro, uyu Mkwati achibvawo nokumaNdevere. Mambo Mashayamombe andituma kwamuri, Mbuya, neshoko rinoti vanhu vangu vamira panyanga dzamushore nokushushwa navachena vakauya munyika. Madzishe ari kungorohwa navaMudzviti, vachitereswa mitero yedzimba. Kana kuroora vakadzi vazhinji yatove nhamo chaiyo nokuti naivowo voda kutererwa. Mombe, kana nembwa zvose zvodawo mitero. Vanhu vari kubatwa chibharo kundosevenzeswa mumabasa evachena asina chipundutso. Zvino Mashayamombe wandituma kuzovhunza kwamuri svikiro guru repasi, zvatingaite navava vachena vauya norushusho rwakadai kuvanhu.'

Nehanda akati, 'Zviri munzeve, Kagubi. Zvawataura ndazvinzwa, neshoko rabva kwaMashayamombe.'

Uyu Mkwati akati, 'Neniwo, Mbuya Nehanda, ndiri kubva kumaNdevere kwandakanga ndaronga hondo navanaTandi, Siginyamatshe, Mpotshwana, navamwe vakadaro, yokurwisa vachena. Zvino maNdevere akakurumidza kukanda mapfumo pasi nokutorerwa nyika yavo nezviuru zvemombe dzavo. Kana mambo wavo, Rubhengura, akatiza pamusha wake weBulawayo achinanga nokuna Zambezi. Ndaonezvo, ndopandakazosiya nyika iyo ndouya kuzotorana naKagubi kuti tizoronga imwe nzira yokurwisa mhandu dzedu.'

Nehanda akateerera iyi nyaya akaitura kudare rake. 'Heyoka, machinda angu,' Nehanda akadaro. Chiweshe

akapindura oti 'Hauoneka, ndozvatanga tichangunokutauraka izvi zverushusho rwatave narwo munyika muno.'

Hwata akati, 'Iyi inyaya inopera nokurwa here? Ko, kutaurirana navo hazvingaite here?'

Nehanda akati, 'Handioni kuti tingataurirane navo takaita sei. Tanga tichitofungidzira kuti rushusho urwu rwuri kuno kwedu chete, nyamba rwakaparariira nokupi nokupi kwese.' Achitarisa kuna Diura, gamba dhara, akati, 'Ko, iwe Diura, unoti chii pane zvizvi?'

'Ini, mhanduwe, ndinoona sokunge tichakwidzana mumakomo chaiwo navachena. Zvokutaurirana nokugadzana matare hunge uchiona matongero anobuda akanangana nenduramo. Ini handizvione kudaro navanhu vasingakudze vatema kana kuvaona sevanhu.'

'Hondo! Hondo! Ndiyo nzira bedzi yokuranga madhunamutuna auya norushusho,' Chiweshe akabararadza nehasha.

'Nyarara, Chiweshe! Pakopa, isimba here?' Hwata akadaro. 'Hausi kuona here kuti vanhu ava vane zvombo zvinenge pfuti, nenganunu dzingatirutsire moto nokutiparadza?'

'Uri mbwende, Hwata! Ndichinyararei? Tingakundwe nechitsama chakadai chavachena isu tiri rushishe, mavhu namarara? Zviri nani kurutsirwa marutsi wafa panokurutsirwa uri mupenyu.'

Nehanda akati, 'Chiweshe, kumhanya hakusi kusvika. Kuwanda isimba bedzi kana vanhu vari pamwe chete. Hatiite zvomumisoro yedu, asi zvatinoudzwa nemidzimu yavari pasi. Zvino ini vari pasi vandiudza kuti tinofanira kuronga hondo kurwisa vaRungu.'

'Heeka! heeka!' vedare vakadaro, nemheterwa dzichirira.

'Nyatsotererai,' Nehanda akavanyaradza. 'Simba rokukurira mhandu rinobva muzvinhu zviviri. Chokutanga,

kuumbana kwavanhu muchinangwa chimwe chete. Ndiro simba ravanhu. Kuita chirwirangwe. Chechipiri, ndiko kuteerera nokuchengetedza zvirayiro zvavatungamiriri vehondo.' Vose vakateteka nzeve vakateerera.

'Murayiro wechitatu wandinokupai ndowokuti vanhu varege kuita ruchiva nokutora zvinhu nezviro zvakauya navachena: zvokudya zvomumagaba, nhumbi dzokupfeka, machira, chuma, nezvimwewo, nokuti zvakan'ora, zvakasviba. Musi wamunotyora murayiro uyu ndiwo musi gava warichadambura mbereko.'

Kagubi, uyo akanga akanyarara panhaurirano iyi yose akati, kwanyanu paaive agere, akati, 'Mkwati, wazvinzwaka zvataurwa nesvikiro raNehanda? Iyi yava hondo yechimurenga. Simuka, tora pfuti yako tipiyanise neyangu.'

Vose vakabva vati nyandanu, ndiye zvombo zvavo kokoto, mudenga ji. Kagubi ndokurudenha rwiyo rwava Mbire, oshaura achiti:

Kuenda Mbire
Kuenda Mbire
Vakomana imi!
Ho yeho,
Ho iya,
Ho yeho,
Kuenda Mbire!
Ndikaenda Mbire
Ndikaenda Mbire
Usanditevere!
Ho yeho,
Ho iya,
Ho yeho,
Kuenda Mbire.

Vachibuda mumbamo, pfuti dzechiRozvi dzokukudza vakuru navafi dzakaridzwa, makomo eShaarunzwi akadzorera maungira emutinhimira wadzo.

# *Chitsauko 13*

Achinzwa zvakanga zvarongwa naNehanda nevedare rake, Mutsakadzi akabva ati tsvekesu nerweseri, akaenda kuvaRungu kuFort Salisbury kundovapira zvakanga zvarongwa naNehanda.

Asingadye manonoko, E. Howman, mukuru wevatema, akachimbidzomisa dare rake, apo pakaungana Tyndale Biscoe, mukuru wemauto ehondo, Pennefather, mukuru weMapurisa, naHenry Polland, Mudzviti wepaMandasi paConcession muMazowe, nevamwe vevachena. Mutsakadzi, achiturikirwa naMhasvi, uyo akanga ave mupurisa mukahurumende kevachena, akatsetsenura zvose zvainge zvarongwa naNehanda nedare rake.

'Uyu murume anonzi Mkwati, ndakambomunzwa pahondo iyi yapera yamaNdevere. Ndiye akabatwa namaNdevere kuna Zambezi, akauya oronga varwi vanenge Umbungulu naMpotshwana, vari pasi paNyamanda, jinda raRubhengura, kurwisa vaRungu,' Howman akadaro.

Tyndale Biscoe akati, 'Ndiani chaiye pakati pavo, ari kuda kuronga hondo?'

Mutsakadzi akati, 'NdiCharwe, muroyi mukuru anozviti

ane svikiro raNehanda. Ndiye muvengi wenyu mukuru pakati pavo vose.'

'Ko, uyu Kagubi, ndiani? Akabva nokupi?' Pennefather akabvunza.

'Akabva nokuMhondoro kwaMashayamombe kwaakakurira, kunyange ari muShawasha akaberekerwa kuChishawasha kwaChinamhora. Vose ivava vari vatatu, masvikiro anotyisa zvikuru,' Mutsakadzi akadaro.

'Isu hatisi kuona chatiri kukanganisa. Vanhu ava vakadzikira zvokuti isu ndisu takatouya nezvingavaite kuti vasimukire, vave vanhu. Vari kunyunyutei, Mutsakadzi?' Howman akabvunza.

'Vari kunyunyuta kuti vari kutereswa mitero munyika yavo, nokutadziswa kuroora vakadzi vazhinji nenzira yemitero. Vanotizve, vari kubatwa chibharo vachisevenzeswa mumigwagwa nomumapurazi, nomumigodhi — mabasa avasina kujairana nawo vachisiiswa kunwa doro nemitambo yavo yechinyakare. Vanotizve, vari kunzi muri mahedheni, siyai chitendero chenyu chemidzimu, nemabarika, mutevere chiKristu chinokuendesai kudenga. Asi chinhu chikurukuru ndechokuti vari kuti muri kufumura nokusakudza madzishe enyika nokuarova nemvuu nezvamboko.'

Howman akatarisa kuna Polland neziso raiti, 'Ndiwe uri kuita izvi zose.'

Polland akati, 'Changamire, vatema vanenge vapwere chaivo. Havagone kufunga. Havazive chinonzi kutongwa nokurangwa padare. Vanoda kuita madiro, namagariro avo echinyakare enungo, asina chipundutso. Havazive chinonzi mitero, inova ndiyo inobatsira kuita migwagwa, nemabhiriji, nezvipatara, nezvikoro. Kana vachiti vakarohwa paMandasi, vakarohwa nehama dzavo dzemabhurakwacha, kwete neni.'

Howman akataura zvino nemwoyo uzere shungu, achiti, 'Nyika ino yatakazviwanira noruzivo rwedu tichaiita bindu remichero namaruva. Ichave nokudya kwakawanda. Ichaerera uchi nomukaka. Asi izvi hazvingavi kana tisina vasevenzi vavatema. Ava vatema vanofanira kudzidziswa norushamhu nechamboko kuti vapinde mujokwe remirayiro yedu, zve vamuke muhope dzavarere. Kuvadzidzisa magariro edu echiRungu nokuchengetedza tsika namagariro eupenyu hwedu hwakakwirira ndizvo zvichava basa redu kwavari.' Akamboputa mudzanga wake wainhuhwa samare, ndokuenderera mberi achiti, 'Ndichatumira shoko kuna vaMudzviti vose kuti vasimbise mirayiro yeChata Ro kuvatema vari mumaruwa avo. Kuwana asingachengetedze mirayiro yakamiswa neBritish South Africa Company, yakabvumirwa naPrezidhendi wedu, Leander Starr Jameson, achasungwa nokukandwa mujeri. Kuti vadzidze zvechitendero chitsva chechiKristu, tichakumbira Father Richartz, naFather E. Beihler veRoma Katorike, naMajor Stowell weHondo yoRuponiso, navafundisi veWisiri, kuti vaparidze vhangeri kuvanhu ava vanotendera zvemidzimu yamadzitateguru avo isina basa.'

Achitarisa kunaTyndale Biscoe, akati, 'Dale, unofunga here kuti tinofanira kuronga mauto evarwi kugadzirira zvehondo inenge iri kuda kumutswa naNehanda?'

Tyndale akaseka zvake, akati, 'Pane hondo iri kupiko, changamire? Uku kunongove kutungana kwembudzi nenzou. Hapana chokuzvinetsa apa nezvinhu zvehwahwa zvakadai zvisina maturo.'

Kuna Pennefather, mukuru wemapurisa, Polland akatiwo, 'Totumira here boka remapurisa kundobata vapanduki ava namagandanga aya anenge Kagubi naMkwati, kana naiye, muroyi, Nehanda pachake?'

Uyu akapindura, 'Handifunge kudaro, changamire.'

'Sei uchidaro, Penne?'

'Nokuti hatisati tava nesimba pamusoro pavo kana penyika yavo. Zve, hatingazvinetse nezvinhu zvakadai zvisina musoro. Vanhu ava havakwanise kuronga hondo ingatirwise isu zvatakaita kudai.'

'Pennefather, rangarira kuti isu tiri chitsama, vamwe vedu vari kurwisana namaBhunu kuSouth Africa, asi ivo vazhinji kupfuura isu. Haufunge here kuti vakatimukira tingapere isu tose nevana nemadzimai edu?'

Pennefather, akati, 'Inenge yangove nyatwa zvayo, asi sokuona kwangu, vatema ava havana ruzivo kana simba rokumutsa hondo ingatiparadze sezvatiri.'

Howman akati, 'Zvakanaka. Asi ndichatumira Polland kundoona zviri kuitika kuShaarunzwi.'

Somubayiro webasa guru raakanga aita, Mutsakadzi akapiwa basa rechipurisa onzi '*good boy*' navaRungu.

# *Chitsauko 14*

Rakanga rave gore ra-1896, mumwedzi weChikumi. Hwata, Gutsa naZindoga ndokunge vachinokuvhima zvavo matapi mumateve emahombekombe eMazowe. Madzimai nevechiduku vainokuchera mbende, shana, nhika, madanhazvuru, nenhururu mumakura aive achangobva kukohwewa. Nechemuchisango vanaHwata vakatonzwa kuti rikiti rikiti, mufambiro webhiza.

Vachiti cheu, Gutsa akati, 'Hwata, dotarira uone zviri kuuya nekoko!' Uyu achitiwo bamama kutarisa, akati, 'Kunjaira!'

Zindoga akati, 'Nhasi dzawira mutswanda. Ndipo pano patamuwanira chokwadi, midzimu yaamai vake yadimura mbereko.'

Gutsa akati, 'VaRungu vane midzimuwo here? Kufa kwavo ndiko kurova.'

'Nyararisai, vakomana, asvike pedyo,' Hwata akadaro.

Kunjaira akauya akatasva bhiza rake ari ega, asina muperekedzi. Akati ashaya kuona munhu, akajitika pahachi rake, ndokuti maoko muhomwe tsve, okunjaira kufamba, sezvo rakanga riri rume hombe, refu. Ndokuti twi, kumira

somunhu ari kuongorora zviyevedzo zvenyika iyi yeShaarunzwi.

Gutsa rakachibuda zvino muchigwenzi marakanga rakahwanda, ndokumunyangira chinyararire, ndokusvikomuti dzvi, muhuro. Ipapo ndokumboita mabimbiri, nokuumburudzana pasi, nokukakaritsana, nokutataritsana, nokuzvuzvurudzana, vachiita mawiramombe. VanaHwata naZindoga vakambonakidzwa, asi ndokuzomuti dzvi, ndokumusunga maoko nokumusana, vomukutsirana pasi, ndokumuita mbira dzakondo.

'Toita sei nemhandu iyi yedu yokutanga nokugumisa?' Hwata akabvunza.

'Handiti ndiye akakurovai nechamboko kuMandasi, iwe naChiweshe?' Zindoga akabvunza.

'Hungu! Ndiye chaiye.'

'Ko, chauchiri kumirira chii? Chawakabata icho haisi pfuti here?' Zindoga akaguwa nezwi guru.

'Kwete! Kutema chirevo kwakadai hakusi kwangu.'

'Ndokwani?' Zindoga akabvunza.

'NdokwaNehanda.''

Nokudaro, vakaenda naKunjaira ave mubhanditi. Nehanda achiona Kunjaira, mwoyo wake wakaita urombo zvikuru akati, 'Chatakatadza chiiko nokukugamuchirai kwatakaita? Asi nhasi mave kutiita nhapwa navaranda venyu vanoswerokweva ngoro dzenyu!' Achimuringisa akati, 'Pindura tinzwe, Kunjaira!' Asi uyu haana kupindura. Hapana chaakanga anzwa. Akaramba anyerere.

'Mutorei muende naye kunze kwomusha mundomurangira ikoko. Handidi ngozi yomutorwa isina mutupo kana rudzi pano pamusha pangu.'

Ndizvo, vakaenda vachimusundaidza vakananga nokurukova. Hwata akamutema nedemo nokugotsi ndokubva

ati pasi tiba. Zindoga akamupfupfuridza nepfuti yaakanga akapakatira. Hwata ndokutora chitunha chake ochipotsera murukova, ndokutora pfuti yake opfura bhiza rake. Vakati vapedzezvo, ndokutiza vodzokera kudzimba dzavo.

Vachinzwa nokuurayiwa kwakanga kwaitwa Kunjaira, Kagubi Gumboreshumba naMkwati, vakauya kuShaarunzwi vachibva kwaMashayamombe kuzoona Nehanda.

'Tiri kunzwa kuti machinda okwaHwata akauraya mhandu yedu huru yaibata nounhapwa noudzvinyiriri vanhu vedu muno muMazowe,' Kagubi akadaro.

'Hungu, machinda, ndizvo zvakaitika,' Nehanda akabvumira. 'Machinda angu akashaya imwe nzira yokutongesa mhandu yaive norushusho rwakakomba.'

'Zvino isu tauyawo neshoko rinoti Mashayamombe atove kurwisana navaRungu vanga vachishushawo vanhu muruwa rwake. Zvino atituma kuzokuzivisai naizvozvo, nokukumbira chirwirangwe chavarwi venyu nevake.'

'Pakanaka, vanangu. Nehanda anoti vatorwa vanouya munyika nepfumo roumharadzi vanofanira kurwiswa nokuparadzwa. Midzimu yandiudza kuti rongai hondo mundorwisa vavengi vevanhu.'

Mkwati akati, 'Kunyange maNdevere akakandiswa mapfumo pasi nokunyengedzwa nezvipo zvemagumbeze nedoro, isu kuno tichatora zvombo zvehondo nokurwisa mhandu dzedu.'

'Chibatanai navarwi vedu vokwaHwata, novokwaChiweshe, muronge hondo mundoparadza avo vachena vaungana kuchikomo cheHarare, naivo vose vakapamba mapurazi navari mumigodhi kuJumbo.'

Vasati vaenda, Nehanda akapamhidza, akati, 'Asi, pakurwisa kwenyu vachena, musatore zvinhu zvavo zvinoti nhumbi, chuma, kana zvokudya nokuti izvi zvakan'ora.

Musi wamunorasa uyu murayiro ndiwo musi midzimu waichadambura mbereko. Ndakutaurirai. Chiendai.'

Kagubi akatarisa kuno mumwe wake, akati, 'Wazvinzwawoka zvataurwa naMbuya Nehanda! Ichi ndicho chimurenga chatanzi titangise navachena.'

Vakaenda vakasvikounganidza varwi vokwaHwata vaiti Ishe Hwata pachake, uyo ainzi Chiripanyanga, namachinda ake vana Zindoga, Gutsa, Chidamba, Mhatsi, naDiura, naMazarura, machinda madhara, nendinde yavarwi. Kwachiweshe vakaunganidza iye Ishe Chiweshe, ainzi Chikukwa Chitemamuswe, naana Chizema, Chogwiza, nemauto madhara vanaDemberere naGoredema, navamwe vazhinji vehondo dzavo.

'Ndinoda kuti munzwisise zvandichakutaurirai,' Kagubi akadaro kumauto ehondo dzake. Vose vakati mboya mboya pasi, pfuti namapfumo namakano zvaradzikwa pasi.

'Nehanda wati mutsai chimurenga nemhandu dzavachena dzakauya noudzvinyiriri, norushusho, norusaruraganda muno munyika. Wati vari kumhepo vachakutsigirai, naizvozvo, musatye mhandu. Asi vati musaite ruchiva rwokutora nhumbi nezvinhu zvavachena, nokuti zvanzi zvakan'ora. Vasimbisa kuti musi wamunotyora murairo uyu, ndoomusi wamuchaoneswa tsvuku.'

Vose vakateerera. Kagubi akafambira mberi, akati, 'Mweya wehondo wechimurenga, wezitateguru redu, Murenga Sororenza Pfumojena, watove kwese kwese: KwaMashayamombe kwandiri kubva naMkwati, kwaMurehwa kwaMangwende, kuGoromonzi kwaChikwaka naNyandoro, kuChishawasha kwaChinamhora, kwaChihota, dakara kundobata kwaMakoni nokuManyika kwaMutasa, changove chimurenga chete. Zvino kana mobvunzwa navachena vachikuonai mumateve ehova muine pfuti, vachati muri kuendepi, munopindura muchiti,

tiri kundotsvaga matapi. Asi kana vokubvunzai muri mumakomo, munoti tiri kundovhima mhungu chena dziri kupedza mombe dzedu.'

Nokudaro, vose vakadyiswa mishonga ine ndudzo yakuvasoka ukari sembwa dzevhimiso, zve nokuvadzivirira kumabara nembumburu dzepfuti dzaizonaya muhondo.

Mkwati akapupurawo achiti, 'Ndiani zvino achamira pamberi pedu isu takakombwa kudai nemidzimu yedu, nenhoo dzemuko wendudzo wakabva kuDande?' Vose vakapindura, 'Hapana!'

Ndizvo, mweya wechimurenga wakamuka sechinyamumhupuri, kana semoto unopisa sora resango, ndokupararira nenyika yose yavaMbire. Mumwedzi weChikumi, mugore ra-1897, vaMbire avo vaishevedzwa kunzi MaShona navaRungu, vakavamba chimurenga.

Kagubi akaronga varwi vake nomugwagwa weMazowe mumateve aTateguru, naGwihwi, vamwe vakahwandira mumatombo epaChomkoreka, pedyo napachikoro chazvino cheMazowe Secondary School. VaRungu vaizoti vouya namakarichi avo aikwevewa nemanyurusi, vamwe vakatasva mabhiza, vachideva naTategura vachinanga kuJumbo nokumugodhi weAlice vaigosangana nepfuti dzavarwi vaive vakahwanda mumateve nomumatombo. Wainzwa dzongoti ndogo, iri pabhiza, ndogo, iri pamunhu, vose ririri-dhi, pakarepo. Chaisara chaive nomudzimu wacho, chokwadi! Yakanga yangove hondo yechimurenga kwese kwese dakara kumigodhi yeJumbo neAlice. Namazuva mashomanana, varwi vevaMbire vakauraya zana ravachena nerairaudzira, ndokusara Mazowe yose yachiti hwi, isisina muRungu.

VaRungu vakadzinganiswa dakara kuguta ravo reFort Salisbury, ndokusvikohwanda namasaga emavhu ainzi *laager*.

Kagubi akapembera akakombwa nendinde yamadzimai nevasikana vachipururudza norufaro, ndokuimba navarwi vake rwiyo rwehondo rwaiti:

Yowerere!
Baya wabaya
Yowerere!
Mukono unobaya dzose.
Yowerere!
Rova warova
Yowerere!
Mukono unorova dzose!

Norufaro rwokubudirira kwavakanga vaita, ngoma dzakadandaura, mhururu nemheterwa zvikarira.

# *Chitsauko 15*

VaRungu vachinzwa zvakanga zvaitika, vakaona tsvuku. Howman akakurumidza kukokera musangano wemakurukota ake, akati, 'Machinda angu, ropa romuzvarwa Pollard raparadzwa namagandanga aya ataitaura tichiti ari kutungamirirwa nomuroyi uya anonzi Nehanda. Kana navamwe vedu vanopfuura zana vatopondwa kare muruwa rweMazowe nehondo dzaNehanda. Ndapiwa simba nomutungamiri wedu, Leander Jameson, achibvumirana naCecil Rhodes, kuti tindoparadza pfumo raNehanda muMazowe.'

Tyndale Biscoe, mukuru wemauto, akati, 'Mauto angu izvozvi atokokotera kare zvombo zvokundorwisa vanhu vaNehanda. Naidzo nganunu dzedu dzichandovabvuridzabvuridza vagosara vave midzonga yenyama.'

'Neniwo, mapurisa angu ave kutogadzirirawo kusangana nemauto aDale,' Pannefather akadaro.

Howman akati, 'Iye mukadzi uyu anonzi Nehanda, anofanira kubatwa ari mupenyu, kana akafa, kuti tizomuranga kuno kudare redu rokuFort Salisbury.'

Pennefather akati, 'Musakanganwe kuti pane dzimwe

mhondi mbiri mugovero raNehanda dzatinofanira kuvhima zvakare. Wokutanga ndiKagubi anozvitunhidza achizviti Gumboreshumba, naMkwati, akatiza Bulawayo kwatakakunda hondo dzemaNdevere.'

Zvino vachena vakati vanzwa nokupondwa kwaPollard, navamwe vazhinji muMazowe, nokuMhondoro kwaMashayamombe, kuGoromonzi, kwaMakoni, nokwaNyandoro, vamwe vakaita kunge kutya, vamwe vakasokwa ukari. Vanhu veguta reFort Salisbury vakave manyama amira nerongo.

Mhasvi, uyo akanga ava mupurisa mukuru wavatema, akachimbidzotiza basa rake nepfuti yake, odzokera kuShaarunzwi kundoyambira vamwe vake kuti vaRungu vaminama, midzimu yadimura mbereko, achivaruma nzeve.

Mufundisi weRoma Katorike, muPristi, Father Richartz, akati, 'Makurukota anodiwa, hondo ihondo zvayo, asi chikuru kutaurirana navatema venyika ino.'

'Wati chii? Kutaurirana nemhondi dzavatema? Chadzinoziva chii, vanhu vasina nokumbofunda kwese, zve vari pasi porushambidziko rwedu?' Howman akamuvirimira achidaro nehasha.

'Unopenga here kutaura uchidaro? Asi wava kuda kuti tipedzwe navatema avo vanoisvofarira kudeura ropa?'

'Ndikasataura zverunyararo nokuwadzana — rinove ndiro basa rangu rakatsvemerana neVhangeri raKristu — ndinenge ndatsaudzira pazvitsiidzo zvandakapikira.'

'Kana zviri izvo zvawakavinga kuno tichakudzosera kuJeremani ikoko utisiye nenyika ino yedu yatakazviwanira noruzivo rwedu,' Howman akamupindura nehasha.

Mumwe ainzi Fairbairn, uyo akanga ari mumusangano iwoyo, akatsinhira mazwi aRichartz, achiti, 'Hondo haisiriyo inopedza gakava. Tinofanira kutsvaga Mhasvi

maMutsakadzi kuti vave vaturikiri vedu kumadzishe, Hwata naChiweshe, nesvikiro raNehanda, kuti tiwane nzira yatingamise kunzwanana nokushandirapamwe navo.'

'Kana newewo Fairbairn, wave kurotomoka. Hapana nhaurirano yatingaite navatema vasina chavanoziva, zve, varatidza kare kusada kunzwanana nesu nokuvamba hondo,' Biscoe akadaro.

'Vane chikonzero.'

'Chei?'

'Chokuti vari kunyunyuta namabatiro atiri kuvaita. Munhu munhu, kunyange asina kufunda. Kumushaisa unhu nokumupa hudzvinyiriri haangashaye kuzviona.'

Howman akati, 'Hunhui hungapiwe vanhu vakadzikira zvakadai? Kuvabata sevanhu kungave kurerera nyoka mumurara inofuma mangwana yotiruma nokuti haina chainoziva.'

Nokudaro, muPristi E. Biehler, wechiJeremani weRoma, aivepowo, akati, 'Kufunga kwavatema hakusi kwehunhu. Ndokwevana vaduku. Ndakakudziida kare ini ndichigara navo. Vanhu ava vanofanira kurangwa zvakaoma nokudziidziswa kuteerera isu vachena nokuona kutonga kwedu kune simba kwatiinako. Tikasaratidza simba kwavari tichatsikirirwa navo nokudzorerwa pasi poupenyu hwavo hwakadzikira.'

'Unodii kuvaparidzira Vhangeri rerudo noruwadzano zvauri muPristi kudai?' Richartz akamubvunza.

'Nokuti hapana Vhangeri rinodzika midzi pavanhu vasina kudziidza, vanonamata midzimu. Chokutanga, ngavakundwe, vagodziidziswa chiKristu netsika namagariro edu ane hunhu kwahwo.'

'Haunzweka! Uku ndiko kutaura kwechokwadi kwatiri kunzwa. Kwete kwevatengesi vanoti titaurirane nemhandu

dzavatema dzinoyera ugamba neropa,' Howman akatsinhira namazwi aya.

Mugore ra1897, hondo yechimurenga yakafambire mberi. Vachena vakaoneswa tsvuku chaiyo. Hakwainge kufa nokuurayiwa kwakadaro! Vaikwikwinhiswa kudzamara kusvika kumaperere eFort Salisbury, vatema vari kupisa semoto. Chaisara chaive nomudzimu wacho.

Howman akachema achiti, 'Toita sei papfumvu yakadai? Mauto edu aita mashoma, tawandirwa navarwi vevatema. Tichakaropedzwa isu tose nemhuri dzedu. O, Mwari, tinzwirei tsitsi pakati pemhandu dzatikomba.'

'Ngatitumirei shoko kuna Cecil Rhodes kuti atitumire mamwe mapoka emauto kubva kuSouth Afrika kuzotibatsira,' Biscoe akadaro.

'Ko, zvavari kurwisana namaBhunu tingawane here rimwe govero ringauye kuno?'

'Kana varipo vanenge vakwanisa kubva kuHingirande vangauye zvavo, Biscoe,' Howman akarumba neshungu.

Chimurenga chakapisa semoto unopisa sora. Ndipo Kagubi naMkwati vakaimbisa vanhu veruwa rweMazowe vachipembera norufaro, vachiti:

Wakarigona Mashayamombe
Akati mhungu chena
Ngaiurayiwe.

Nehanda achinzwa nokubudirira kwakanga kwaita Kagubi naMkwati muhondo, namadzishe emamwe maruwa, akakokera bira rokupemberera ugamba hwavanhu.

'Mwoyo wangu unofara nebasa ramakaita, vanhu vokwedu, muchitungamirirwa naKagubi pamwe naMkwati,' Nehanda akadaro.

'Ndakakutaurirai kuti mukateerera murayiro wangu

muchabudirira. Honai zvino, hamusisina nemhandu kana imwechete zvayo muMazowe, dakara kusvika ku-Mandave. Vari kumhepo vanzwa chichemo chedu. Naizvozvo, ndichakuurayirai mombe dzebira rokukudza ugamba hwenyu nokupembedza mabasa ose oumbirimi hwamaita.

Vanhu vakauya pabira vakadya, vakanwa, vamwe vakararadza, kukararotambwa ngoma dzichidandaura kuridzwa. Vana mashave vakasvikirwa, kana Kagubi, naMkwati naNehanda pachavo vakapoterwa nemhondoro dzavo.

Pazuva rakazotevera, Nehanda akamuka mweya wake huri utsi. Achitarisa vanhu vake, akati, 'Ko, izvi zvandiri kuona zvabvepi?'

'Zviri zviiko, Mbuya Nehanda?'

'Izvika izvi, Kagubi, zvinoti chuma, munyu, mapanga, nhumbi dzavaRungu, nokudya kwavo kwomumagaba, nezvokudyira zvavo. Handiti ndizvo izvi zvandakakuyambirai kuti musazvitore? Imi Hwata naChiweshe, chii chamakaita pamurayiro wangu?'

Kagubi akati, 'Kukanganisa kwevana venyu, mhanduwe. Ngaisiye matambo.'

'Aiwa. Kuregerera hakusi kwangu. Ndokwevari kumhepo. Ini ndaingove nhumwa bedzi. Zvino honaika vana vangu! Makatangisa zvakanaka asi zvino magumisa nokuipa. Vari kumhepo vatsutsumwa nezvamaita. Musikanzwa wenyu wakuzvarirai chimwandamwanda. Chionai zvino zvinotevera hazvingatisiye mauya. Gadzirirai nyatwa dzichauya kwamuri nokuvana venyu. Honaika, musikanzwa unomubayiro wawo, wakumutsirai chidembo chichakunhuhwirai.'

Vakati vachangunokudaro, Mhasvi akasvika napagu-

ngano iro akati kuna Nehanda, 'Mbuya Nehanda, ndauya neshoko rinoti gadzirirai hondo huru yavachena iri kuuya.'

Kagubi akati, 'Ticharwiswa naniko isu takakurira kare mhandu dzedu muno muMazowe?'

Mhasvi akati, 'Vakuru vangu, hamuna kunzwa here kuti vachena vakatumirwa mauto kubva kuHingirande anopfuura mazana mashanu? Vanonzi kutaura kuno, vatove muguta ravo, nepfuti dzavo, nenganunu dzinorutsa moto, nezvombo zvinokosha zvehondo. Mutsakadzi, uya akatiza kubva pano, noruzhinji rwavatema, vatove kare kurutivi rwavachena kuzorwisa hama dzavo. Tatengesana pachedu, mhanduwe. Ndiyo yatove firo yorudzi rwedu. Ndati ndizokuchenjedzai pane zviri kuuya.'

Nokudaro, zvechokwadi, vachena vakauya nehondo dzavo dzaive navatema vazhinji mukati madzo, vakarwisa vatema muMazowe. Kagubi akaedza kumira navarwi vake vokwaHwata novokwaChiweshe; Diura akateura midzimu yake. Vakarwa sevarume, semvumba chaidzo. Asi vakakurirwa nezvombo zvavachena zvairutsa moto noutsi; zvifefe, nenganunu dzaindunduma, vanhu vakadziti chindunduma. Izvi zvakapedza vanhu vevaMbire, ndokusara rangove gatakata namapani namakomo enyika. Kana ndudzo yavaimboti inovadzivirira, yakatadza kuita basa rayo nokuti vakanga vatyora muko wayo. Ndipo pakafira Mkwati apinda mubato remhandu, ourayiwa navatengesi vevatema.

Nehanda akati kuvanhu vake, 'Siyai misha yenyu muende kundotsvaga chipotero mumakomo eShaarunzwi, eManangate, neeMbeve.'

Vanhu vakaita izvozvo, vakaparara misha ikasara yave matongo. Hondo dzaanaTyndale Biscoe naPennefather dzakavatevera nokuvadzinganisa mumapako emakomo iwayo umo mavakanga vahwanda. Varimo, vachena navarwi vavo vevatema, vakaboora mwena mumatombo

emapako, vakaisa madheremete, ndokuatungidza moto. Akadhuuka akaparadza matombo nokukuvadza nokuuraya vanhu vazhinji nezvipfuwo zvavo. Ndipapo pakafa mhuri yeMbire iyo yavaiti maShona. Vanhu vakachema vari mumapako vachiti, 'Honaka, Nehanda! Mhuri yako yoparara neriri pfumojena rakauya munyika. Vana vedu, nezvipfuwo zvedu, zvazangazika. Toenda kupi kwatingapotere? Ko inga midzimu yedu yadimura mbereko, baba iwe Shava!' Vamwe vaibatwa vachirohwa, vamwe vachiiswa makechemu nemabhurakwacha evanhu.

Vakati vanzwa kuti Mashayamombe namamwe madzishe, vabatwa, kana kuzvipira kuvachena, Nehanda akaona pasisina ruyamuro. Akasiya musha wake paChitora, muShaarunzwi, ndokutizira kuMandave kwakanga kwabva mweya wake. Kagubi akati anzwa kuti Nehanda haasisimo muMazowe, naiyewo akaunganidza vana vake nezvinhu zvake zvose, ndokunangawo naikoko kuMandave kwaive kwatizira Nehanda.

Vachena nenhunzvatunzva, madzakutsaku avatema, vakasvika nepaShaarunzwi vachitsvaga Nehanda naKagubi. Vakati vavashaya, vakapisa misha yose vakadzinga vatema vachivaendesa kumatunhu ekuChamhembe kure nenyika yeHarare. Ndimo dzose dzaive dzakakosha, namafuro akanaka emombe, zvakabva zvatorwa navachena, mhuri yavaMbire yodzingirwa kumatunhu ari kure.

Mutsakadzi naMusaruro vakaenda kuvaRungu vakasvikoti, 'Tinoziva kwakatizira Nehanda naKagubi.'

'Ndokupi?' Howman akabvunza.

'KuDande, kwaNyakotyo, kwatinobva. Ndiko kwakabva mweya waNehanda zvakare. Handei tinokuratidzai kwavari.'

Ndizvo vakaendwa navo kuDande, vakasvikobata Nehanda naKagubi vodzoka navo vave mabhanditi.

Vakapfigirwa mujeri guru romuFort Salisbury umo maive muina Mashayamombe, Chipuriro, Zindoga, Hwata naGutsa navamwewo vazhinji, vari mabhanditi ehondo.

# *Chitsauko 16*

Pakutangisa kwomwedzi weKurume, mugore ra1898, Nehanda naKagubi, namamwe magamba echimurenga, vakanga vatova mujeri guru romuSalisbury. Ndiro jeri rakatarisana nomugwagwa weSamora Machel muguta idzva ranhasi reHarare. Hwata naGutsa vakaripirwa muripo vakabudiswa mujeri. Asi Nehanda akapomerwa mhaka yokufa kwaHenry Hawkin Pollard, uyo ainzi Kunjaira navatema, ari Mudzviti paMandasi muMazowe. Nehanda akanzizve, ane mhaka yokumutsa chimurenga. Kagubi akanziwo aive achatongerwa mhaka yokumutsa chimurenga pamwe naNehanda.

Nomusi wa8 Kurume, mugore ra1898, Nehanda naKagubi vakamiswa muDare Guru pamberi poMutongi, Justice P.L. Watermeyer. Uku ndokwaive kutongwa kwokutanga. Gweta raivapomera mhaka rainzi H.H. Castend, rakamirira Mambokadzi, Queen Elizabeth I, weHingirande. Asi Nehanda naKagubi vakaita umbimbindoga, vasina gweta raivamirira pamhaka iyi yaive yakakosha kudai.

Nomusi wa2 Kubvumbi, mugore iroro ra1898, Dare

Guru rokugumisa rakamiswa kuongorora nokupa kutonga kwemhedziso kuvasungwa ava vaviri:

MUPOMERIMHAKA (*Achitaura kuMutongi*): Dare rino, changamire, ramiswa kuongorora mhaka yokufa kwa-Mudzviti, Henry Hawkin Pollard, uyo ainzizve Kunjaira, navatema. Kechipiri, kuongororazve nenyaya yechimurenga. (*Kuna Nehanda*). Iwe, zita rako unonzi ani?

NEHANDA: Ndinonzi Charwe.

MUPOMERIMHAKA: Uri mwana waani?

NEHANDA: WokwaHwata.

MUPOMERIMHAKA: Ko, zita rokuti Nehanda Nyakasikana wakariwana sei?

NEHANDA: Izita regombwe.

MUPOMERIMHAKA: Chii chinonzi gombwe?

NEHANDA: Izita renhaka, romudzimu, rakabva kumuzukuru wezitateguru redu, Murenga Sororenzou Pfumojena, asi iye ari mwana waChaminuka wepasi chigare.

MUPOMERIMHAKA: Wakariwana sei?

NEHANDA: Ndakaita zvokupoterwa naro, handina kuzvipa.

MUPOMERIMHAKA: Pakamboita here vamwe vaNehanda shure kwako?

NEHANDA: Hungu, vakambovepo vanoverengeka.

MUPOMERIMHAKA: Ungatiudzewo here mazita avo?

NEHANDA: Handingaazive sokuti nguva yareba. Asi wandakagamhidzana naye ndi-

Nyamita, mwanasikana waMhutsa wokwaRwizi, kuChitungwiza.

MUPOMERIMHAKA: Pachazove here navamwe va-Nehanda mberi kwako?

NEHANDA: Ndinovimba kudaro, sezvo riri zita regombwe haringamirire paneni chete.

MUPOMERIMHAKA: Basa rako nderei?

NEHANDA: Sebotedzi kana kuti svikiro ravadzimu, basa rangu kufembera zvinouya, kuyambira vanhu nezveupenyu hwavo, nokuvachengeta, nokunaisa mvura.

MUPOMERIMHAKA: Hausi mweya wehondo here iwe?

NEHANDA: Kwete, handisi mweya wehondo ini. Murenga, wandakutaurirai kare, ndiye aive nomweya wehondo.

MUPOMERIMHAKA: Ko, murume ainzi Pollard, kana kuti Kunjaira, waimuziva here?

NEHANDA: Hungu, ndaimuziva.

MUPOMERIMHAKA: Zvinonzi iwe Nehanda, wakabvumira vanhu vako, vanaZindoga, Hwata, naGutsa, kuti vaponde Kunjaira.

NEHANDA: Handizvizive izvo zvamaakutaura.

MUPOMERIMHAKA: Unonzi wakati endai mundomuurayira kunze kwomusha, handidi ngozi yomutorwa mumusha mangu.

NEHANDA: Handina kudaro. Ndiani wakakutaurirai? Zve muRungu haana ngozi. (*Mupomerimhaka anonongedzera kuna Mutsakadzi kuti ataure*)

MUTSAKADZI: Nehanda anonzi ndiye akapa mvumo

kuna Zindoga, Hwata naGutsa kuti vaponde Kunjaira.

NEHANDA: Unotaura nhema, iwe. Wakanga uripo here pazuva razvakaitika?

MUPOMERIMHAKA: Titaurire kuti wakati chii.

NEHANDA: Ndakati, 'Endai naye kunze kwomusha mundomurangira ikoko. Handidi ngozi yomutorwa muno mumusha mangu.'

MUPOMERIMHAKA: Ko, zvaireveiko kuti endai naye kunze kwomusha mundomurangira ikoko, handidi ngozi yomutorwa muno mumusha mangu?

NEHANDA: Kuranga kuri pazhinji, changamire. Kungave kurova, kutuka, kusungirira munhu pamuti zuva rose, kana usiku hwose, kusunga munhu mbira dzakondo, kunyima kudya, kana kuuraya. Asi zvamave kundipomera izvi zvave zvenyu, kwete zvangu.

MUPOMERIMHAKA: Wakaitei nemhondi pawakanzwa kuti dzauraya Kunjaira?

NEHANDA: Handina kuzviziva, kana kuzvinzwa ini. Ndakatozozvinzwa atove mazuva zvobuda sorunyerekupe.

MUPOMERIMHAKA: Wakaitei wazvinzwa?

NEHANDA: Ndaigoitei nevana vangu vakanga vasina kubvuma zvavakanga vaita pamberi pangu?

MUPOMERIMHAKA: Nenyaya yechimurenga, unonzi ndiwe wakakonzera kuti chivepo.

NEHANDA: Izvo zvamavekutaura ndezvenyu. Ini ndiri svikiro chete. Changu kuta-

ura zvinenge zvareva vari kumhepo. Mureza wehondo ndowaMurenga. Kwete, wangu.

MUPOMERIMHAKA: Svikiro ndiwe. Zvaunenge wataura zvinobva mukanwa mako. Naizvozvo mhaka ndeyako.

NEHANDA: Ini handina kukumbira svikiro ra-Nehanda kuti riuye pana Charwe mwanasikana waChitauro. Zvakafadza midzimu yedu kundisarudza. Asi ini ndiri homwe chete, svikiro romudzimu, regombwe. Zvandinotaura zvinobva kune vari kumhepo. Ndivo vamungatopomera mhaka iyi. Kwete, ini.

MUPOMERIMHAKA: Iwe unonzi uri muroyi. Ndizvozvo here?

NEHANDA: Iyeni ndichinzi ndiri muroyi? Nani? Wandakaroya ndiani? Asi maakundipengera? (*Kubvira ipapo Nehanda haana kuzoda kupindura mibvunzo zvakare*).

MUPOMERIMHAKA: (*Kuna Kagubi*) Unonzi ani, zita rako?

KAGUBI: Ndinonzi Kagubi Gumboreshumba.

MUPOMERIMHAKA: Sei uchizviti Gumboreshumba?

KAGUBI: Iri izita regombwe, rezitateguru redu randakapiwa pakupoterwa kwandakaitwa nomudzimu.

MUPOMERIMHAKA: Wakaberekerwa kupi? Uri mwana waani! Zve, wakakurira kupi?

KAGUBI: KwaChinamhora, ndiri mwana wa-Machengo, Mushawasha, weShava

Murehwa, ndakakurira zvangu kwa-Mashayamombe.

MUPOMERIMHAKA: Zvinonzi iwe naNehanda, muri vaviri, ndimi makatangisa chimurenga. Unobvuma izvi here?

KAGUBI: Mhinduro yangu inenge yaNehanda. Ini ndiri svikiro homwe yomudzimu waKagubi. Ndinoyambira vanhu zvinenge zvataurwa navari kumhepo. Hazvisi zvomumusoro mangu.

MUPOMERIMHAKA: Sei wakaenda kwaNehanda? Wakandotaurei naye?

KAGUBI: Ndakaenda kundotsvaga mazano okuita panhamo yatakanga tawirwa nayo, ini nevanhu vangu.

MUPOMERIMHAKA: Iri nhamo yei?

KAGUBI: Yokushushwa kwaiitwa vanhu vedu navaMudzviti.

MUPOMERIMHAKA: Makabvumirana kuti chii?

KAGUBI: Takabvumirana kuti vanhu vatakaurayira mombe, tikavaitira bira rokuvagamuchira nokuvapemberera zvakanaka, nhasi vave kutidzipa huro namajoto, nokutirwisa. Ngatizvidzivirirei kumhandu dzedu.

MUPOMERIMHAKA: Asi chimurenga chakabva nokwamuri!

KAGUBI: Kwete! Isu tinoti chakabva nokwamuri. Isu taingozvidzirira bedzi kusora kwamakanga matiita.

Shure kwenguva yakati, Mutongi Mukuru, Watermeyer, akauya akasvikoti kune veDare, 'Dare rino, richimirira

Mambokadzi wedu, Queen Elizabeth I weHingirande, richitsigirwazve naChangamire A. Milner, Komishina Mukuru, rashaya chikonzero chokusapa musungwa mhaka. Ndizvozvo, dare rabata Nehanda Nyakasikana nemhaka yokuurayisa Henry Hawkin Pollard, uyo ainzizve, Kunjaira, pamwe nokubvumira kuvambwa kwehondo yechimurenga.

'Dare rino, zvakare, richimirira Mambokadzi wedu, Queen Elizabeth I, richitsigirwazve naChangamire A. Milner, Komishina Mukuru, rashaya chikonzero chokusapa uyu musungwa mhaka, rabatazve Kagubi Gumboreshumba, nemhaka yokumutsa hondo yechimurenga. Naizvozvo, ava vari vaviri, vatongerwa kufa vachisungirirwa padanhiko rokufa vachirembera nomutsipa. Izvi zvichaitwa mangwanani a27 Kubvumbi, 1898. Mwari ave nemweya yavo.'

Mwedzi haina kutana kufamba. Zuva rokusungirirwa kwavo rakakurumidza kusvika. Rima rakakwidibira, nezuva rikange risingavheneke. Rakawana Nehanda akanyarara asingadi kutaura nomunhu mukakamuri kejeri. MuPristi Richartz, akachimbidzoyeuka vasungwa ava kuti andovapa mazwi orunyararo nookuvasimbaradza vasati vafa. Akapinda mukamba kejeri kaive naNehanda, ndokumuwana akati zi-i, riri bute nerima rokusuwa.

'Mbuya Nehanda,' muPristi akadaro, 'mungade here kugamuchira rubhapatidzo runoera muna Jesu Kristu kuti zvivi zvenyu zvishambidzwe nokuregererwa naMwari wedenga?'

Nehanda haana kupindura. Akaramba akati mwi-i.

MuPristi akapamhidzazve mazwi oruponiso asi, sepakutanga, Nehanda akaramba akaringisa rutivi asina hanyn'a. Shure akapindura oti, 'Ndine zvivi zvei zvandakaita? Handina chandakatadzira munhu. Upenyu hwangu hwose

ndakaedza kubatsira vanhu nokugara murunyararo. Zvino ndaakuenda kumadzitateguru angu ndiri mutsvene, ndisiri mbavha, kana mhondi.'

'Unoda here kugamuchira chitendero chaKristu?'

Nehanda akati, 'Chitenderoi ichocho chine vanhu vari kundisungirira padanhiko rerufu? Ndiregei ndakadaro. Endai nechitendero chenyu ichocho chinourayisa vanhu.'

Achiona kuomarara kwemwoyo waNehanda, muPristi akamusiya oenda kukamba kaive naKagubi.

'Mudiwa Kagubi, ungade here kugamuchira rubhapatidzo runoera muna Jesu Kristu kushambidzwa zvakaipa zvako muropa dzvene reGwayana?'

Kagubi akambomupa gotsi.

Asi muPristi akati ataurazve, Kagubi akabvuma kugamuchira rubhapatidzo rwechiKristu.

Achifemba bute rake, Nehanda akaendeswa kudanhiko rokusungirirwa raive ramiswa namaKristu. Akanga ava ega. Vose vaye vaichimbomutunhidza samambokadzi nomutungamiri wavo murunyararo, nomuhondo, vakanga vamudzvamuka. Hapana kana nomumwe chete zvake akaedza kumurwira, kana kutsvaga rusununguko rwake. Nehanda akamira sambimbindoga pauzhinji hwavateveri.

Mhondi yakasungirira chishwe muhuro maNehanda, ikaedza kuraura chidhibhu. Asi chakatadza kushanda. Mhondi nomupurisa aivepo vakashama. Ipapo Nehanda ainokufemba zvake bute rake. Izwi rakati kumusungiriri, 'Edza zvakare.'

Mhondi yakaedza kuraura chidhibhu chiya, asi chakatadza zvakare kushanda. Vakashama nokushama. Nehanda akaramba achifemba bute refodya yake.

Ipapo Nehanda akataura oti, 'Hungu, muri kuda zvenyu kuparadza upenyu hwangu, nomuviri wangu. Asi zivai kuti mapfupa angu achazomukazve nesimba rehondo huru

kuparadza vavengi vangu vari kundimukira nhasi uno. Midzimu yedu inoramba kuti nyika itorwe navatorwa. Tarisai, kunyange mberi kwangu kune rima, asi richazobuda zuva guru rorumuko rwemapfupa angu nokuzozadza nyika ino nomukurumbira wevanhu vangu.'

Mhondi, navaivepo vakashaya zvazvaireva vachinzwa mazwi akadai.

'Tinoita sei naNehanda? Hazvisati zvamboitika kwandiri makore ose aya andashanda pano.'

Mupurisa aive amirepo, akati, 'Vabvutirei fodya yebute iyo yavari kufemba, muchaona zvinoitika.'

Nechokwadi, vakati vavatorera bute riya vakatoona chidhibhu chiya chotorauka, ndiye huro yaMbuya Nehanda kwi.

Asi kuna Kagubi hazvina kunetsa. Chidhibhu chakarauka nenguva imwe cheteyo.

Vachena, vachitya kuti mweya yavo ingamuke masvikiro zvakare, vakavaviga mumakuva akavandika asina ani akaziviswa paaive ari.

Vachinzwa nokufa kwaNehanda naKagubi, vachena vose vakafara zvikuru. Vakaita bira rokudya nokunwa kufarira kuwa kwegamba raKagubi.

MuPepanhau ravachena romuSalisbury, rainzi *Nugget*, vakapemberera kufa kwaKagubi nedetembedzo rinotevera:

Ko, inga mbiri yegamba yaparara!
Noumhondi hwaro hweropa, hwapera.
Vakadzi namadzimai ake vachadya uswa,
Tenzi wavo waparara nesimba rake rapera,
Nokutonga kwake kwaguma, sokudoka kwezuva,
Asi pasina kubuda zvakare.

Ko, inga mbiri yegamba yaparara!
Endai munomuona mujeri maari,

Haasisina ndarira, kana mazango,
Kana noukuru hwake hwapera.
Mubhanditi zvake amirira rufu,
Angove seruva risisina runako,
Rinokura mujecha ramasawi.

Imi mune hama dzakaurayiwa,
Tarisai muone mhandu yenyu.
Shamwari dzenyu mhenyu dzisakanganwe rutsivo rwavo,
Sokuziva, kwatove navamwe vavo.
Zvino chizvarwa chitsva, ngachizive
Kuti Mambokadzi, Queen , achave ndiye mutongi.

Ndiko kuparara kwakaita ropa rembirimikadzi, Charwe, uyo aive svikiro raNehanda Nyakasikana, nesvikiro regamba guru raKagubi Gumboreshumba.

Zvino mweya waNehanda hauna kurova, asi kuti wakaramba uchipotera pamadzimai anenge VaMarevasei naVaMarumbi, vose vari vokwaMusami. VaMarumbi vakazotama voenda kwaChiweshe, kuMazowe, napamusaka pegakava rakanga rave pakati pavo. Nenguva dzechimurenga chemakore a1960–80, mumwewo mudzimai akafamba navarwi vevatema achizviti ndiNehanda.

Vachena havana kumborota zvavo kuti, zvechokwadi, mapfupa aNehanda achazomuka kuve hondo huru chaiyo yaizotsiva rufu rwake nokutora zvakare nyika yemadzibaba avo, nokuzoimba nziyo itsva dzechimurenga dzaizopembedza Nehanda, Kagubi navamwe varwi, nhangaruvanze dzemagamba eMbire muZimbabwe itsva yakasununguka.

**MWEYA WANEHANDA**

**Solomon Mangwiro Mutswairo, chizvarwa choku-Mazowe, anotorwa noruzhinji semhare yakavhura gwara rezvinyorwa zvavatema muZimbabwe.**

***Feso,* (Oxford University Press, 1975), bhuku rake rokutanga, ndiyo nganonyorwa yokutanga-tanga mururimi rwechiShona. Mutswairo munyori wemabhuku ane chitsama, mamwe acho ari muchiRungu. Akanyorawo nhetembo, kusanganisira nhetembo dzevana.**

**Parizvino Mutswairo ari paUniversity yeZimbabwe apo paari kudzidzisa chiShona.**

**Nhoroondo iyi yakaumbwa kubva munhoroondo dza-anasekuru, dzematambidzanwa, nomuzvinyorwa zve-nhoroondo yenyika yeZimbabwe. Mairi munobudawo rondedzero yokwakabva mweya waNehanda, namasvi-kiro akatambidzana mweya uyu—kusvika pasvikiro raNehanda Nyakasikana, iro rine nziyo dzinoimbwa no-ruzhinji munyika yeZimbabwe.**

**This is a smooth reading, highly inspiring historical novel which expertly fuses traditional folk-lore and written historical narratives in a way only Mutswairo's inspired pen can do.**

modern writers

**The College Press**